

Rapò Sou Sitiyasyon Dwa Moun An

# Ayiti



OEA/Ser.L/V/II.  
Doc. 358  
30 de agosto 2022  
Original: español

Komisyon Entè-Ameriken Pou Dwa Moun

# Rapò Sou Sitiyasyon Dwa Moun An Ayiti

2022

Aprobado por la Comisión Interamericana de Derechos Humanos el  
**30 de agosto de 2022**

**OAS Cataloging-in-Publication Data**

Inter-American Commission on Human Rights.

Rapò Sou Sitiyasyon Dwa Moun An Ayiti: apwouve pa Komisyon entèameriken pou Dwa moun sou 30 out 2022. / Comisión Interamericana de Derechos Humanos.

p. ; cm. (OAS. Official records; OEA/Ser.L/V/II)

ISBN 978-0-8270-7700-3

1. Human rights--Haiti. 2. Civil rights--Haiti. I. Report on the Situation of Human Rights in Haiti: Approved by the Inter-American Commission on Human Rights on August 30, 2022. II. Series.

OEA/Ser.L/V/II. Doc.358/23.

# KOMISYON ENTÈ-AMERIKEN POU DWA MOUN

## **Manm**

Margarette May Macaulay

Esmeralda Arosemena de Troitiño

Joel Hernández

Edgar Stuardo Ralón Orellana

Roberta Clarke

Carlos Bernal Pulido

## **Sekretè Egzekitif**

Tania Reneaum Panszi

## **Sekretè Egzekitif Adjwen pou Siveyans Dwa Moun, Pwomosyon ak Koperasyon Teknik**

María Claudia Pulido

## **Sekretè Egzekitif Adjwen pou Sistèm Afè ak Petisyon**

Jorge Meza Flores

## **Ak kolaborasyon:**

Pedro Vaca Villarreal, Rapòtè espesyal pou libète ekspresyon

Soledad García Muñoz, Rapòtè espesyal pou dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl epi anviwonmantal (DESCA)

# ENDÈKS

<b>REZIME RAPÒ A</b>	<b>7</b>
----------------------	----------

---

<b>CHAPIT I.   ENTWODIKSYON</b>	<b>13</b>
---------------------------------	-----------

A. Remak jeneral ak objekt	14
B. Kontèks	16
C. Metodoloji Ak Estrikt	18

---

<b>CHAPIT II.   INSTITUTIONS DÉMOCRATIQUES EN HAÏTI</b>	<b>20</b>
---	-----------

A. Enfòmasyon Jeneral Ak Kontèks	21
B. Tansyon Politik Ak Kriz Lejitimite Pouvwa Yo An Ayiti (2018-2021)	24
C. Ansinay E Defi Enstitisyonèl Pou Gouvènman Enterimè A (Koumanse Jiyè 2021 Jouk Jounen Jodi A)	29

---

<b>CHAPIT III.   SEKIRITE SITWAYEN YO</b>	<b>35</b>
---	-----------

A. Konsiderasyon Jeneral	34
B. Faktè Ki Lakòz Ensekirite Sitwayen Yo	37
C. Ogmantasyon Zak Vyolans (2018-2022)	41

---

<b>CHAPIT IV.   DWA EKONOMIK, SOSYAL, KILTIRÈL AK ANVIRONNMANTAL AN AYITI</b>	<b>51</b>
---	-----------

A. Kontèks Desca Yo An Ayiti	52
B. Lamizè Ak Inegalite An Ayiti	53
C. Dwa pou lasante ak faktè sosyal ki gen enpak sou li	55
D. Katastwòf Natirèl, Ijans Klimatik Ak Dwa Imen Pou Jwenn Dlo	56

---

**CHAPIT V. | LIBÈTÉ LAPAWÒL** **59**

---

- A. Ansasinay Journalis Ak Enpinite 60
- B. Atak, Menas Ak Entimidasyon Kont Journalis Ak Medya Yo 64
- C. Disponiblite Enfòmasyon 72

---

**CHAPIT VI. | DEPLASMAN MOUN** **74**

---

- A. Konsiderasyon Jeneral Sou Deplasman Sitwayen Ayisyen Andedan Peyi A Ak Nan Lòt Peyi 75
- B. Deplasman Andedan Peyi A 77
- C. Deplasman Sitwayen Ayisyen Ak Fanmi Yo Nan Lòt Peyi 81

---

**CHAPIT VII. | KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON** **88**

---



---

## Rezime Rapò A

## REZIME RAPÒ A

### Enfòmasyon jeneral

1. Pandan plizyè dizenn lane, Komisyon entèameriken pou Dwa moun (Komisyon osnon CIDH) mete sou pye yon sistèm siveyans sityasyon dwa moun an Ayiti . Depi 1968, CIDH pibliye uit rapò sou peyi a; sèt ladan yo te egzamine sityasyon dwa moun an Ayiti<sup>1</sup>, aloske rès la te analize kouman la jistis fonksyone an Ayiti<sup>2</sup> . Pandan deseni 2010 la, peyi a sibi konsekans yon pwosesis manch long retablisman demokrasi a apre diktati Duvalier a ki te dire apeprè 30 lane, soti 1957 rive 1986. Se kon sa tou pandan peryòd sa a, demokrasi a vin ap pèdi pye chak jou pi plis aloske prezidan yo pa rive fini manda yo poutèt koudeta<sup>3</sup>.
2. Koumanse an 2018, Komisyon an tanmen yon siveyans espesyal sityasyon dwa moun an Ayiti. Li konstate pwofondè kriz ekonomik, politik ak sosyal, ansanm ak kriz demokrasi enstitiyonèl peyi a ap viv, sityasyon ki pote konsekans grav ki anpeche Leta an jeneral pwoteje dwa popilasyon ayisyen an kòm sa dwa.
3. Nan kontèks sa a, nan dat 29 fevriye 2019, CIDH anonse kreyasyon yon Selil kowòdinasyon ak repons regilye e entegre (SACROI an panyòl) ki anchaje egzamine espesyalman sityasyon dwa moun an Ayiti. Se kon sa CIDH la mete sou pye epi elabore yon estrateji espesifik pou peyi a pandan li chache kore dyalòg la ak enstitiyon Nasyonzini k ap opere sou teren an ansanm ak lòt aktè lokal, ògàn nasyonal pou dwa moun epi ak sosyete sivil la nan peyi a.
4. Objektif *Rapò sou sityasyon dwa moun an Ayiti*, se analize pwosesis ak sityasyon ki se lakòz kondisyon jwisans ak pratik dwa moun ap anvlimen nan peyi a, an patikilye, ak ogmantasyon ensekirite sitwayen epip enstablite demokratik nan peyi a depi 2018. Sityasyon sa yo devlope nan yon kontèks kote kondisyon sosyal ak ekonomik grav nan peyi a klase Ayiti pami peyi ki pi pòv nan rejyon Amerik la. Nan pèspektiv sa a, dokiman sa a kouvri peryòd 2018 la rive jen 2022 e li fokise sou tandans k ap jèmèn nan domenn dwa moun pandan peryòd sa a.

---

1

2

<sup>3</sup> CIDH, *Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti*, OEA/Ser.L/V/II.77.rev.1 Doc. 18 8 mai 1990; CIDH, *Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti* OEA/Ser.L/V/II.85 Doc. 9 rev. 11 février 1994 ; CIDH, *Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti*, OEA/Ser.L/V.88 Doc. 10 rev. 9 févrierFebrero 9, 1995; y CIDH, , OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36 2 mars 2008.



## Demokrasi enstitisyonèl

5. CIDH egzamine defi Ayiti rankontre nan jesyon demokrasi enstitisyonèl peyi a depi plizyè deseni. Nan kontèks sa a, gen yon pwosesis enstabilite enstitisyon yo ki vin devlope pi plis chak jou nan peyi a, kote gen diferan kalite baryè ki anpeche pouvwa lejislatif, egzekitif ak jidisyè a fonksyone kòm sa dwa nan listwa li. Espesyalman, depi peryòd diktati Duvalier yo (1957-1986), CIDH ap dokimante yon seri vyolasyon dwa moun ak move tretman nan kondisyon kote pa t gen demokrasi, kote te gen yon govènman otoritè e kote lalwa pa te bay garanti pwoteksyon<sup>4</sup>. Lè diktati a tonbe en 1986, CIDH pran nòt defi ki te poze pou bay lalwa jarèt nan yon moman kle pou evolasyon demokrasi enstitisyonèl la : i) fonksyonman govènman tranzisyon an ant 1986 e 1990, ii) koudeta militè an 1991; diktati ki vin tabli a jis 1994, epi 3) koudeta 2004 la<sup>5</sup>.
  
6. CIDH ap souliyen defi Ayiti ap rankontre nan jounen jodi a nan sa ki konsènen enstitisyon demokratik yo, se rezilta yon seri faktè estriktirèl enstabilite politik ak baryè k ap bloke konsolidasyon enstitisyon yo pandan dènye deseni sa yo. Koumanse an 2018 , CIDH remake de (2) faz konekte youn ak lòt ki defini dinamik enstitisyonèl ak politik peyi a. Premye faz la – ant 2018 rive nan mitan 2021 - montre kouman mouvman pwotestasyon sosyal yo t ap vale teren paske popilasyon an te move poutèt kondisyon ekonomik , sosyal ak politik yo, e poutèt jefò li t ap reyalize pou konsolide pwosesis eleksyon entitisyonèl yo atravè metòd kontestasyon. Moman ki pi kritik la, se te nan dat 13 janvyè 2020, lè manda 119 depite ak detyè senatè yo kaba. Sityasyon sa a vin fè Pouvwa lejislatif la pa gen kowòm pou fonksyone. Se nan kontèks sa a Pouvwa egzekitif la vin poze grapen sou fonksyon lejislatif yo atravè piblikasyon yon seri dekrè egzekitif. Desizyon sa vin ogmante tansyon yo nan peyi a e gen anpil kritik ki fèt sou longè manda Prezidan an. Dezyèm faz la koumanse nan dat 7 jiyè 2021, ak sasinay Prezidan Repiblik la, Jovenel Moïse. Zak sa vin anvlimen kriz politik, enstitisyonèl ak ekonomik peyi a. Pandan lòt mwa ki vin apre yo, nan chache kreye kondisyon pou yon gouvènans demokratik, gen jefò ki fèt pou fòme yon gouvènman *ad hoc* , tabli kontak ant aktè sosyete sivil la, epi fòmile pwopozisyon pou nonmen fonksyonè nan pozisyon ki te vid nan twa Pouvwa Leta a.

---

<sup>4</sup>Par exemple, dans: CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti OEA/Ser.L/V/II.21 doc. 6 (espagnol) Rev. 21 de mayo de 1969; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.46 doc. 66 rev. 1; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9 rev. 1

<sup>5</sup> CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9 rev. 1 7 septembre 1988; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.77 doc. 18 rev.1 8 mai 1990

## Sekirite sitwayen

7. Anvlimay sitiyasyon sekirite sitwayen nan Repiblik Ayiti reprezante yon defi istorik e konplike pou pwoteksyon ak jwisans dwa tout sitwayen nan peyi a. Pwoblèm sosyal, ekonomik ak politik k ap kontinye, ansanm ak feblès enstitisyon Leta ki anchaje frennen kòm sa dwa aktivite kriminel yo, se faktè ki reskonsab gwo nivo vyolans nan peyi a. Nan sans sa a, pami defi estriktirèl k ap peze sou Ayiti pou li garanti sekirite sitwayen li yo, se pou nou souliyen sila yo : i) defi ki poze pou rive ranfòse ak konsolide enstitisyon ki anchaje sekirite; ii) absans pwosesis sistematik ki pou pèmèt rasanble enfòmasyon; iii) egzistans ak konfli ant gwoup òganize ak zam; iv) disponiblite zam toupatou; v) enpinite pou moun k ap komèt zak kriminel, espesyalman nan ka kote yo di manm nan fòs sekirite yo patisipe nan zak kriminel sa yo.<sup>6</sup>
  
8. Depi 2018, CIDH remake faktè sa yo te gen yon enpak dirèk sou sitiyasyon ensekirite sitwayen yo, jan sa endike nan ogmantasyon konfwontasyon ant diferan gwoup k ap goumen pou kontwòl teritwa nan zòn kote moun rete. Ant 2018 ak final 2021, dapre enfòmasyon Polis nasyonal la, Biwo entegre Nasyonzini an Ayiti (BINUH) anrejistre yon ogmantasyon apeprè 113% nan kriminalite a, ak yon chif ki, soti 757 ka rive 16715 ka<sup>7</sup>. Pandan menm peryòd la, kantite kidnapi ogmante pou soti 49 rive 655 nan yon lane. Sa vle di yon ogmantasyon 1 236%<sup>8</sup>.

## Dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anviwonmantal

9. Dapre enfòmasyon ki soti nan Bank mondyal, 58,5% popilasyon Ayiti ap viv anba limit lamizè<sup>9</sup>. Se chif sa a ki fè yo klase Ayiti pami peyi ki pi pòv nan Lamerik la e youn nan peyi ki pi pòv nan lemonn. Sou bò pa li, Pwogram Nasyonzini pou Devlopman ak *Oxford Poverty and Human Development Initiative* rapòte endikatè lamizè nan tout dimansyon li klase Ayiti pami peyi nan Amerik latin ak nan Karayib la kote, ak yon pousantay 41, 3% popilasyon an<sup>10</sup>, ou jwenn plis moun k ap viv nan kondisyon lamizè miltidimansyonèl.
  
10. Nan yon kontèks rejyonal kote ou gen yon kriz sosyal k ap layite kò li, kote ou remake yon volim chomaj ak yon lamizè total ki pi wo pase sa ki te la anvan pandemi COVID-

<sup>6</sup> CIDH, Haïti: ¿justicia frustrada o estado de derecho? Desafíos para haïti y la comunidad internacional, OEA/Ser/L/V/II.123 Doc. 6 rev. 1 26 octobre 2005, p. 223

<sup>7</sup> Conseil de sécurité de l'ONU. Mission des Nations Unies pour l'appui la justice en Haïti. – Rapport du Secrétaire général S/2019/198, 1<sup>er</sup> mars 2019. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH) du Bureau intégré des Nations Unies utilisant les données de la PNH.

<sup>8</sup> Conseil de sécurité de l'ONU. Mission des Nations Unies pour l'appui la justice en Haïti. – Rapport du Secrétaire général S/2019/198, 15 février 2019. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH) du Bureau intégré des Nations Unies utilisant les données de la PNH.

<sup>9</sup> Banque mondiale. Indicateurs du développement dans le monde, 2021.

<sup>10</sup> PNUD y Oxford Poverty and Human Development Initiative, *Índice de Pobreza Multidimensional global*, 2020.

19<sup>11</sup> la, Rapòtè espesyal pou dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironnmanal (REDESCA an panyòl) te reyalize yon suivi sisyasyon patikilye Leta ayisyen nan sa ki gen pou wè ak dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironnmanal (DESCA an panyòl). Rapòtè a souliyen yon seri pwoblèm sistematik ak estriktirèl tankou ekzistans yon kad enstitisyonèl ak demokratik an defisi anpil, sa ki anpeche planifikasyon ak suivi politik piblik yo. Rapòtè a mansyone tou yon sitiyasyon ekonomik ki vin pi mal toujou pandan dènye lane sa yo, sa ki anpeche piblik la jwenn disponiblite byen ak sèvis esansyèl yo. Li mansyone espesyalman fenomèn ki konekte ak chanjman klimatik yo<sup>12</sup>. Fòk nou ajoute nan sitiyasyon sa aktivite politik yo ak katastwòf natirèl ki anrejistre nan peyi a pandan lane 2021 a. Kondisyon sa yo rann klima kriz ak vyolans lan pi malouk nan peyi a e li kreye yon enpak sou tout kouch popilasyon an, sitou popilasyon ki pi espoze a. Kondisyon sa yo gen konsekans grav pou pwoteksyon dwa DESCAs nan Leta ayisyen<sup>13</sup>.

### Libète lapwòl

11. Zak vyolans kont jounalis yo, se youn nan pi gwo antrav ki poze pou moun pale san lapèrèz an Ayiti. Defi sa yo vin pi grav poutèt kryz sosyal ak politik k ap anvlimen peyi a. Nan pèspektiv sa a, jounalis an Ayiti ap dekri sitiyasyon lapèrèz ak ensekirite ki vlope yo lè y ap fè travay. Toutan y ap viktim atak e yo manke pwoteksyon<sup>14</sup>. Nan lespri sa a, Rapòtè espesyal pou pale san lapèrèz (RSLE an panyòl) resevwa plizyè plent piblik jounalis yo k ap plenyen pa gen ase pwogrè ki fèt nan pwosedi jidisyèl ki konsène atak ak zak sasinay kont jounalis yo. Nan sans sa a, jounalis sa yo fè konnen ap toujou gen move kondisyon travay pou jounalis an Ayiti toutotan « sistèm jidisyèl a kontinye an feblès e toutotan li pa kapab pwoteje jounalis yo ak temwen yo »<sup>15</sup>.
12. Nan kontèks sa a, se toutan RSLE a ap resevwa enfòmasyon san rete sou atak ak menas k ap fèt kont travayè laprès an Ayiti. Dapre enfòmasyon Rapòtè a resevwa, ant 2019 ak 2021, gen plizyè atak ki fèt kont jounalis . Atak sa yo soti nan sektè gouvènmanal la tankou nan gwoup ak zam. Genyen nan atak sa yo ki fèt pandan manifestasyon sosyal. Dapre plent plizyè jounalis, gen yon klima jeneralize kote jounalis mete baboukèt nan pwòp bouch yo pandan y ap fè travay pwofesyonèl yo<sup>16</sup>.

---

<sup>11</sup> Commission économique pour l'Amérique latine et la Caraïbes (CEPAL), *Panorama social de l'Amérique latine (CEPAL) 2021*, Santiago, mars 2022, p. 14.

<sup>12</sup> En ce sens OCHA, *Aperçu des besoins humanitaires*, mars 2021

<sup>13</sup> CIDH. Communiqué; de presse 212/21 –. La CiDH et la REDESCA expriment leur solidarité avec le peuple haïtien à l'occasion du tremblement de terre de magnitude 7, 2 et ils exhortent l'État et la communauté internationale à adopter une réponse humanitaire immédiate et intégrale. Washington DC, 15 août 2021. CNN. « Haïti : instabilité politique, poussée de colère, tremblement de terre dévastateur, assassinat du président. Ce que vous devez savoir sur le pays », 14 août 2021.

<sup>14</sup> AyiboPost. 14 novembre 2020. *Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?*

<sup>15</sup> AyiboPost. 14 novembre 2020. *Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?*

<sup>16</sup> Ayibo Post. 16 mars 2021. *Insecurity Coupled with Impunity Forces Haitian Journalists to Hide Sensitive Information*.

Kèk travayè laprès endike yo pito limite prezans yo nan piblik la otan yo kapab e yo pa pote idantifikasyon laprès pou yo pa rekonèt yo<sup>17</sup>.

13. Disponibilite enfòmasyon pou sitwayen ayisyen kontinye poze gwo defi an Ayiti. Ò ganizasyon dwa moun ak sa ki konekte ak pwofesyon jounalis la pran nòt kouman li difisil pou jwenn enfòmasyon nan men enstitisyon ak pèsonalite piblik. Yo souliyen tout difikilte yo rankontre pou jwenn enfòmasyon ki konsènen pandemi COVID-19 la, enfòmasyon enterè piblik ansanm ak kesyon delika nan kad konfli politik ak sosyal k ap boulvèse laprès an Ayiti<sup>18</sup>.

### Deplasman moun

14. Sitiyasyon sitwayen ayisyen ap viv nan sa ki konsènen deplasman yo andedan pwòp peyi yo, se sa ki reprezante pi gwo traka pou CIDH. Sou baz prensip solidarite ak kowoperasyon entènasyonal ki tabli nan rezolisyon 02/2021 an, Ayiti ak lòt Eta nan rejyon an fèt pou adopte yon seri dispozisyon pou ankouraje yon repons entegral, san pèdi tan, djanm e ki ap dire lontan; tout sa pou garanti dwa moun lè yo an deplasman.<sup>19</sup> Dispozisyon sa yo dwe chita sou prensip solidarite ak kowoperasyon entèaméricain ki enkòpore nan Manman Lwa Òganizasyon Eta Ameriken an e ki gen pou misyon reyalize objektif devlopman entegre ak jistis sosyal<sup>20</sup>.
15. Pa gen lontan, CIDH reyalize yon siveyans espesyal sou kondisyon grav ki vin gen enpak sou pwoteksyon dwa moun ki deplase osnon ki an mouvman nan yon kontèks kote diferan sitiyasyon kontre, tankou: kriz ekonomik, politik enstitisyonèl ak sosyal grav k ap boulvèse Ayiti depi 2018; konsekans epidemi COVID-19 la. Ajoute sou sa repèkasyon dezast natirèl yo tankou goudougoudou 7,2 nan dat 14 dawout 2021 e sikòn twopikal Grace ki frape peyi a menm jou a<sup>21</sup>.
16. An patikilye, nan istwa li, CIDH note sitiyasyon frajil moun ki deplase yo ap viv andedan peyi a konplèks e gen plizyè rezon pou sa, pa egzanp, konsekans dezast natirèl yo. Kon sa tou, CIDH la remake ak anpil kè sote mouvman moun an deplasman yo dire lontan e se sa ki vin kreye yon seri kanton kote moun deplase rete pou lontan. Faktè sa

<sup>17</sup> Ayibo Post. 16 mars 2021. *Insecurity Coupled with Impunity Forces Haitian Journalists to Hide Sensitive Information*

<sup>18</sup> Connectas. 12 décembre de 2019. *Haiti, ¿cómo salir de la crisis de corrupción y pobreza extrema?*; CPJ. 8 avril 2020. *Haitian journalist Robenson Sanon says covering COVID-19 feels like being 'soldiers in the battlefield'*; AyiboPost. 14 novembre 2020. *Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?*

<sup>19</sup> En ce sens, consulter; CIDH, Résolution N. 02/2021 "Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine: Solidarité interaméricaine", 24 octobre 2021

<sup>20</sup> OEA, *Charte de l'Organisation des États Américains*.

<sup>21</sup> La CiDH et la REDESCA expriment leur solidarité avec le peuple haïtien à l'occasion du tremblement de terre de magnitude 7, 2 et ils exhortent l'État et la communauté internationale à adopter une réponse humanitaire immédiate et intégrale. 15 août 2021.

yo fè popilasyon an vin ap sibi konsekans grav k ap repete e ki poze danje ki ka fòse yo deplase ankò.

17. Pou moun ki deplase kite peyi a, apati 2018, apre sekirite sitwayen ap kontinye vin pi mal e poutèt sitiwayon kriz k ap dewoule nan peyi a, CIDH souliyen eleman dinamik ki antre nan deplasman moun yo, kit se depi Ayiti, kit se nan peyi kote gen yon dyaspora ayisyen enpòtan. Fenomèn sa yo vin pi grav poutèt epidemi an epi dezaz natirèl ki rive an 2021. Sitiwayon sa a te gen enpak sou kondisyon sitwayen ayisyen ak fanmi yo retounen nan peyi kote yo te fèt. An plis, sa kreye yon seri defi pou pwoteksyon entènasyonal popilasyon sa a.

### Konklizyon ak rekòmandasyon

18. CIDH ap soumèt konklizyon li yo e l ap fòmile rekòmandasyon li sou dosye sa yo. Rekòmandasyon l ap fòmile yo, se pou pote kontribisyon li nan chache mwayen ak zouti pou ede Leta Ayisyen pwoteje dwa moun popilasyon li e pou kontre kriz k ap dewoule nan peyi a nan jounen jodi a.
19. Seri rekòmandasyon sa yo fokise sou kesyon tankou demokrasi enstitiyonèl, sekirite sitwayen yo ak pwoteksyon libète lapawòl. Kon sa tou, CIDH fè rekòmandasyon ki konsènen jwisans ak disponiblite dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironmantal. An patikilye, CIDH dekri yon seri dispozisyon ki gen pou wè ak pwoteksyon sitwayen ayisyen ki an deplasman ak fanmi yo, kit se moun ki fòse deplase andedan peyi yo, espesyalman poutèt dezaz natirèl e zak vyolans, kit se nan diferan sikonstans ki lakòz deplasman andeyò peyi a. Sou baz rezolisyon ki pote nimewo 02/2021 ak tit : « *Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman : Solidarite entèameriken* », CIDH ap mande kominote entènasyonal la adopte yon seri mezi kowoperasyon ak solidarite pou pwoteje sitwayen ayisyen yo ki an deplasman nan lòt peyi.
20. Atravè selil kowòdinasyon ak repons regilye e entegre (SACROI-Haiti), CIDH va kontinye siveye san manke desizyon Leta ayisyen an ap pran pou fè suivi rekòmandasyon ki nan rapò sila a. Kon sa tou, atravè diferan zouti li yo, Komisyon an va fè pwomosyon inisyativ suivi pou asire egzekisyon rekòmandasyon ki konsènen lòt Eta manm yo ak kominote entènasyonal la.
21. Pou fini, an akò ak manda li, Komisyon an ap di Leta ayisyen li pare pou li ba li tout asistans teknik li ta ka bezwen.



Chapit I.

---

# Entwodiksyon

## ENTWODIKSYON

### A. Remak jeneral ak objektif

22. Pandan plizyè deseni, Komisyon entèameriken Dwa moun (Komisyon osnon CIDH) reyalize yon siveyans sityasyon dwa moun an Ayiti. Depi 1968, CIDH pibliye uit rapò sou peyi a; sèt ladan yo t ap egzamine sityasyon dwa moun an Ayiti<sup>22</sup>, e rès la te kouvri yon analiz sou kouman sistèm jistis la administre nan peyi a<sup>23</sup>.
23. Sou baz manda pou siveyans li te resevwa, Komisyon an te voye je espesyalman sou sityasyon dwa moun an Ayiti, sitou apre evenman ki, depi 2018, ap anvlimen faktè ki anpeche Leta ayisyen an garanti san fòskote dwa moun popilasyon an. Sa nesèsè etandone repèkisyon grav sou kondisyon disponiblikte byen ak sèvis esansyèl yo; kriz politik enstitisyonèl la ansanm ak nivo enpòtan ensekirite sitwayen ki se rezilta ogmantasyon konfli ant gwoup ak zam yo.
24. Nan kontèks sa a, nan dat 29 fevriye 2019, CIDH anonse kreyasyon yon Selil kowòdinasyon e repons regilye e entegre (SACROI an panyòl) ki te anchaje egzamine espesyalman sityasyon dwa moun an Ayiti. Atravè diferan zouti li yo, CIDH elabore epi egzekite yon estrateji suivi espesifik sityasyon dwa moun an Ayiti. An plis, li chache ranfòse dyalòg la ak enstitisyon Nasyonziini k ap opere sou teren an, ak aktè lokal, ak ògàn nasyonal k ap defann dwa moun epi ak sosyete sivil peyi a<sup>24</sup>. CIDH te vizite peyi a tou nan peryòd 17 rive 20 desanm 2019. Objektif vizit sa a, se te al obsève sityasyon dwa moun sou teren an epi bay aktivite kowoperasyon pou defans dwa moun jarèt nan peyi a<sup>25</sup>. Se Komisè Flávia Piovesan, Rapòtè pou Ayiti sou kesyon dwa moun LGBTI ki te dirije delegasyon an. Komisyon an te gen ladan Komisè Margarete May Macaulay,

---

<sup>22</sup> CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V/II.21 doc. 6](#) (español) Rev. 21 mai 1969; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V/II.46 doc. 66](#) rev. 1, 13 décembre 1979; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9](#) rev. 1, 7 septembre 1988; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V/II.77.rev.1 Doc. 18](#) 8 mai 1990; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V/II.85 Doc. 9](#) rev. 11 février 1994 ; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, [OEA/Ser.L/V.88 Doc. 10](#) rev. 9 février 1995; et CIDH, [Observations de la Commission interaméricaine des Droits de l'Homme sur sa visite en Haïti en avril 2007](#), [OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36](#) 2 mars 2008.

<sup>23</sup> CIDH, [Haïti: Failed Justice or The Rule of Law? Challenges Ahead for Haiti and the International Community](#), [OEA/Ser.L/V/II.123 doc.6](#) rev 1, 26 octobre 2005.

<sup>24</sup> CIDH, [La CIDH exprime sa préoccupation quant à l'aggravation de la violence et de la pénurie en Haïti et annonce la création de la Cellule de coordination et de riposte opportune et intégrée \(SACROI\) pour faire le suivi de la situation](#), 27 février 2019.

<sup>25</sup> CIDH, [visite in loco en Haïti](#), 2019.

Rapòtè pou dwa moun ak popilasyon desandan Lafrik e kont diskriminasyon rasyal. Pèsonèl Sekretarya egzekitif la te akonpaye yo tou<sup>26</sup>.

25. Nan dat XXX dawout 2022, CIDH transmèt Leta ayisyen yon vèsyon preliminè rapò sa a e li mande li soumèt obsèvasyon li dapre Regleman an. Nan XXX 2022, Leta voye enfòmasyon li bay CIDH la ki, kote sa fè sans, enkòpore yo nan vèsyon final CIDH la te apwouve nan dat XXX.
26. Komisyon an remèsye gouvènman ayisyen an ki te otorize yon sivèyans entènasyonal nan mitan yon peryòd ki te prezante gwo jan defi pou enstitisyon peyi a; se sa ki pèmèt yon dyalòg wo nivo ak CIDH la. Li remèsye gouvènman tou pou transmisyon tout enfòmasyon ki te nesèsè. CIDH la rekonèt jefò Leta a ki fasilite reyalizasyon 175zyèm sesyon li en Ayiti ant 2 rive 8 mas 2020.
27. CIDH rekonèt e remèsye espesyalman òganizasyon sosyete sivil la, sendika yo ak gwoup viktim ak sivivan yo, reprezantan sektè sosyete sivil la nan peyi a ak nan dyaspora pou patisipasyon yo ak enfòmasyon yo founi Komisyon an. Komisyon an souliyen tou travay san pran souf viktim vyolasyon dwa yo ak dwa fanmi yo, san bliye travay òganizasyon defans dwa moun k ap fè jefò nan kondisyon difisil pou pwoteksyon ak konsolidasyon dwa moun nan peyi a.
28. Objektif *Rapò sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti*, se analize pwosedi ak sikonstans ki esplike feblès kondisyon jwisans ak egzèsis dwa moun nan peyi a, sitou lè nou konsidere ogmantasyon ensekirite sitwayen ak enstabilite demokrasi a nan peyi depi lane 2018. Komisyon an fè konsiderasyon sa yo nan yon kontèks kote, poutèt kondisyon sosyal ak ekonomik yo, Ayiti konsidere tankou peyi ki pi pòv nan Lamerik la. Nan sans sa a, dokiman sila kouvri peryòd 2018 la rive jen 2022.
29. Nan menm lide a, rapò sa a dekri modèl estriktirèl ki reprezante faktè ki pi enpòtan k ap bloke garanti dwa moun sitwayen ayisyen yo. Rapò a dekri tou vyolasyon ak danje k ap jèmen. Etandone patikilarite peyi a ak popilasyon ayisyen ki an deplasman, rapò a bay yon analiz prensipal defi nan domenn sa a, ansanm ak modalite pwoteksyon dwa gwoup moun sa yo. Pou sa, Komisyon an pran kòm baz rezolisyon 02/2021 ki pote tit :

<sup>26</sup> Durant la visite, la commission a rencontré le Président de la République, le Ministre des relations extérieures, le Ministre chargé des droits de la personne et de la lutte contre la pauvreté absolue, le Ministre de la justice et de la sécurité publique, la Police nationale et la Ministre à la condition féminine et des droits de la femme. De surcroît, la CIDH tenu des réunions avec le Bureau de protection du citoyen (OPC), le Bureau national des migrations, des organismes internationaux, des autorités diplomatiques des États du Brésil, du Canada, de l'Espagne, des États-Unis, de la France, de l'Union européenne. Elle a aussi rencontré des membres de plus de 70 organisations de la société civile se consacrant à la défense des droits des femmes, des personnes LGBTI, des journalistes, des représentants des victimes de la violence policière et des survivants du massacre de La Saline, des personnes privées de liberté et des victimes d'autres actes de violence dans le pays. CIDH. Visite sur le terrain en Haïti, 17–19 décembre 2019.



*Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman : Solidarite entèameriken*<sup>27</sup>. Nan kad sa, CIDH rekonèt anpil nan pwoblèm ki konsènen dwa moun nan peyi a, se yon kesyon estriktirèl e pou anpil ladan yo, pa gen solisyon rapid, ni yo pa gen yon sèl solisyon ki bon pou tout pwoblèm. Rapò sa a konsidere tout konplikasyon sa yo pou egzamine sityasyon dwa moun dapre règ entèameriken yo , epi apre, pou transmèt Leta a yon seri rekòmandasyon ki pou ede li retabli kondisyon dirab pou pwoteksyon dwa imen tout popilasyon an.

30. Komisyon an souliyen tout referans sou aksyon ki kapab reprezante yon konpòtman kriminel osnon yon vyolasyon dwa moun, fèt sèlman kòm deskripsyon nan rapò a. Komisyon an raple se ògàn entèn Leta ki gen konpetans ak responsablite reyalize pwosesis ki nesèsè an akò ak obligasyon li genyen pou envestige, jije epi sanksyone.
31. Pou fini, CIDH ap fè Leta ayisyen konnen li pare pou ba li sipò teknik li ka bezwen pou fè pwomosyon jwisans efektif dwa moun tout sitwayen li yo.

## **B. Kontèks**

32. Depi plizyè dizèn lane, CIDH te remake sityasyon dwa moun an Ayiti t ap devlope nan kad yon enstabilite politik pèmanan ak yon ogmantasyon zak vyolans, ansanm ak nivo enpòtan lamizè, an plis yon seri dezaz sosyal ak anvironmantal.
33. Pandan dènye deseni sa yo, peyi a sibi konsekans yon pwosesis manch long retablisman demokrasi a apre twa deseni rejim Duvalier a ant 1957 rive 1986. Se kon sa nan peryòd sa a, peyi a wè demokrasi a ap degrengole san rete, pandan koudeta youn apre lòt t ap anpeche prezidan yo fini manda yo.<sup>28</sup> . Nan sa ki gen pou wè ak demokrasi enstitisyonèl la, peyi a resewa anpil pataswèl tankou pa egzanp : i) eleksyon ki anile poutèt goudougoudou 2010 la; ii) Pwosesis elektoral la ki anile an 2015 poutèt iregilarite nan pwosesis la ; iii) peryòd prezidans enterimè a ak vakans nan enstitisyon yo.<sup>29</sup>

---

<sup>27</sup> CIDH, *Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : solidarité interaméricaine*. Res No. 02/2021.

<sup>28</sup> CIDH, *Report on the Situation of Human Rights in Haiti*, OEA/Ser.L/V/II.77.rev.1 Doc. 18 8 mayo 1990; CIDH, *Report on the Situation of Human Rights in Haiti*, OEA/Ser.L/V/II.85 Doc. 9 rev. 11 febrero 1994 ; CIDH, *Report on the Situation of Human Rights in Haiti*, OEA/Ser.L/V.88 Doc. 10 rev. Febrero 9, 1995; y CIDH, *Observaciones de la Comisión Interamericana de Derechos Humanos sobre su visita a Haití en abril de 2007*, OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36, 2 de marzo de 2008.

<sup>29</sup> CIDH. La CIDH exprime sa profonde préoccupation devant l'absence d'action pour remédier au vide institutionnel en Haïti. Communiqué de presse No. 84/16 en date du 22 juin 2016.

34. Kominote entènasyonal la manifeste prezans li nan kesyon enstitisyonèl yo ak nan sekirite an Ayiti. Ant 2004 e 2017, Ayiti resevwa yon misyon estabilizasyon Nasyonzini an Ayiti (MINUSTAH) ki te anchaje mete lòd nan dezòd an Ayiti. Yo ranplase misyon sa a ak yon lòt yon ti jan mwen laj e pi limite. Nouvo estrikti MINUSTAH te prevwa pou Polis Nasyonal Ayiti a (PNA) firanmezi asime plis reskonsablite nan sa ki gen pou wè ak kesyon sekirite yo epi kenbe lòd nan peyi a.<sup>30</sup> Nan mwa oktòb 2017, MINUSTAH vin tounen yon misyon mwen laj ki anchaje kenbe lòd nan peyi a. Misyon sa a te rele : Misyon Nasyonzini pou sipòte lajistis an Ayiti (MINUJUSTH an franse)<sup>31</sup>. Pou lesansyèl, manda misyon an, se te ranfòse lalwa ak dwa moun epi bay PNA a jarèt. An oktòb 2019, Biwo entegre Nasyonzini an Ayiti vi ranplase MINUJUSTH la. Li te gen objektif prensipal sa yo : i) ranfòse establite politik peyi a ansanm ak bon gouvènans, sitou lalwa; ii) ankouraje lapè ak establite nan peyi a atravè sipò pou yon dyalòg nasyonal ant tout Ayisyen yo; iii) pwoteksyon ak pwomosyon dwa moun<sup>32</sup>.
35. You nan faktè ki make peyi a anpil, se frajilite li devan katastwòf sosyal ak environnmanal yo ki vin gen yon enpak pi grav poutèt yon enfraestrikti fizik sant iben yo bankal. Dapre enfòmasyon Bank mondyal, Ayiti kontinye ap sibi enpak katastwòf natirèl yo, sitou siklòn yo, inondasyon ak goudougoudou yo. Nan pèspektiv sa a, plis pase 96% popilasyon an sibi enpak fenomèn sa yo. Kon sa tou, enstitisyon sa a souliyen fenomèn sa yo ka tounen aloske chanjman klimatik yo ap vale teren pi red. An 2016, Komisyon an mansyone konsekans siklòn Matthew ki konsidere tankou pi gwo katastwòf pou peyi a depi goudougoudou 2010 la. Yo estime siklòn sa a te lakòz yon volim dega ki reprezante 32% PIB peyi a an 2015<sup>33</sup>. Nan sans sa a, CIDH souliyen enpak dirab goudougoudou a ki frape kapital la, Pòtoprens nan dat 12 janvyè 2010, lè plis pase 222 570 moun pèdi lavi yo e 300 572 moun blese. An plis, katastwòf sila kite apre 3 milyon moun san kay pou rete<sup>34</sup>.
36. Lamizè estriktirèl ak frajilite sosyal ak ekonomik montre vale difikilte grav peyi a genyen. Ajoute sou sa yon pwodui enteryè brit ki pi ba nan Lamerik la. En 2020, chif sa a te aprepre EU\$ 2 925<sup>35</sup>. Dapre bank mondyal, 58,5 % popilasyon ayisyen an ap viv anba limit lamizè<sup>36</sup>. Done sa a vin fè Ayiyi youn nan peyi ki pi pòv nan rejyon an e youn nan peyi ki pi pòv nan lemond. Nan menm kontèks la, dapre enfòmasyon ki soti nan Pwogram Nasyonzini pou devlopman (PNUD), valè endikatè devlopman moun an Ayiti ogmante, soti 0,414 pou rive 0,510, sa ki reprezante yon pwogrè 23,2 % pandan menm peryòd la. Previzyon pou kantite lane Ayisyen gen pou viv ogmante 2, 9 lane e ane pou

<sup>30</sup> UN, [Minustah Factsheet](#), 2019.

<sup>31</sup> UN, [MINUJUSTH Factsheet](#), 2021.

<sup>32</sup> BINUH, Mandat.

<sup>33</sup> Banque mondiale, [Country Overview Haiti](#), 8 novembre 2021.

<sup>34</sup> CIDH. Rapport annuel, Chap.V Haïti – Suivi de la situation des droits de l'homme en Haïti, 2010.

<sup>35</sup> Banque mondiale, [Country Overview Haiti](#), 8 novembre 2021.

<sup>36</sup> Banque mondiale, Indicateurs du développement dans le monde. 2021.

al lekòl yo ogmante 2,5 lane, malgre yon diminisyon estriktirèl 21,7% aprepre nan ekonomi ayisyen an ant 1990 ak 2019<sup>37</sup>

37. Nan kontèks sa a, CIDH la souliyen nesosite pou ranfòse rapò ki genyen ant demokrasi ak devlopman e li mete aksan sou rekonstriksyon enstitisyon demokratik peyi a sou baz patisipasyon, ak kontribisyon tout sektè politik yo ansanm ak sosyete sivil la. Komisyon an souliyen tou li enpòtan pou entitisyon lejitim pouvwa lejislatif la ak egzekitif la fonksyone kòm sa dwa , sa ki va pèmèt demokrasi reprezantatif la reprann pye totalman e Tribinal Kasasyon an refòme kòm sa dwa. Komisyon an mete aksan sou enpòtans ranfòsman politik sekirite sitwayen yo pou garanti yon kontwòl lejitim Leta sou tou zòn ki sou dominasyon gwoup ak zam yo nan jounen jodi a. Komisyon an ajoute tou li enpòtan pou aplike mezi prevantif pou sekirite kominote yo, sa ki va kontribye ranfòse konfyans piblik la nan entitisyon yo. Nan kad tablo sa a, Leta gen obligasyon pou li reyalize investigasyon e pou li enpoze sanksyon sou moun ki reskonsab masakray , kidnapin ak lòt vyolasyon grav dwa moun, epi garanti pou pwosedi legal la dewoule kòm sa dwa.

### C. Metodoloji Ak Estrikt

38. Pou li prepare rapò sila a, Komisyon an konpile, analize e sistematize enfòmasyon ki konsènen sityasyon dwa moun an Ayiti pandan dènye ane sa yo, ansanm ak sityasyon dwa sitwayen ayisyen ki an depasman nan rejyon an. Enfòmasyon ki prezante nan rapò sa a soti nan sous primè ak segondè. Nan sa ki gen pou wè ak sous primè yo, CIDH la itilize enfòmasyon li jwenn atravè zouti li yo tankou diferan vizit li te reyalize nan dat 17 ak 19 desanm 2019, diferan odyans tematik<sup>38</sup> e reyinyon travay<sup>39</sup>, demann enfòmasyon ki prezante dapre atik 41 Konvansyon ameriken e enfòmasyon ki soti nan sistèm etid ka yo ak mezi konsèvatwa. .
39. Nan sa ki gen pou wè ak sous segondè yo, Komisyon an konpile enfòmasyon ki soti nan dosye sila yo : i) sous gouvènmantal; ii ) rapò, rezolisyon ak deklarasyon lòt òganizasyon non gouvènmantal nasyonal tankou entènasyonal; iv) atik nan laprès e v) enfòmasyon ki soti nan rezo sosyal yo ak lòt medya.

---

<sup>37</sup> UNDP, [Human Development Report: Haiti, 2020](#).

<sup>38</sup> Durant la 183e session : « Situation des droits des personnes haïtiennes en mobilité humaine dans la région » ; 182e session : « Situation des droits de l'homme des personnes renvoyées Haïti » ; 178e session : « Accès à la justice et indépendance judiciaire en Haïti » ; Durant la 173e session : « Violence et sécurité dans le contexte de protestations sociales en Haïti » et « Situation des droits de l'homme en Haïti ». I

<sup>39</sup> Comme celles qui se sont déroulées durant les sessions 173 à 175 en septembre 2019 et mars 2020, respectivement.

- 
40. Rapò a detaye aspè prensipal ki pèmèt konprann aklè sityasyon dwa moun an Ayiti, en patikilye depi 2018. Kidonk, CIDH la ap soumèt rezilta rechèch li yo, ansanm ak konklizyon e rekòmandasyon li yo.
41. Chapit I an dekri antesedan yo ak objektif rapò a, ansanm ak kontèks istorik sityasyon dwa moun an Ayiti. Li dekri estrikti a ak metodoloji li itilize pou prepare rapò sila a. Chapit II a esplike kouman demokrasi enstitisyonnèl la pèdi fòs ant 2018 ak 2022 e li endike defi ki pi enpòtan pou gouvènans demokratik nan peyi a. Pami defi sa yo, nou ka mansyone ogmantasyon tansyon politik ak absans enstitisyon yo, enpak grav vyolans politik la ki rive nan bout ak ansasinay Prezidan Jovenel Moise, ansanm ak defi ki parèt pita nan kad jefò pou remanbre enstitisyon Leta yo. Chapit III bay yon deskripsyon faktè prensipal yo ak enpak ensekirite sitwayen yo nan kontèks anvlimay sityasyon peyi a. Analyz la founi enfòmasyon sou ogmantasyon ansasinay yo ak kidnapin yo, ansanm ak konsekans grav zak vyolans gwoup ak zam yo sou dwa moun, san bliye kontwòl teritwa gwoup sa yo.
42. Chapit V lan ofri yon analiz defi ki pi enpòtan yo pou jwisans ak pwoteksyon dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironnmantral an Ayiti. Li mete aksan sou enpak sityasyon lamizè total kapital nan peyi a, blokay pou moun jwi dwa lasante yo ak lòt konsekans grav katastwòf sosyal ak anvironnmantral nan peyi a. Chapit V la kouvri espesyalman sityasyon pwoteksyon libète lapawòl, pi presizeman nan sa ki gen pou wè ak pwoteksyon jounalis ak kominikatè nan peyi a. Chapit VI la analyze faktè ki lakòz depasman ak mobilite popilasyon an, ansanm ak defi ki poze pou pwoteksyon dwa sitwayen ayisyen yo nan diferan kontèks depasman moun. Nan chapit sa a, Komisyon an mete aksan tou sou bon jan pratik nan rejyon an. Pou fini, nan chapit VII la, CIDH prezante konklizyon li epi li transmèt rekòmandasyon li bay Leta ak kominote entènasyonal la.



Chapit II.

---

**Institutions Démocratiques  
En Haïti**

## INSTITUTIONS DÉMOCRATIQUES EN HAÏTI

43. Istorikman, CIDH anrejistre peryòd enstablite politik ak enstitisyonèl ki enpòtan an Ayiti, kouple ak pwosesis entitisyonèl ki pa kadre ak garanti nesèsè ki asosye ak demokrasi reprezantatif e yon Leta ki chita sou lalwa. Nan chapit sa a, CIDH la ap analize antesedan ki pi enpòtan yo ak eleman nan kontèks sa a ki reprezante gwo defi pou demokrasi enstitisyonèl la an Ayiti. L ap ensiste sou sa ki prezante depi 2018. Nan pèspektiv sa a, CIDH ap dekri tansyon politik yo ak pwosesis ki ap depafini ak lejitimite pouvwa yo nan peyi a. Se kon sa nan sikonstans ki prezante apre ansasinay Prezidan Moïse an jiyè 2021 an, CIDH kouvri defi ki pi enpòtan pou konsolidasyon ak ranfòsman enstitisyon yo, tankou pa egzanp rekonstitisyon manda manm Pouvwa lejislatif ak egzekitif la, nominasyon jij yo nan Kou Kasasyon an , ak retablisman kondisyon politik ak enstitisyonèl pou yon gouvènans entegral demokratik nan peyi a..

### A. Enfòmasyon Jeneral Ak Kontèks

44. CIDH remake gwo defi jounen jodi a nan domenn demokrasi enstitisyonèl la, se rezilta yon seri faktè estriktirèl enstablite ak blokay k ap frennen konsolidasyon enstitisyon yo pandan dènye deseni sa yo. Depi anvan 2018, te gen yon enstablite enstitisyonèl ak politik nan peyi a ki ta pral kreye diferan eleman blokay ki te afekte fonksyonman Pouvwa lejislatif, egzekitif ak jidisyè a.
45. Pandan plizyè lane, CIDH reyalize yon siveyans espesyal gwo defi enstitisyonèl li idantifye yo. Pandan peryòd pi trajik diktati Duvalier a nan peyi a, CIDH dokimante vyolasyon dwa moun ak move tretman ki t ap fèt nan yon kontèks eksepsyon demokratik, gouvènman otoritè ak absans garanti yon Leta ki chita sou lalwa<sup>40</sup>. CIDH egzamine ak pwofondè dènye jou rejim fanmi Duvalier a an 1986 e li konsidere defi ki t ap prezante pou konsolidasyon enstitisyon yo nan yon moman kle pou demokrasi institisyonèl la, pa egzanp : i) fonksyonman gouvènman tranzisyon an ant 1986 e 1990<sup>41</sup> ; ii) koudeta militè a an 1991 epi diktati ki tabli jis 1994 ; iii) koudeta 2004 la<sup>42</sup>.
46. Soti nan lane 2010, CIDH konsantre jefò li sou aktivite siveyans e li fòmile rekòmandasyon pou sipòte ranfòsman ak estabilizasyon demokrasi ak libète piblik

---

<sup>40</sup> Par exemple : CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti. OEAL/V/II.21 doc. 6 (espagnol) Rev. 21 mai 1969; CIDH: mai 1969; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti in Haiti, OEA/Ser.L/V/II.46 doc. 66 rev. 1; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9 rev. 1.

<sup>41</sup> CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9 rev. 1 7 septembre 1988; CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti, OEA/Ser.L/V/II.77 doc. 18 rev.1 8 mai 1990.

<sup>42</sup> Voir CIDH, [Haiti: Failed Justice or The Rule of Law? Challenges Ahead for Haiti and the International Community](#), OEA/Ser.L/V/II.123 doc.6 rev 1 , 26 octobre 2005; CIDH, [Observations of the Inter-American Commission on Human Rights Upon Conclusion of its April 2007 Visit to Haiti](#), OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36 2 mars 2008.

nan peyi a. Se kon sa li pran nòt espesyalman gwo defi ki te prezante paske pa te gen garanti pou ranfòse endepandans pouvwa Leta, sitou poutèt zak vyolans politik ak fòs polis la ki t ap itilize fòs san kontwòl, sitou pandan manifestasyon nan lari yo. An plis, Komisyon an te souliyen kontinuite tandans opozisyon kont rezilta eleksyon yo ak lejitimite manda yo, san bliye enteripsyon mandas ki te soti nan eleksyon popilè .<sup>43</sup> Nan sans sa a, nan rapò Komisyon an ki pote tit : *Rapport sur Haïti : justice frustrée ou État de droit ? Enjeux pour Haïti et la communauté internationale*, men sa Komisyon an te di : « Sitiyasyon politik an Ayiti nan jounen jodi a enstab anpil anpil. Menmsi gen pwogrè ki fèt pou reyalize pwochen eleksyon nasyonal yo, kondisyon politik yo nan peyi toujou rete polarize anpil e jan sa pase deja nan istwa peyi a, koripsyon ak vyolans ap kontinye anpwazonnen kilti politik li»<sup>44</sup>. Depi lè a, peyi a pase yon seri faz elektoral ak politik anba enstabilite. Pa gen lontan, CIDH fòmile yon deklarasyon sou rapò ki genyen ant demokrasi ak kondisyon pou devlopman; li souliyen relasyon pwofondè ki genyen ant respè dwa moun, demokrasi ak devlopman imen, ekonomik e entegral<sup>45</sup>.

47. Ant 2018 ak 2022, CIDH la remake an jeneral, gen yon tandans ki devlope pou kesyone lejitimite enstitisyon Leta yo e tandans sa a makònen ak yon ogmantasyon pèsèpsyon koripsyon piblik ak gwo nivo enpinite. Ajoute sou sa defisi ekonomik grav epi yon kriz politik e sosyal malouk . Pandan peryòd anba egzamen an, CIDH remake poutèt kriz politik la ak kriz gouvènans demokratik la, gen sis (6) pèsonalite ki okipe pòs Premye Minis la. Peryòd sa a koumanse pandan lane 2018 la, apre manifestasyon vyolan ki te òganize kont ogmantasyon pri gasolin la nan mwa jiyè 2018. Premye Minis Prezidan Jovenel Moïse te nonmen pandan manda li, Jacques Guy Lafontant, demisyone nan dat 5 septanm 2018. Demisyon sa te fòse fòmasyon yon lòt gouvènman.<sup>46</sup>
48. An patikilye , CIDH la obsève de (2) peryòd ki konekte e ki defini dinamik enstitisyon demokratik yo nan peyi a. Nan premye peryòd la ki koumanse an 2018 pou rive nan mitan 2021, Komisyon an konstate yon ogmantasyon nan manifestasyon sosyal popilasyon ki pa te kontan kondisyon ekonomik, sosyal ak politik , e pa te apresye jefò konsolidasyon eleksyon enstitisyonèl ki t ap fèt nan mitan yon seri kontestasyon sosyal. Pandan peryòd sa a, sitiyasyon an rive nan yon lòt nivo nan dat 13 janvyè 2020, lè manda 119 depite ak detyè senatè yo fini. Sikonstans sa yo fè pouvwa lejislatif vin pa gen kowòm reglemantè pou li fonksyone kòm sa dwa e sa te gen yon gwo enpak sou atribisyon konstitisyonèl yo. Se nan kontèks sa a Pouvwa egzekitif la asime

---

<sup>43</sup> Commo dans:: CIDH, *Haïti: Failed Justice or The Rule of Law? Challenges Ahead for Haiti and the International Community*, OEA/Ser.L/V/II.123 doc.6 rev 1 , 26 octobre 2005; CIDH, *Observations of the Inter-American Commission on Human Rights Upon Conclusion of its April 2007 Visit to Haiti*, OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36 2 mars 2008.

<sup>44</sup> CIDH, *Haïti: ¿Justicia Frustrada o Estado de Derecho? Desafíos para Haïti y la Comunidad Internacional*, OEA/Ser.L/V/II.123 doc.6 rev 1 , 26 de octubre 2005

<sup>45</sup> CIDH, *La CIDH suit de près la situation politique et institutionnelle en Haïti* , 22 janvier 2020. CIDH : *La CIDH suit avec préoccupation la situation politique et institutionnelle en Haïti et lance un dialogue dans le respect des droits humains e de l'État de droit*, 23 février 2021.

<sup>46</sup> *El Universo, Haïti: Renuncia el primer ministro Jack Guy Lafontant tras disturbios*, 14 de julio de 2018.

fonksyon lejislatif yo e koumanse pibliye dekrè. Desizyon sa a vin ogmante tansyon an nan peyi a. Dezyèm peryòd la koumanse apati 7 jiyè 2021, dat yo ansasinen Prezidan Jovenel Moïse. Evennman sa lakòz kriz politik, enstitisyonèl ak ekonomik la vin anvlimen pi rèd. Pandan lòt mwa yo, nan kad rechèch pou mete sou pye yon gouvènans demokratik, gen jefò ki fèt pou fòme yon gouvènman *ad hoc*, tabli rapò ant aktè sosyete sivil la e fòmile pwopozisyon pou konble pòs vid yo nan twa pouvwa Leta a.<sup>47</sup>

49. Nan sa ki konsènen kad konstitisyonèl e enstitisyonèl ki aplikab la, dapre Manman Lwa peyi a, Ayiti se yon repiblik ki adopte yon rejim demokratik pliralis. Li gen yon estrikti ak twa pouvwa endepandan, epi yon Pouvwa lejislatif ak de (2) chanm ki gen ladan yo lejislatè popilasyon an eli dirèkteman nan eleksyon ki fèt sou yon baz regilye. Dapre règ konstitisyonèl yo, senatè yo resevwa yon manda ki dire sis lane e chak de (2) lane, yon tyè sena gen pou renouvle. An plis, prezidan an resevwa yon manda ki dire senk lane e fòk li kite yon peryòd senk lane pase anvan li kapab kandida ankò.<sup>48</sup>
50. Atik 192 Manman Lwa peyi a prevwa kreyasyon yon konsèy elektoral pèmanan ki pou anchaje òganize tout faz eleksyon yo nan peyi a, elabore pwojè lwa elektoral la epi mete sou pye yon rejis elektoral<sup>49</sup>. Men, annatandan fòmasyon konsèy sa a, Konsèy nasyonal gouvènman an gen otorizasyon fòme yon Konsèy elektoral pwovizwa (KEP) ak nèf (9) manm. Konsèy sa a ap anchaje prepare e fè aktè yo respekte lwa elektoral ki pral reglemante eleksyon yo. Manman Lwa a endike enstitisyon ki gen konpetans pou gen reprezantasyon andedan Konsèy elektoral pwovizwa a.<sup>50</sup> CIDH remake Konsèy la te gen manm ki te nonmen en 2020 nan yon dekrè prezidansyèl e li te disoud en septanm 2021. Malgre jefò gouvènman an fè, se yon sèl manm ki aktif nan jounen jodi a.<sup>51</sup>
51. Nan kontèks sa a, CIDH la note te gen yon pèsèpsyon ki t ap vin pi fò chak jou e ki konsène enpinite nan kesyon koripsyon ak enkapasite devan kriz ekonomik ak politik la. Sitiyasyon sa a te pwovoke yon pakèt mouvman manifestasyon ak lòt aksyon pwotestasyon sosyal nan yon kontèks polarize anpil ki fè yon seri gwoup prive komèt zak vyolan pandan ajan sekirite yo egzajere nan itilizasyon fòs yo.<sup>52</sup> Men, pi lwen pase kesyon sekirite sitwayen yo, CIDH la obsève ak anpil kè sote kouman anbyans polarizasyon sa a gen yon gwo enpak sou establi fonksyon Leta li menm. Pa egzanp, pandan 167tyèm sesyon li, Komisyon an resevwa enfòmasyon sou sitiyasyon enpinite ak enkapasite pouvwa jidisyèl a an Ayiti. Nan kontèks sa a, sosyete sivil la denonse

<sup>47</sup> UN Security Council, *United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828*, 27 septembre 2021.

<sup>48</sup> Haiti, *Constitution d'Haïti, chap. 2, articles 92, 95, 95 (3) y 134 (1)*.

<sup>49</sup> Haiti, *Constitution d'Haïti, 1987*.

<sup>50</sup> Haiti, *Constitution d'Haïti, chap. 12, article 289*.

<sup>51</sup> UN Security Council, *United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2022/117*, 15 février 2022.

<sup>52</sup> CIDH : La CIDH suit avec préoccupation la situation politique et institutionnelle en Haïti et lance un dialogue dans le respect des droits humains et de l'État de droit, 23 février 2021. Communiqué de presse du 23 février 2021



reta nan pwosedi jidisyè yo, mankman nan kapasite enstitisyonèl sistèm jistis an Ayiti – sitou nan ka koripsyon yo - . Li denonse tou entèvansyon nan endepandans Pouvwa jidisyè a<sup>53</sup>.

## **B. Tansyon Politik Ak Kriz Lejitimite Pouvwa Yo An Ayiti (2018-2021)**

### **1. Konsiderasyon jeneral**

52. Peryòd sila ap dekri yon pwosesis degradasyon pèmanan enstitisyon Leta yo, ensekirite sitwayen yo ak enstabilite politik e se polarizasyon politik ak tansyon sosyal la ki fè pwosesis sa a pran fòs. Chak ane, CIDH remake enstitisyon yo ak gouvènans demokratik kontinye ap degrade nan peyi a . Nan sans sa a, an 2018, Komisyon an note kouman diferan sektè popilasyon an koumanse ap pèdi konfyans nan klas politik la poutèt denonsyasyon zak koripsyon ak blokay k ap anpeche investigasyon yo fèt<sup>54</sup>. An 2019, an plis konsta sa a, Komisyon an obsève kondisyon ekonomik deja frajil anvlimen pi rèd e sikonstans sa yo vin kase relasyon yo ant pouvwa Leta yo. Se sa ki bloke apwobasyon lwa elektoral la<sup>55</sup>.

53. Lè Komisyon fin fè obsèvasyon sa yo, nan koumansman lane 2020 an, manda majorite manm pouvwa lejislatif la nan tou de (2) chanm yo rive nan bout yo. Pou fè suivi sitiyan sa a, atravè piblikasyon dekrè prezidansyèl, Prezidan an koumanse adopte yon seri mezi ak politik piblik ki te reskonsablite lejislatè yo pou apwouve. Pratik gouvènmantal sa a vin agrave kriz politik ak enstitisyonèl la pi plis. Diferan sektè sosyal ak politik fòmile yon seri kritik vyolan kont desizyon sa yo paske yo t ap mande pou eleksyon fèt e pou gen yon plan prezidansyèl ki pwopoze yon Manman lwa tounèf. 2021 te yon lane kote ou te wè plizyè konfli ki konekte ak règ ki pou aplike pou detèmine dat finisman manda prezidansyèl la an fevriye 2021<sup>56</sup>. Se nan ane sa a tou tansyon yo ogmante pou fini ak ansasinan Prezidan nan date 7 jiyè 2021<sup>57</sup>.

### **2. Defi nan jounen jodi a ak konsekans pou enstitisyon demokratik yo**

54. Jan Komisyon an pral dekri li nan chapit sou sekirite sitwayen yo, peryòd enstabilite politik ki koumanse an 2018 deklannche yon seri manifestasyon an Ayiti kont

---

<sup>53</sup> CIDH, Audience publique, "Haïti: Impunidad y Poder Judicial", 167e session . 28 f;vrier 2018.

<sup>54</sup> CIDH. Rapport annuel 2018. Chap. IV-A.par.268.

<sup>55</sup> CIDH. Rapport annuel 2019, chap. IV-A. par. 369

<sup>56</sup> CIDH, Rapport annuel 2020. Chap. IV-A. par. 468.

<sup>57</sup> CIDH. Rapport annuel 2021. Chap. IV-A, par. 627

ogmantasyon lavi chè ak kriz mankman gazolin lan. Nan kontèks sa a, manifestasyon yo te òganize pou mande demisyon Prezidan paske li te derefize reyaji kòm sa dwa devan sitiyasyon koripsyon nan peyi a<sup>58</sup>. Fòk nou note tou enfòmasyon te vin jwenn piblik la gen yon valè \$3 800 milya resous piblik nan Pwogram PetroCaribe a ki sanble ta disparèt, alòske pa gen okenn investigasyon osnon sanksyon kont plizyè fonksyonè ki sanble ta konekte ak zak kriminel sa a. An 2018, , dapre endikatè pèsepsyon koripsyon òganizasyon ki rele *Transparence internationale* te pibliye, Ayiti, se dezyèm peyi ki pi kowonpi nan rejyon an<sup>59</sup>.

55. Sitiyasyon tansyon sa a vin anvlimen pi plis an 2019 lè li kreye yon kriz enstitisyonèl koupè ak yon enstabilite politik nan peyi a . Lè l ap evalye enpak dirèk sou enstitisyon demokratik yo, CIDH remake gouvènman an t ap fè fas kare ak yon seri eleman blokey pou li rive fè Palman an apwouve premye minis la. An plis, CIDH la vin reyalize Lwa elektoral ki pa te apwouve pou renouvle Palman an 2019 vin lakòz eleksyon ki te dwe dewoule an novanm menm ane sa a, pa te kapab òganize.<sup>60</sup>
56. Akòz Lwa elektoral la ki pa te apwouve, nan dat 13 janvyè 2020, manda 119 depite ak de tyè senatè ki te konpoze 50tyèm lejislati a rive nan bout yo. Manda sa a te koumanse nan dat 14 janvyè 2016. Kon sa tou, sitiyasyon sa a vin fè bidjè nasyonal pa te apwouve, ki fè pwosesis konfimasyon premye minis la ak fòmasyon kabinè li pa t kapab fèt<sup>61</sup>. Kidonk, prezidan an koumanse apwouve yon seri mezi – menm mezi ki ta dwe resevwa apwobasyon Pakman - atravè dekrè prezidansyèl. Estrateji gouvènans ak dekrè prezidansyèl agrave tansyon politik ak sosyal yo ki te deja egziste. Nan sikonstans sa yo, CIDH repete nesosite pou reprann dyalòg politik la kòm eleman kle pou pwoteje enstitisyon demokratik yo e evite danje pou fonksyon piblik la vin bloke<sup>62</sup>.
57. Pandan lane 2020 an, definisyon gouvènans demokratik la, se te yon seri manifestasyon ak itilizasyon dekrè prezidansyèl san apwobasyon lejislatif ki pou asire egzekisyon mezi gouvènmantal yo. Gouvènans sa a te fè jefò san siksè pou fòme yon konsèy elektoral (KEP) kòm enstitisyon ki anchaje prepare pwosedi pou reyalize eleksyon lokal ak lejislatif yo. An plis travay tradisyonèl preparasyon eleksyon an, Prezidan Moïse bay KEP la responsablite òganize yon referandòm konstitisyonèl. Nan mwa jiyè 2020, nèf manm KEP la demisyone e sa vin ogmante tansyon politik la. Sitiyasyon sa a vin ranfòse rezistans ki te genyen kont nominasyon nèf lòt reprezantan

<sup>58</sup> The New Yorker, [Haitians Want to Know What the Government Has Done with Missing Oil Money](#), 19 octobre 2018; Caribbean News Now, [Widespread Haitian protests call for PetroCaribe transparency and accountability](#), 19 octobre 2018.

<sup>59</sup> InSight Crime, [Corruption Survey Shows Latin America Still Struggling to Tackle Graft](#), 22 février 2018

<sup>60</sup> CIDH. Rapport annuel 2019. Chap. IV-A. Evolution des droits de la personne. Haïti

<sup>61</sup> CIDH, Communiqué de presse No. No. 011/20, La CIDH fait le suivi de la situation politique et institutionnelle en Haïti. 22 janvier 2020.

<sup>62</sup> CIDH : La CIDH suit la situation politique et institutionnelle en Haïti, 22 février 2020. CIDH : La CIDH suit avec préoccupation la situation politique et institutionnelle en Haïti et lance un dialogue dans le respect des droits humains et de l'État de droit, 23 février 2021.

yo nan Konsèy la. Pou li reyaji devan sitiyaasyon sa a, Prezidan decide pou kont li fòmè yon nouvo KEP ki te gen pou misyon organize referandòm konstitisyonèl la<sup>63</sup>.

58. Nan mwa jen 2020, fòs politik opozisyon an relanse yon apèl pou manifestasyon ki t ap ekzije pou yo rekonèt mwa fevriye a kòm dat manda prezidan an dwe espire. Nan mwa dawout menm ane a, yon kowalisyon òganizasyon nan sosyete sivil ki te aliye ak fòs sa yo pibliye yon deklarasyon ki t ap mande pou yon gouvènman tranzisyon pran direksyon pwosesis elektoral la<sup>64</sup>. An menm tan, deklarasyon sa a t ap kritike inisyativ referandòm konstitisyonèl, paske li te konsidere adopsyon yon nouvo konstitisyon t ap kreye danje enpinite<sup>65</sup>. Pandan peryòd sa a, alòske ke te gen plizyè kesyon ki t ap poze sou lejitimite jiridik aksyon li, gouvènman an kontinye pibliye plizyè dispozisyon legal atravè dekrè li yo. Pami mezi ki te adopte yo, n ap site sila yo : i) piblikasyon nan dat 24 juin yon nouvo Kòd penal ki te anile sa ki te ekziste anvan depi 1835; ii) reyòganizasyon administrasyon piblik la, san bliye kreyasyon nouvo ògàn; iii) klase aksyon ki fèt pandan manifestasyon kòm zak kriminel; e iv) nouvo kat idantite nasyonal byometrik ki ta kapab itilize kòm dokiman idantifikasyon elektoral<sup>66</sup>. Nan menm lide a, nan yon dekrè ki pote date 9 jiyè, Pouvwa egzekitif la nonmen , san eleksyon, reprezantan komisyon minisipal yo pou 140 minisipalite nan peyi a, paske manda yo te espire pi bonè anvan.<sup>67</sup>
59. Pandan mwa fevriye 2021, tansyon enstitisyonèl la ogmante lè yon sektè nan fòs politik opozisyon yo ak gwoup sosyete sivil la ensiste manda prezidansyèl la ta dwe fini 7 fevriye 2021. Dapre BINUH, denonsiasyon sa yo te fòmè nan diskou òganizasyon sosyete sivil la ak fòs politik opozisyon yo depi nan dezyèm semes 2020 e yo te chita sou entèpretasyon ki di manda prezidansyèl la te dwe kalkile komanse nan dat ki te prevwa nan pwosesis elektoral ki te anile an 2015, e non pa nan dat eleksyon yo te reyalize nan lane apre a. Ajoute sou sa kritik ki fèt kont blokay fonksyon Leta yo, kont dekrè prezidansyèl gouvènman an, ak kont zak move tretman yon pati nan aktè yo t ap komèt.<sup>68</sup>
60. Men, sou bò pa li, prezidan an fè konnen manda li t ap kontinye jis mwa fevriye 2022, paske, selon kalkil, manda a te koumanse lè eleksyon yo te efektivman reyalize e li te derape aktivite li kòm prezidan an 2017. Li te konsidere jefò ki t ap fèt pou li kite

---

<sup>63</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/133](#), 11 de febrero, 2021.

<sup>64</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/944](#), 25 septembre 2020.

<sup>65</sup> Le Nouvelliste, [Le projet de nouvelle constitution est de garantir l'impunité/ des dirigeants](#), selon 4 mai 2021.

<sup>66</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/133](#), 11 février 2021.

<sup>67</sup> Miami Herald, [¿Se está erosionando la democracia en Haití? La nueva agencia de inteligencia del presidente tiene muchas inquietudes](#), 14 décembre de 2020.

<sup>68</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/944](#), 25 septembre de 2020.

pouvwa a, se te tantativ koudeta<sup>69</sup>. Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a reyaji ak piblikasyon yon rezolisyon kote li di manda prezidan an ta dwe bout nan fen lane 2021<sup>70</sup>.

61. Nan peryòd anvan ak apre 7 fevriye 2021, dapre enfòmasyon piblik li resevwa atravè diferan enstriman siveyans li, CIDH la obsève kouman tansyon politik ak sosyal la t ap ogmante poutèt kantite kesyon ki t ap souleve sou dire manda prezidansyèl la. Sitiyasyon sa a vin mennen arestasyon omwens yon 23 moun ki sanble te patisipe nan yon tantativ koudeta ki pa t reyisi. Nan dat 6 fevriye, yon jij nan Kou Kasasyon an nonmen tèt li prezidan enterimè e a atravè yon zak prezidansyèl, e atravè yon desizyon prezidansyèl ki pote dat 8 fevriye, twa (3) jij nan Kou Kasasyon an pran retrèt yo<sup>71</sup> e yo ranplase yo ak nouvo jij atravè piblikasyon yon dekrè. Pita, Polis nasyonal Ayiti a pran kontwòl Kou Kasasyon an ak Lekòl majistrati a, yon zak ki paralyze tout operasyon<sup>72</sup>.
62. Nan kontèks sa a, nan yon kominike li pibliye nan dat 23 fevriye 2021, CIDH la souliyen enpòtans pou yo respekte lòd konstitisyonèl la ak enstitisyon demokratik yo an Ayiti<sup>73</sup>. Nan okazyon sa a, li mete aksan sou relasyon sere sere ki genyen ant respè dwa moun, demokrasi ak devlopman imen ak ekonomik yo. Li mande pou tout aktè yo itilize metòd ak zouti patisipasyon ki disponib, osnon pou yo depoze plent ki otorize nan Konstitisyon an ak lalwa, nan respè pèmanan pou enstitisyon demokratik peyi a<sup>74</sup>.
63. En plis, endepandans jidisyè ak separasyon pouvwa yo, se prensip ki gen rasin yo nan atik 60 Konstitisyon Ayiti a<sup>75</sup>. Nan sans sa a, CIDH la souliyen Pouvwa jidisyè a gen yon gwo wòl pou li ranpli nan suivi aspè konstitisyonèl zak lòt Pouvwa Leta a, espesyalman Pouvwa Egzekitif la ak aplikasyon lajistis<sup>76</sup>. Se poutèt sa yon Pouvwa jidisyè endepandan, se yon eleman fondamantal ki pou pèmèt garanti fondman yon Leta ki chita sou lalwa ak sou prensip demokrasi<sup>77</sup>. Nan yon lòt nivo, CIDH la deja konstate lè endepandans sa a pa egziste, lajistis pa kapab aplike, paske pa gen anpil chans pou viktim yo al nan tribinal pou yo jwenn reparasyon. Sitiyasyon sa a favorize enpinite nan

<sup>69</sup> Francia 24, [Haiti: el Poder Judicial determina el fin del mandato de Moïse, quien denuncia un intento de golpe de Estado](#), 8 de febrero de 2021.

<sup>70</sup> Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire, [Resolution du Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire \(CSPJ\) sur la question de l'écheance du mandat constitutionnel du Président de la République](#), Son Excellence Monsieur Jovenal MOÏSE, 6 de febrero de 2021, disponible en: <https://www.haitiwatch.org/home/cspj6feb2021en>

<sup>71</sup> CIDH, [Communiqué de presse No. 038/21](#), 23 février de 2021

<sup>72</sup> Clínica de Derechos Humanos de la Facultad de Derecho de Harvard, [declaración conjunta al Consejo de Seguridad de la ONU sobre la Crisis Constitucional y de Derechos Humanos en Haití](#), 22 février 2021.

<sup>73</sup> CIDH, [Communiqué de presse No. 038/21](#), 23 février 2021.

<sup>74</sup> Clínica de Derechos Humanos de la Facultad de Derecho de Harvard, [declaración conjunta al Consejo de Seguridad de la ONU sobre la Crisis Constitucional y de Derechos Humanos en Haití](#), 22 février 2021.

<sup>75</sup> Haiti, [Constitution d'Haiti](#), chap. 1, article 60.

<sup>76</sup> CIDH, [Garantías para la independencia de los operadores de justicia. Hacia el Fortalecimiento del Acceso a la Justicia y el Estado de Derecho en las Américas](#), OEA / SER.L / V / II, Doc. 44, 5 décembre 2013, par. 183

<sup>77</sup> Charte démocratique interaméricaine, article 3

ka kote gen vyolasyon dwa moun ki fèt<sup>78</sup>. Nan sa ki konsène sitiyasyon Ayiti a, Komisyon an te remake depi anvan kouman pwofesyon jij la an Ayiti gen enstablite ladan e nan sans sa a, li te rekòmande Leta pou li revize prensip ak kritè pou nominasyon otorite jidisyè yo, sa ki va pèmèt garanti endepandans yo<sup>79</sup>.

64. Nan kontèks sa a, dekrè gouvènman pibliye pou nonmen otorite jidisyè yo san li pa suiv pwosedi Konstitisyon an prevwa, vin gen gwo repèkasyon grav sou endepandans Pouvwa jidisyè. Sa vle di jesyon otorite jidisyè a vin rete nan men enstitisyon Pouvwa egzekitif la. Pou yo kapab garanti endepandans yo e aji san paspouki, jij yo dwe kapab konnen fonksyon yo pèmanan, pandan konpòtman yo dwe san repwòch<sup>80</sup>. Apwòch sa chita sou Prensip 12 ki soti nan dokiman sila a : « *Principes fondamentaux relatifs à l'indépendance de la magistrature- Prensip fondamantal Nasyonzini sou endepandans majistrati a.* » Men sa Prensip 12 la di: « kit se nonmen yo nonmen yo, kit se nan eleksyon yo chwazi yo, yo pa kapab retire yon jij nan fonksyon li toutotan li pa rive laj pou li pran retrèt li, osnon finisman manda li pa rive. »<sup>81</sup> (*tradiksyon pasaj sa a pa ofisyèl*).
65. CIDH la ap ankouraje Leta ayisyen pou li sispann tout nouvo entèkansyon nan fonksyonman Pouvwa jidisyè a, sa vle di sispann fè jij pran retrèt yo osnon nonmen lòt jij dapre pwosedi ki pa kadre ak lòd konstitisyonèl la osnon ak lalwa. Si yo rive verifye gen otorite jidisyè osnon nenpòt ki lòt moun patisipe nan pwosesis anti-demokratik, moun sa yo dwe resevwa garanti dwa yo ap pwoteje tout pandan envestigasyon an ap kontinye. Apre sa, reskonsab yo va resevwa sanksyon kòm sa dwa.<sup>82</sup>
66. Selon prensip atik 3 nan dokiman Chat Demokratik entèameriken an, CIDH ap raple « pami eleman fondamantal demokrasi reprezantatif la, nou jwenn respè dwa moun ak libète fondamantal yo, disponiblite ak egzèsis pouvwa a dapre yon Leta ki chita sou lalwa; òganizasyon eleksyon regilye, lib-e-libè san fòs kote...; separasyon pouvwa yo ak endepandans diferan pouvwa Leta. »<sup>83</sup> Nan sans sa a, demokrasi enstitisyonèl la gen diferan eleman nòmatif, enstitisyonèl ak sosyopolitik ki chita sou separasyon, endepandans ak balans pouvwa yo, san bliye tou egzèsis lejitim dwa politik

---

<sup>78</sup> CIDH, *Garantías para la independencia de los operadores de justicia. Hacia el Fortalecimiento del Acceso a la Justicia y el Estado de Derecho en las Américas*, OEA / SER.L / V / II, Doc. 44, 5 dcembre 2013, par. 30.

<sup>79</sup> CIDH, *Haïti: ¿Justicia fallida o Estado de derecho? Desafíos futuros para Haïti y la comunidad internacional*, OEA / Ser / L / V / II / . 123 doc 6, par. 155

<sup>80</sup> CIDH, *Garantías para la independencia de los operadores de justicia. Hacia el Fortalecimiento del Acceso a la Justicia y el Estado de Derecho en las Américas*, OEA / SER.L / V / II, Doc. 44, 5 de diciembre de 2013, párr. 212.

<sup>81</sup> Principes fondamentaux relatifs à l'indépendance de la magistrature. Document adopté lors du Septième Congrès des Nations Unies pour la prévention du crime et le traitement des délinquants, tenu à Milan (Italie) du 26 aout au 6 septembre 1985. Principe 12.

<sup>82</sup> Voir CIDH, *Garantías para la independencia de los operadores de justicia. Hacia el Fortalecimiento del Acceso a la Justicia y el Estado de Derecho en las Américas*, OEA / SER.L / V / II, Doc. 44, 5 décembre 2013, par. 186

<sup>83</sup> Charte démocratique interaméricaine, article 3.

yo ki pèmèt pèp yo chwazi pwòp sistèm politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo, ansanm ak patisipasyon entegral yo nan tout aspè lavi yo. Tout prensip sa yo dwe jwenn jarèt atravè eleksyon lib-e-libè, respè ak pwomosyon pliralis nan sosyete a, ansanm ak lòt pwosesis epi kreyasyon espas ki pèmèt bon gouvènans aparèy piblik la.<sup>84</sup>

67. an sans sa a, atravè diferan zouti li genyen, Komisyon an kontinye ap lanse yon apèl pou otorite ayisyen yo tanmen yon vre dyalòg ak tout sektè ki enterese yo pou 1) enstitisyon Leta yo ak sèvis reprezantatif peyi a rekòmanse fonksyone totalman atravè eleksyon lib-e-libè e san fòs kote; 2) fini ak blokay fonksyon Leta a; 3) retabli endepandans pouvwa yo.<sup>85</sup>

### C. Ansinay E Defi Enstitisyonèl Pou Gouvènman Enterimè A (Koumanse Jiyè 2021 Jounen Jodi A)

68. Gouvènans demokratik an Ayiti sibi gwo enpak apre ansinay nan maten 7 jiyè 201 Prezidan Jovenel Moïse ki te mouri nan yon atak ki te fèt nan kay prive li. Komisyon an te denonse zak sa a ansanm ak tantativ ki te fèt sou madanm Prezidan an. An plis, li te mande Leta pou li garanti demorasi entisyonèl la, sekirite sitwayen yo ak dwa tout popilasyon an, nan respè entegral prensip ak règ yon kad konstitisyonèl ak demokratik.<sup>86</sup>
69. Dapre enfòmasyon BINUH a rasanble pou Rapò Sekretè Jeneral la devan Konsèy sekirite Nasyonzi, investigasyon sou ansinay prezidan an fèt nan mitan fo nouvell ak preyokipasyon Biwo Defansè dwa moun la esprime sou entegrite ak absans garanti legal. Nan kontèks sa a, BINUH a fè konnen dwayen Tribinal Premye Enstans Pòtoprens nonmen yon jij enstriksyon nan dat 23 dawout pou rapousuiv investigasyon Dikesyon santral Polis jidisyè a te koumanse<sup>87</sup>. Malgre reklamasyon tout sektè politik la fè pou investigasyon ak enstriksyon ansinay la fèt san pèdi tan, sistèm jidisyè a – depi nan komansman – ap fè fas kare ak yon piblik ki pa fè l konfyans, k ap denonse wòl politik li, epi ki pa kwè nan entegrite pwosedi legal la.<sup>88</sup>

<sup>84</sup> En este sentido, ver: CIDH, Informe Concentración de Poder y Debilitamiento del Estado de Derecho en Nicaragua, párr. 118. Ver también: Carta Democrática Interamericana de 11 de septiembre de 2001 y CortelDH. Opinión Consultiva OC-28/21. La figura de la reelección presidencial indefinida en sistemas presidenciales en el contexto del sistema interamericano de derechos humanos, 7 de junio de 2021, párr. 144.

<sup>85</sup> Voir CIDH, [CIDH suit de près la situation politique et institutionnel en Haïti](#). Communiqué presse. 20 janvier 2020.

<sup>86</sup> CIDH, [La CIDH condamne l'assassinat du président haïtien Jovenel Moïse et exhorte l'État à garantir les institutions démocratiques et les droits de la personne](#). Communiqué presse . 9 juillet 2021

<sup>87</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre 2021](#).

<sup>88</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre 2021](#).

70. CIDH konstate ansasinay prezidan Jovenel Moïse te gen yon gwo enpak sou demokrasi enstitisyonèl la nan peyi a. Pou koumanse, youn nan konsekans dirèk yo, se reyòganizasyon fonksyon gouvènans demokratik la nan peyi a. Apre sa, konsekans endirèk la, se enpak ansasinay la sou fonksyonman enstitisyon Leta yo nan yon kontèks kote kapasite pwoteksyon ak fonksyonman enstitisyon sa yo pa t bay anpil espwa.
71. Nan sa ki konsènen reyòganizasyon gouvènans demokratik la, CIDH note enkyetid ki te genyen sou kilès ki ta pral ranplase prezidan Jovenel Moïse pèsiste jis nan dat 20 jiyè, lè gouvènman Premye Minis Ariel Henry jwen konfimasyon sou yon baz enterimè. Depi nan komansman manda li, li anonse entansyon li, se chache yon akò politik, nan kad yon apwòch enklizif ki chita sou konsensus, pou li kapab kreye kondisyon pou òganize eleksyon nasyonal nan fen 2022. Tout aktivite sa yo ta dwe fèt nan kad yon akò gouvènans ak plis pase 150 gwoup, òganizasyon politik epi sosyete sivil la. Demach sa yo ta dwe pèmèt fòmasyon yon nouvo Konsèy elektoral pwovizwa ak preparasyon yon seri direktiv pou elaborasyon ak apwobasyon yon tèks konstitisyonèl nan yon kad yon referandòm<sup>89</sup>.
72. Lòt aktè politik ak sosyal deklare sipò yo pou kreyasyon plan pou yon lòt opsyon, ak seleksyon yon prezidan e yon premye minis pwovizwa. Demach sa yo ta dwe fèt atravè yon platfòm sosyal ki pote non : *Commission pour la recherche d'une solution haïtienne*<sup>90</sup> (Komisyon pou chache yon solisyon ayisyen). Jan CIDH souliyen sa pi wo a, etandone li te enposib pou respekte kalandriye elektoral ki te prepare a e malgre jefò kowòdinasyon ki te fèt, Premye Minis la disoud Konsèy elektoral la nan dat 27 septanm 2021<sup>91</sup>. Se nan kontèks sa a CIDH la relanse apèl li te fè pou itilize tout filyè enstitisyonèl ak konstitisyonèl pou chache mete sou pye yon gouvènans demokratik enklizif, dirab e ki chita sou pwoteksyon dwa moun.<sup>92</sup>
73. CIDH remake enfliyans yon seri faktè ekstèn nan mouvman enstitisyonèl ak politik la ap kreye yon gwo enpak sou kondisyon yo an Ayiti ki pou pèmèt yo mete sou pye yon estrateji estabilizasyon ak ranfòsman demokrasi enstitisyonèl la. Faktè tankou goudougoudou a ak syklòn twopikal Grace qui te gen enpak sou diferan depatman nan peyi a nan dat 14 dawout 2021, ansanm ak sityasyon ensekirite sitwayen yo k ap vale teren, bloke jefò diferan sektè Leta t ap fè pou fonksyone kòm sa dwa . Nan sans sa a, selon evalyasyon Nasyonzini sou enpak goudougoudou a pa egzanp, gen anpil dega ki fèt nan biwo elektoral yo nan komin yo tankou nan plyzyè batiman piblik KEP la te panse itilize pou anrejistre Ayisyen ki t ap chache jwenn pyès idantite yo. Dokiman sa

<sup>89</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre 2021.](#)

<sup>90</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre 2021.](#)

<sup>91</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre 2021.](#)

<sup>92</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2022/117, 15 février 2022.](#)

a sipoze sèvi kòm pyès idantite elektoral. Selon enfòmasyon ONI, nan dat 26 dawout 2021, sou 6, 8 milyon sitwayen aprepre ki gen laj pou vote, plis pase 2, 6 milyon te gen tan anrejistre. Nan chif sa a, 52,7 % se fanm yo ye.<sup>93</sup>

74. Jan nou endike sa nan Chapit sou Sekirite sitwayen, kit se sityasyon sekirite sitwayen, kit se fonksyonman enstitisyon demokratik yo, tou de sibi konsekans enpòtan evenman ki rive apati dezyèm semès 2021 an. Ajoute sou sa pwosesis negosyasyon politik ak establizasyon vin bloke poutèt ogmantasyon manifestasyon ak grèv ki te òganize poutèt gazolin ki te manke e ki te kreye gwo difikilte ekonomik. Se kon sa diferan sektè sosyal di y ap rale kò yo nan nominasyon reprezantan ki te pou fè pati gouvènans demokratik la, tankou pa egzanp KEP la limenm. Nan dat 27 novembre 2021, - sou baz negosyasyon ak diferan platfòm politik, sektè sosyal ak òganizasyon sosyete sivil la,- Premye Minis la fòme yon nouvo gouvènman ki resevwa pou priorite jesyon sekirite a, refòm konstitisyonèl la dapre yon pwosesis « konsiltasyon popilè », ak òganizasyon eleksyon nasyonal ak lokal.<sup>94</sup>
75. Etandone sityasyon sa a, toutotan yo pa reyalize eleksyon pou renouvle fonksyon nan Pouvwa egzekitif la ak Pouvwa lejislatif la dapre Manman Lwa Ayiti, Kou Kasasyon an, ògàn ki pi enpòtan nan Pouvwa jidisyè peyi, - p ap kapab rekòmanse fonksyone kòm sa dwa . Jounen jodi a, li nesesè pou gen yon akò ak yon konsètasyon politik prese prese pou rive garanti yon demokrasi enstitisyonèl nan peyi a. Nan sans sa a, pa egzanp, an janvyè 2022, te gen yon deba ki te fèt sou longè manda dis (10) sèl senatè ki te rete toujou nan Sena ayisyen an apre manda majorite lejislatè te fini an janvyè 2020<sup>95</sup>. Nasyonzini te fè konnen se te repwodiksyon deba ki te fèt an fevriye 2021 sou pwolongasyon manda prezidansyèl la. Sikonstans sa a te gen potansyèl pou kreye yon lòt kriz gouvènans enstitisyonèl. Pwoblèm lan te rezoud lè yo adopte kritè ki di manda sis (6) lane a te koumanse nan dat senatè yo te enstale nan fonksyon yo, sa vle di an 2017. Kidonk, manda yo t ap fini an 2023.<sup>96</sup>
76. Nan dat rapò sa a fini, an jen 2022, CIDH remake sityasyon gouvènans enstitisyon demokratik yo an Ayiti poze anpil defi k ap bloke bon jan fonksyonman Pouvwa Leta yo. Se poutèt sa gouvènman an fonksyone sou baz yon seri akò politik kle ki pèmèt li tabli yon balans enstitisyonèl ant Pouvwa egzekitif ki jere sou yon baz de facto, ak kontinuite manda yon fraksyon minoritè Sena a. Nan sans sa a, konbinezon defi ekonomik yo ak kesyon sekirite sitwayen yo vin ogmante blokay enstitisyonbèl ak lojistik yo. Sityasyon sa a poze yon antrav pou fonksyonman enstitisyon yo e pou egzekisyon aktivite ki nesesè pou pèmèt enstitisyon reprezantatif peyi a rekòmanse

<sup>93</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/828, 27 septembre de 2021.](#)

<sup>94</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2022/117, 15 février 2022.](#)

<sup>95</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2022/117, 15 février 2022.](#)

<sup>96</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2022/117, 15 février 2022.](#)



fonksyone totalman. Se kon sa tou faktè sa yo poze defi enpòtan pou nominasyon yon seri pozisyon estratejik Pouvwa yo, sitou pou prezidans Kou Kasasyon peyi a.<sup>97</sup> Etandone li nesesè pou gen yon brase lide nasyonal enklizif e ki chita sou respè dwa moun, CIDH relanse apèl li te fè a sou jesyon ak renfòsman solisyon ki adopte nan kad demokratik ak konstitisyonèl peyi a.

---

<sup>97</sup> La présidence de la Cour de Cassation est vacante depuis le 23 juillet, suite au décès du magistrat Me René Sylvestre.



Chapit III.

---

# **Sekirite Sitwayen Yo**

## SEKIRITE SITWAYEN YO

77. Pandan dènye deseni sa yo, CIDH la kontinye suiv sityasyon sekirite sitwayen yo an Ayiti. Depi mwa fevriye 2019, atravè SACROI a, li voye je espesyalman sou kondisyon dwa moun nan peyi a, nan yon kontèks kote nivo vyolans la ogmante pandan peryòd sa a. Nan chapit sa a, CIDH la ap analize faktè ak tandans istorik ki debouche sou kriz sekirite sitwayen; an plis, li pran nòt enpak sityasyon ensekirite sitwayen nan peyi a genyen sou popilasyon an. Li mete aksan sou peryòd 2018-2022 e li konsidere kòm referans masak, ogmantasyon manifestasyon yo ak zak vyolans yo, ogmantasyon kantite kidnapin ak ansasinay; enkapasite Leta pou li garanti sekirite nan diferan seksyon kapital la ak nan lòt vil peyi a, nan kad yon seri gwo batay pou kontwòl terityal ak atak gwoup ak zam. Finalman, CIDH la analize kouman kontèks sekirite sitwayen an Ayiti montre yon seri eleman bloke investigasyon zak ki fèt yo, anpeche aksyon jidisyè ak sanksyon kont moun ki reskonsab zak ilegal yo.

### a. Konsiderasyon Jeneral

78. Komisyon entèameriken an endike plizyè fwa sekirite sitwayen k ap anvlimen pi plis an Ayiti reprezante yon defi istorik e konplike pou pwoteksyon ak respè dwa tout moun nan peyi a. Pwoblèm sosyal, ekonomik ak politik pèmanan yo, ansanm ak frajilite enstitisyon leta ki anchaje kontwòl aktivite kriminel yo, se faktè ki fè nivo ensekirite ak vyolans la ogmante kon sa an Ayiti.
79. Se kon sa pami defi estriktirèl Ayiti ap kontre pou garanti sekirite sitwayen yo, nou ka site sila yo : 1) defi pou rive ranfòse ak konsolide enstitisyon sekirite yo; 2) absans pwosedi sistematik pou rasanble dokimantasyon; 3) prezans ak konfli ant gwoup òganize ak zam; 4) disponiblite zam san kontwòl; 5) enpinite nan sa ki konsène zak kriminel ki fèt, espesyalman nan ka kote ta sanble gen patisipasyon manm fòs sekirite yo yomenm.<sup>98</sup>
80. Pa gen twò lontan, an patikilye depi 2018, CIDH remake faktè sa yo te gen yon enpak dirèk sou nivo ensekirite sitwayen yo, aloske nou remake yon ogmantasyon regilye konfwontasyon ant gwoup rival k ap goumen pou kontwòl teritwa kote moun rete. .

---

<sup>98</sup> CIDH, [Haiti: ¿justicia frustrada o estado de derecho? Desafios para haití y la comunidad internacional](#), OEA/Ser/LV/II.123 Doc. 6 rev. 1 26 octobre 2005, p. 223.

81. Kanta pou krim yo, pandan dènye ane sa yo, yo anrejistre yon ogmantasyon apeprè 49.4%. Kidonk, dapre enfòmasyon lapolis nasyonal Ayiti, Biwo Entegral Nasyonzini an Ayiti (BINUH), ta gen yon total 1,615 krim ki fèt pandan 2021<sup>99</sup>, ki vle di yon ogmantasyon 17% sou lane 2020, lè te gen 1380 krim ki te fèt.<sup>100</sup> Sa reprezante yon ogmantasyon 27 % sou lane 2019 lè yo te konte 1081 ka<sup>101</sup>. Kon sa tou, dapre Misyon Nasyonzini pou bay jistis Ayiti a jarèt (MINUJUSH), sou baz done PNH la, ta gen 757 krim ki fèt. Ant 2018 ak 2021, yo anrejistre yon ogmantasyon plis pase 113% krim ki fèt.<sup>102</sup> Nan sa ki konsène kidnapin yo, ant 2018 ak 2021, kantite zak sa yo ogmante 1236%, soti 49 pou rive 655<sup>103</sup>.
82. Kòm konsekans endirèk ogmantasyon vyolans gwoup ak zam yo, milye moun blije deplase pou jwenn lòt kote pou rete, e pou yon peryòd pwolonje. Se poutèt sa sitiyasyon sa a vin kreye yon doub enpak pou moun ki te deplase pou lòt rezon anvan, osnon pou diferan rezon. Moun sa yo wè yo vin viktim ankò poutèt aksyon bandi ak gwoup ki gen zam.<sup>104</sup>
83. Sou bò pa li, Komisyon an pran nòt eleman blokey yo ki prezante pou ekzamine enfòmasyon ak ekstatistik ofisyèl yo, espesyalman enfòmasyon detaye yo. Sitiyasyon an anpeche yon seri aktivite siveyans sekirite sitwayen yo nan peyi a, preparasyon ak egzekisyon politik piblik ki pou pèmèt yon repons enstitisyonèl pratik<sup>105</sup>.
84. CIDH la souliyen disponiblite zam san kontwòl, se yon faktè kle ki pèmèt evalye kouman vyolasyon yo grav nan peyi a, kit se nan sitiyasyon vyolans gwoup ak zam yo ap kreye, kit se lè ajan prive ap aji – nan dènye ka sa a, sitou nan kontèks manifestasyon sosyal yo. Nan sa ki gen pou wè ak disponiblite zam san kontwòl ni reglemantasyon, dapre Rapò sou zam lejè ak ti kalib -2019 Sekretè jeneral Nasyonzini te prezante, trafik ilegal zam sa yo kontinye ap agrave konfli yo ak zak vyolans nan

<sup>99</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH), Bureau intégré des Nations Unies en Haïti (BINUH), utilisant les données émanées de la PNH.

<sup>100</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2021/133, 11 février 2021. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH), Bureau intégré des Nations Unies en Haïti (BINUH), utilisant les données émanées de la PNH.

<sup>101</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2020/123, 13 février 2020. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH), Bureau intégré des Nations Unies en Haïti (BINUH), utilisant les données émanées de la PNH.

<sup>102</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2019/198, 1 mars 2019. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH), Bureau intégré des Nations Unies en Haïti (BINUH), utilisant les données émanées de la PNH...

<sup>103</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 de febrero de 2022. Les données ont été compilées à partir des rapports de la Mission des Nations Unies pour l'appui à la justice en Haïti (MINUJUSTH), Bureau intégré des Nations Unies en Haïti (BINUH), utilisant les données émanées de la PNH.

<sup>104</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/944, 25 septembre 2020, par. 55.

<sup>105</sup> CIDH, Communiqué de presse. No 46/19 - La CIDH exprime sa préoccupation quant à l'aggravation de la violence et de la pénurie en Haïti et annonce la création de la Cellule de coordination et de riposte opportune et intégrée (SACROI) pour faire le suivi de la situation. 27 février 2019.

peyi a<sup>106</sup>. Sitiyasyon sa a vin anvlimen pi rèd poutèt trafik ilegal k ap fèt lòt bò fwontyè a<sup>107</sup>.

85. Jan Komisyon an te souliyen li pi wo a, paske pa t gen yon sistèm anrejistreman estatistik disponib, li vin pi difisil pou jwenn enfòmasyon aktyalize sou kantite zam ilegal ki te nan men senp sitwayen. Malgre sa, an 2015, Polis Nasyonal Ayiti a estime te gen apeprè 250 000 zam ilegal - ladan yo revolvè ak zam gwo kalib – ki t ap sikile nan peyi a.<sup>108</sup> Kat lane pi ta, enfòmasyon ki piblik fè konnen an 2019, chif sa te double lè Komisyon Nasyonal dezameman estime te gen apeprè 500 000 zam ilegal ki t ap sikile an Ayiti<sup>109</sup>.
86. Yon lòt bò, apre yon seri zak kowòdone gwoup ak zam yo te reyalize, CIDH la note enpak sistematik zak vyolans grav yo kreye nan katye popilè nan kapital la Pòtoprens ak nan kèk lòt zòn nan peyi a. Vyolans sa a reskonsab yon seri masak ki te lakòz gwo atak kote te gen plizyè ansasinay, vyolans sou fanm ak vyolans seksyèl. Gen moun ki blije kite kay yo aloske yo boule byen prive yo.<sup>110</sup>
87. Nan sa ki konsènen masak yo, CIDH la ap souliyen gravite sitiyasyon an e antrav ki genyen pou elimine zak vyolans yo ki toujou egziste nan plizyè zòn nan peyi a. Nan sans sa a, nan Obsèvasyon li te fè apre vizit li an Ayiti nan mwa varil 2007, CIDH te note masak ki te fèt nan Pòtoprens, kapital la, nan Bèlè, Site Solèy, Delma, Fò Nasyonal, Gran Ravin ak Matisan.<sup>111</sup>
88. Koumanse an 2018, jan nou pral wè sa pi devan, CIDH ap reyalize yon suivi espesyal masak yo, tankou sa ki te rive nan La Saline an novanm 2018<sup>112</sup>, ansanm ak lòt pi gwo atak. Komisyon an ap remake masak sa yo repete nan menm zòn ak teritwa gwoup ak zam yo kontinye ap atake. Nan sans sa a, CIDH ap repete ankò blokay ak difikilte li rankontre pou investigasyon sou zak sa yo fèt kòm sa dwa - e an jeneral sou tout zak kriminel nan peyi a – ankouraje enpinite, sa ki anpeche pou gen dispozisyon ki pran

---

<sup>106</sup> UN Security Council, [Small arms and light weapons – Report of the Secretary-General](#), UN Doc. S/2019/1011, 30 décembre 2019, par. 9.

<sup>107</sup> UN Security Council, [Small arms and light weapons – Report of the Secretary-General](#), UN Doc. S/2019/1011, 30 décembre 2019,

<sup>108</sup> Haiti Libre, [Haiti – Plus de 250.000 armes illégales en circulation dans le pays](#), 21 janvier 2015.

<sup>109</sup> Voir Haiti Libre, [Environ 500,000 armes à feu dans le pays](#), 17 novembre 2019, et Haiti Libre, [Réactivation de la Commission de désarmement](#), 12 mars 2019.

<sup>110</sup> CIDH, Résolution MC No. 65/2019, Mesures conservatoires No. 793-19, 31 décembre 2019.

<sup>111</sup> CIDH, Observations de la Commission interaméricaine des droits de l'homme concernant sa visite en Haïti réalisée en avril de 2007, OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36, 2 mars 2008, par. 4.

<sup>112</sup> Comme on le verra plus loin, en adoptant les Mesures conservatoires 65/2019, la CIDH a pris acte que le 13 novembre 2018, dans le quartier de La Saline, une communauté tout près de Port-au-Prince, des bandes criminelles ont effectué toute une série d'agressions qui ont produit un « nombre incalculable de victimes (...) ; plus de 70 personnes décédées; au moins onze femmes ou enfants violés; des dizaines de pillages et d'incendies ou de destruction. Il faut ajouter à cela que plusieurs voisins ont dû se déplacer ». CIDH. Résolution MC No. 65/2019, Mesures conservatoires No. 793-19, 31 décembre 2019.

pou zak sa yo pa repete.<sup>113</sup> Kon sa tou, gen defi ki prezante pou idantifye moun ki mouri yo, pou bay pwoteksyon e pou viktim ki pa mouri yo jwenn reparasyon.

## B. Faktè Ki Lakòz Ensekirite Sitwayen Yo

### 1. Prezans gwoup òganize ak zam epi kontwòl teritwa

89. Prezans gwoup ak zam k ap goumen pou kontwòl teritwa nan kapital la ak lòt pwovens yo reprezante yon seri faktè estriktirèl ensekirite nan peyi a. CIDH la remake istorikman, aktivite gwoup ak zam sa yo gen rapò dirèk ak yon volim kidnapin, ansasinay, masak ak konfli vyolan ant diferan gwoup yo, e ak lapolis. Nan lide sa a, nan Obsèvasyon li te fè sou vizit li an 2007, CIDH la te esprime preyokipasyon lè li konstate kouman sekirite piblik la t ap vin pi mal poutèt zak vyolans ki te anrejistre nan diferan kote nan peyi a anba men « bandi ak zam, aloske pa t gen okenn kontwòl efektiv nan sèten sektè Pòtoprens ak nan pwovens yo ».<sup>114</sup>
90. An plis konsekans dirèk aksyon gwoup sa yo ansanm ak klima enkyetid pou kondisyon sosyal, ekonomik ak politik peyi a, gen konsekans endirèk ki deklannche tou, tankou moun ki blije ap deplase andedan peyi a. Dapre rapò Sekretè jeneral Nasyonzini an devan Konsèy Sekirite a, nan mwa fevriye 2022, prezans ak dominasyon terityoral gwoup kriminel ak zam yo an Ayiti reprezante pi gwo menas pou sekirite peyi a, espesyalman apre ansasinay prezidan Jovenel Moïse nan mwa jiyè 2021. Kidonk, Komisyon an note kouman gwoup sa yo ap ogmante epi ap laji prezans yo ak pouvwa yo atravè okipasyon yon seri zòn estratejik andedan ak an deyò kapital la. Gwoup sa yo gen pouvwa pou yo bloke wout prensipal k ap pote pwodui epi tèminal gazolin peyi a.<sup>115</sup>
91. An plis, CIDH esprime preyokipasyon li paske, etandone pwosesis elektoral ki pa klè e gwo tansyon sosyal yo, kontwòl terityoral sa a kapab gen enpak sou kapasite Leta pou li òganize eleksyon nan lapè e garanti sekirite ak entegrite popilasyon ayisyen an. Nan sans sa a, CIDH souliyen gwoup sa yo kontwole katye pòv ki pi enpòtan yo nan Depatman Lwès la. Zòn sa yo reprezante apeprè 40% elektora nasyonal la. Sityasyon sa a ta poze gwo danje pou moun ki ta vle al egzèsè dwa pou yo vote nan lapè.<sup>116</sup> Se

<sup>113</sup> Au sujet de l'impunité concernant le massacre de La Saline, La Commission s'est prononcée : CIDH. Communiqué de presse. 305/19 - À une année du massacre de La Saline, la CIDH réitère sa préoccupation devant la crise politique et institutionnelle à laquelle fait face Haïti.

<sup>114</sup> CIDH, Observations de la Commission interaméricaine des Droits de l'Homme au sujet de sa visite en Haïti en avril 2007, OEA/Ser.L/V/II.131 doc. 36, 2 mars 2008, par. 12.

<sup>115</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>116</sup> RNDH, Massacres au Bel-Air et à Cité Soleil sous l'œil indifférent des autorités de l'État, 20 mai 2021, par. 84.

poutèt sa CIDH esprime preyokipasyon li paske gwoup ak zam sa yo non sèlman ka kreye dega ekonomik ak sosyal, men tou yo kapab manipile yo kòm teknik kontwòl teritoryal pou rezon politik, enstitisyonèl ak elektoral. Preyokipasyon sa yo rejwenn sa Sekretè jeneral Nasyonzini an di nan rapò li transmèt Konsèy Sekirite a an 2022 sou danje gwoup kon sa kapab aliye yo ak fòs ki gen objektif politik.<sup>117</sup>

92. Nan kontèks sa a, jan nou pral wè sa pi devan, CIDH pran nòt ogmantasyon vyolans ki devlope nan batay ant gwoup ak zam epi ant gwoup rival. Faktè sa a gen rapò sere sere ak ogmantasyon zak kriminel ak kidnapin, ansasinay, malgre tout jefò Leta reyalize an 2021 atravè Komisyon nasyonal dezameman, demobilizasyon ak reentegrasyon ki t ap chache negosye yon diminisyon tansyon yo. Jefò sa yo t ap fèt tou atravè enstalasyon yon gwoup travay entèministeryèl ki te kreye pou jere pwoblèm vyolans la nan kominote yo<sup>118</sup>.

93. Nan sa ki konsènen zak vyolans kont fanm yo, dapre rapò Sekretè jeneral Nasyonzini an te transmèt bay Konsèy sekirite a, gwoup ak zam yo itilize vyolans seksyèl, vyolasyon ak esklavaj seksyèl kòm zam pou kreye laterè epi egzèsè kontwòl yo sou popilasyon lokal la<sup>119</sup>. Dapre enfòmasyon Nasyonzini kolekte an 2021, chak mwa, ta gen dizèn vyolasyon, atak ak kidnapin ki fèt kont ti fi ak fanm chak jou, pa egzanp pandan lekòl ap louvri osnon nan transpò piblik. Abi seksyèl jenn gason sanble se yon rityèl inisyasyon kèk bandi itilize tou. Difikilte ki genyen pou jwenn enfòmasyon e pou monte rejis yo endike ta kapab gen anpil ka kon sa ki pa janm denonse, e sa fè kalite vyolans sa a rete envizib.<sup>120</sup>

## 2. Defi pou konsolidasyon enstitisyon ki anchaje sekirite sitwayen yo an Ayiti

94. CIDH souliyen kouman nan listwa peyi a, Polis Nasyonal la (PNH)\_ toujou jwe yon wòl fondamantal pou pèmèt sistèm demokratik gouvènman ayisyen an fonksyone kòm sa dwa, paske polis la, se yon enstitisyon fondamantal ki la pou defann Leta ki chita sou lalwa, e pou garanti sekirite popilasyon an.<sup>121</sup>

95. PNH la, se premye enstitisyon nan sistèm sekirite a; li te tabli nan lane 1995 kòm enstitisyon sivil otonòm. Enstitisyon sa a gen nan tèt li yon Direktè jeneral e li fonksyone

---

<sup>117</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>118</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2021/133, 11 février 2021.

<sup>119</sup> CIDH, Rapport sur la situation des droits de l'homme en Haïti., OEA/Ser.L/V/II.74 doc. 9 rev. 1, 7 septembre 1988; CIDH, Report on the Situation of Human Rights in Haiti, OEA/Ser.L/V/II.77 doc. 18 rev.1 8 mai 1990.

<sup>120</sup> Voir Conseil de sécurité des NU. Bureau intégré des Nations Unies en Haïti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>121</sup> CIDH, [Rapport sur la sécurité citoyenne et les droits humains](#), OEA/Ser.L/V/II. Doc. 57, 31 décembre 2009, par. 77.

- anba jiridiksyon Ministè Lajistis ak Sekirite piblik.<sup>122</sup> An plis, aktivite li yo konsantre anpil sou Pòtoprens. Dapre enfòmasyon Nasyonzini, an janvye 2022, PNH la te gen 15 500 polisye e pami yo, 1711 fanm. Ak konpozisyon sa a, sa vle di pou chak 1 000 Ayisyen, gen 1.3 polisye (1.3/1 000), Chif sa pi ba pase estanda entènasyonal la ki mande pou gen 2.2 polisye pou chak 1 000 abitan<sup>123</sup>.
96. CIDH remake menm si Polis Nasyonal la angaje depi plis pase 10 lane nan yon pwosesis pwofesjonalizasyon ak devlopman fonksyon yo, enstitisyon sa a ap fè fas kare ak plizyè defi enstitisyonèl ki esplike pou ki sa sitiyasyon sekirite an Ayiti kontinye ap anvlimen toutan. Pami defi antite sa jwenn pou ranpli misyon li kòm sa dwa, CIDH la ap mansyone sila yo : manke pèsonèl ak bidjè; ekipman ak fòmasyon ki pa kòrèk, kondisyon travay ki frajil epi enfiltrasyon aksyon òganizasyon kriminel nan aktivite li..
97. Nan sa ki konsènen kapasite enstitisyonèl ak bidjè Polis Nasyonal la, BINUH a dekri yon sitiyasyon an 2020 kote te gen anpil presyon sou operasyon yo ak yon ogmantasyon pri yo; pa t gen ogmantasyon bidjè a nonplis ant 2017 ak 2020<sup>124</sup>. Se jis nan fen 2020 ak nan koumansman 2021 - lè vyolans la ap ogmante an Ayiti – bidjè PNH la ogmante pou li kapab ranfòse mezi ki te pran pou reprann teritwa gwoup ak zam yo kontwole.<sup>125</sup>
98. Pou ajoute sou obsèvasyon sa yo, Komisyon an pran nòt diminisyon fòs polis la, - yon fòs yo te konsidere depi lontan pa t janm sifi – poutèt yon gwo pousantay ki dezète, aloske chak ane, fòs la pèdi apeprè 400 polisye ki mouri, revoke osnon demisyone. Angajman sou kontra ki te sispann pandan preske de (2) lane poutèt difikilte finansye ak pandemi a, rekòmanse an 2021 e lè sa a, yo angaje 640 kandida sou kontra<sup>126</sup>.
99. Nan kontèks sa, pandan lane 2019 ak 2020, CIDH mete aksan sou ajan sekirite ki chak jou pi plis t ap montre yo pa t alèz. Se kon sa an 2019, devan kondisyon sekirite ki t ap anvlimen pi rèd, pandan kondisyon travay yo t ap vin pi enstab, ajan yo pran lari pou manifeste kont dwa yo pou yo fòme yon sendika<sup>127</sup>. Manifestasyon yo vin vyolan, yo

<sup>122</sup> US Congress, [Congressional Research Service, Haiti's Political and Economic Conditions](#), 5 mars 2020, p. 7.

<sup>123</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117](#), 15 février 2022.

<sup>124</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/123](#), 13 février 2020, par. 27.

<sup>125</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2021/133](#), 11 février 2021.

<sup>126</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/559](#), 11 février 2021, para. 33.

<sup>127</sup> [Haitian Times, Haiti Police call for Right to Unionize](#), 18 novembre, 2019; [VOA News, Haiti Police Protest, Threaten Rebellion if Demands Are Not Met](#), 17 novembre, 2029.



mete dife nan machin ak nan biwo omwens yon pèsonalite piblik ki te di li te kont pwopozisyon sendika polisye yo.<sup>128</sup>

100. Se nan koumansman lane 2020<sup>129</sup> an yon gwoup ki rele « Fantòm 509 » parèt. Li te gen ladan ansyen polisye ak polisye aktyèl. Premye Minis la dekri gwoup sa a tankou yon òganizasyon teworis<sup>130</sup>. Devan ogmantasyon zak vyolans yo pandan manifestasyon ajan lapolis yo, nan mwa mas 2020, yon anons parèt ki otorize ajan yo fòme yon sendika. Desizyon sa a louvri wout la pou fòmasyon Sendika Polis Nasyonal Ayiti<sup>131</sup>.
101. Pou sa ki konsènen patisipasyon òganizasyon kriminel nan fòs polis la, CIDH esprime pozisyon li sou òganizasyon enfòmèl k ap parèt epi k ap ogmante andedan fòs polis la, tankou « Fantòm 509 »<sup>132</sup>. Gwoup sa yo ap pwofite tout boulvès sa yo ki se rezilta kriz ekonomik, politik ak sanitè nan peyi a pou komèt aksyon vyolan nan Pòtoprens. Nan sans sa a, dapre enfòmasyon ki disponib, gen nèg maske ak inifòm lapolis ki t ap atake machin gouvènman an epi mete dife nan batiman Leta yo.<sup>133</sup>
102. Nan klima vyolans sa a, gen ajan lapolis ki pèdi lavi yo tou. CIDH note ak preyokipasyon – dapre chif BINUH a – gen 42 polisye ki mouri اساسين an 2019, sa ki reprezante yon ogmantasyon 147% sou lane 2019 la lè te gen 17 polisye ki pèdi lavi yo an 2018. Chif ki anrejistre pou 2019 reprezante pi gwo kantite polisye ki pèdi lavi yo depi kreyasyon PNH la<sup>134</sup>. An 2021, gen plis ajan lapolis toujou ki sibi reprezay nan men gwoup ak zam.<sup>135</sup>
103. CIDH fè konnen faktè li analize yo diminye kapasite enstitisyonèl entite ki anchaje sekirite a. Paske pa gen fon ki disponib e poutèt resous imen ak materyèl an defisi, kondisyon sa yo gen yon enpak dirèk sou kapasite enstitisyon polisye a pou ranpli fonksyon pwoteksyon ak investigasyon. Kon sa tou, enfiltrasyon ak fòmasyon gwoup

---

<sup>128</sup> Associated Press, [Police Burn Cars, Lawyer's Office in Haiti Protest](#), 20 février 2020.

<sup>129</sup> Associated Press, [Haiti Police Exchange Fire with Troops near National Palace](#), 23 février 2020.

<sup>130</sup> Vant Bèf Info, [Haiti-Protest: Prime Minister Joseph Joute treats the police of "Fantom 509" as "terrorists"](#), 21 novembre 2020.

<sup>131</sup> Miami Herald, [After another day of violent protests, Haiti to allow police to unionize](#), 11 mars 2020.

<sup>132</sup> CIDH, Rapport annuel 2021, Chapitre IV.A "Haiti".

<sup>133</sup> Haiti Libre, [Violent demonstration of «police officers» of the group «Phantom 509»](#), 28 avril 2020; Le Nouvelliste, [The Fantom 509 are back, a day of terror in Port-au-Prince](#), 14 septembre 2020; France 24, [Haiti capital Port au Prince brought to standstill by protesting police](#), 15 septembre, 2020.

<sup>134</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/123](#), 13 février 2020, para.

11.

<sup>135</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/123](#), 13 février 2020, para. 11.

andedan enstitisyon an anpeche li jwenn inite e se sa ki fè vin gen yon gwo defisi konfyans popilasyon an nan travay lapolis la.

104. Se sou baz konsiderasyon sa yo Komisyon an estime konsolidasyon yon fòs sekirite pwofesyonèl ki byen fòme, ki dispoze bon jan resous, ki jwenn oryantasyon pou pwoteksyon ak garanti dwa moun, se faktè kle pou dirablite politik sekirite sitwayen yo. Nan sans sa a, CIDH redi kouman li enpòtan pou manm enstitisyon polisye a resevwa yon salè ki balanse e pou yo jwenn bon jan kondisyon travay, fòmasyon ak kapasite kòm sa dwa, san bliye ekipman ki nesèsè pou li egzekite fonksyon li e bay enstriksyon sou baz prensip ak estanda byen wo.<sup>136</sup> An akò ak Tribinal entèamerikenan, CIDH ap note nenpòt ki jefò k ap fèt pou bay enstitisyon sekirite yo jarèt pa sifi si Leta yo pa bay manm li yo fòmasyon nan « prensip ak estanda pou pwoteksyon dwa moun e sou limit tout fonksyonè ki anchaje fè respekte lalwa dwe obsève nan tout sikonstans lè yo gen pou itilize zam ».<sup>137</sup>
105. CIDH ap fè Leta sonje tou li gen responsablite pwoteje totalman sitwayen k ap viv anba jiridiksyon li e sou teritwa li. Pou fè sa, li dwe adopte yon seri pratik pou batay kont enpinite e garanti mwayen pou rann kont, espesyalman pou zak osnon sitiyasyon vyolans k ap fèt ak patisipasyon osnon konplisite ajan lapolis. Nan sans sa a, CIDH ap lanse yon apèl bay Leta ayisyen pou fè li sonje obligasyon li genyen pou preveni, envestige, anpeche e sanksyone konpòtman la polis ki pa kòrèk.<sup>138</sup> Leta a dwe bay viktim vyolasyon dwa moun yo garanti y ap resevwa reparasyon<sup>139</sup>.

## C. Ogmantasyon Zak Vyolans (2018-2022)

### 1. Kontèks

106. Sou baz enstriman siveyans li yo, CIDH note nan final lane 2018, sitou pandan ane ki suiv yo, sitiyasyon ensekirite sitwayen vin pi mal nan peyi a; volim krim, kidnapin ak menas ogmante, gen masak ki fèt. Kriz sa gen orijin li sitou nan ogmantasyon zak vyolans apre gwoup ak zam yo an Ayiti, espesyalman nan Pòtoprens, konsolide kontwòl yo sou teritwa a.

<sup>136</sup> CIDH, [Report on Citizen Security and Human Rights](#), OEA/Ser.L/V/II. Doc. 57, 31 décembre 2009, par. 92.

<sup>137</sup> CIDH, *Violencia Policial contra Afrodescendientes en Estados Unidos*, OEA/Ser.L/V/II. Doc. 156 26 noviembre 2018; CIDH, *Informe Anual 2015, Capítulo IV Uso de la fuerza*, párr. 21 (citando Corte IDH. Caso Montero Aranguren y otros (Retén de Catia vs. Venezuela). Excepciones Preliminares, Fondo, Reparaciones y Costas. Sentencia de 5 de julio de 2006. Serie C No. 150, par. 77

<sup>138</sup> CIDH, [Report on Citizen Security and Human Rights](#), OEA/Ser.L/V/II. Doc. 57, 31 de décembre 2009, par. 92.

<sup>139</sup> CIDH, *Violencia Policial contra Afrodescendientes en Estados Unidos*, OEA/Ser.L/V/II. Doc. 156 26 novembre 2018, par. 250.

107. Nan kontèks sa a, Komisyon an fè konnen konèksyon an te klè ant degradasyon sekirite sitwayen yo, kriz nan lavi politik, ekonomik e demokrasi enstitisyonèl la nan peyi a. Kondisyon sa yo vin poze yon seri danje ak konsekans konkrè sou sityasyon dwa moun nan peyi. Enpak la te pi grav pou popilasyon k ap viv nan zòn pòv yo ki anba kontwòl gwoup ak zam yo.
108. An plis, CIDH note kouman se nivo estwòdinè enpinite nan peyi a ki fè pèp la pèdi konfyans nan enstitisyon sekirite yo e nan Leta. Ensekirite sitwayen k ap vale teren, konbine ak yon tansyon ekonomik, politik ak sosyal pwovoke anpil manifestasyon kote fòs sekirite yo itilize vyolans egzajere. Sityasyon sa a vin kreye plus enstabilite.
109. Nan sa ki konsène vyolans gwoup ak zam yo, ant 2020 e 2021, BINUH rapòte kouman konfwontasyon t ap ogmante san rete poutèt batay pou kontwòl teritoryal nan yon seri zòn popilè.<sup>140</sup> An patikilye, ant 1 fevriye ak 31 me 2021, dapre BINUH, gwoup òganize ak nèg ak zam yo pa idantifye reskonsab 295 ka vyolasyon dwa moun; pami yo, 78 moun mouri, 25 blese, 149 kidnapin ak 3 vyolasyon seksyèl<sup>141</sup>. Nan Rapò anyèl li pou 2020, Komisyon fè konnen atak gwoup ak zam yo nan kominote lokal yo pwovoke anpil viktim sivil nan katye popilè yo e anpil moun blije deplase<sup>142</sup>.
110. Nan sa ki konsène vyolans moun ki deplase yo ap rankontre, BINUH rapòte an 2021 zak vyolans kont moun ki abite nan Taba Isa – yon zòn ki te kreye pou moun deplase yo nan rejyon metwopoliten Pòtoprens apre goudougoudou 2010 la – lakòz lanmò omwens kat moun pami rezidan yo, an plis dega osnon domaj ki fèt nan apeprè 80% kay ki nan zòn lan, pandan 2 496 moun blije deplase<sup>143</sup>. Kon sa tou, pandan premye semès 2021 an, gen lòt atak ki ta fèt kont milye moun ki blije deplase<sup>144</sup>, jan nou analize sa nan Chapit 6 la.
111. CIDH esprime preyokipasyon li poutèt vyolans gwoup ak zam yo ki ta menase direktman sekirite gwo otorite peyi a. Vyolans sa a reprezante yon danje pèmanan pou fonksyonman ak establi enstitisyon Leta. Kon sa tou, yon alyans ki fèt ant gwoup ak zam k ap fonksyone prensipalman nan zòn Pòtoprens e ki rele G-9, anpeche Premye Minis la, Ariel Henry al patisipe nan dat 17 oktòb 2021, nan yon seremoni ofisyèl nan katye Pon-Wouj la, nan Depatman Lwès. Nan date 1 janvyè 2022, bandi ak zam nan

---

<sup>140</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2020/944](#), 25 septembre 2020, para. 55

<sup>141</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/559](#), 11 juin 2021, par. 37.

<sup>142</sup> CIDH, [Informe Anual 2020](#), OEA/Ser.L/V/II. Doc. 28, 30 March 2021, p. 470.

<sup>143</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/559](#), 11 juin, 2021, par. 37.

<sup>144</sup> OCHA: [Haiti: Displacement in Port-au-Prince Situation Report No. 4 - As of 1 July 2021](#), 1 de Julio de 2021; OIM: [Haiti: Emergency Tracking - Displacement in the Metropolitan Area of Port-au-Prince \(Delmas 103\) - Factsheet No. 4](#), 25 juin 2021.

Gonaïves tonbe tire sou Premye Minis la pandan yon seremoni pou selebre Jounen Endependans la<sup>145</sup>.

## 2. Masakray ak enpinite

112. Depi plizyè deseni, CIDH ap obsève yon seri masakray k ap fèt nan peyi a.<sup>146</sup> Zak sa yo fèt ak patisipasyon fòs lame yo, gwoup paramilitè ak zam, e gwoup kriminel òganize. Jan nou te dekri li pi bonè a, masakray yo suiv yon modèl vyolans ki fò anpil, ak plizyè ansasinay, vyolans seksyèl sou fanm ak gason, degepisman ak anpil dega nan kay yo ak nan biznis yo. Atak sa yo pote anpil konsekans ak yo pou lontan, paske li fòse popilasyon viktim lan deplase.
113. Pandan peryòd 2018 rive 2022, Komisyon an rapòte omwens 3 masakray kle nan LaSalin (novanm 2018), nan Bèlè (novanm 2019) e nan Site Solèy (me-jiyè 2020),<sup>147</sup> epi plizyè lòt atak vyolan. Evennman sa yo reprezante senbòl kriz ensekirite sitwayen yo e entèvasyon Leta a apre masakray sa yo reflekte aklè ak ki kalite defi l ap fè fas kare nan domenn enpinite k ap layite kò li nan peyi a.
114. Nan sa ki konsène masakray LaSalin la, atravè travay siveyans li ak zouti li genyen pou apwouve dispozisyon pwovizwa,<sup>148</sup> CIDH ap reyalize yon suivi sa ki te pase pandan peryòd sa a e ki konsekans sa kite. Se kon sa li adopte rezolisyon 65/2019 ki pote dat 31 desanm 2019. Nan rezolisyon sa a, Komisyon an mande Leta a, en plis lòt aksyon, pou li adopte dispozisyon ki nesèsè pou pwoteje lavi ak entegrite pèsonèl tout manm Komite Viktim LaSalin yo ki t ap kontinye viktim zak vyolans paske yo te denonse sa ki te pase a e paske yo t ap kontinye fè jefò pou asire suivi demann pou yo jwenn jistis pou dega yo te sibi.<sup>149</sup>
115. An patikilye, zak kriminel ki fèt pandan masakray sa a rive nan dat 13 rive 17 novanm 2018 e li te lakòz 70 moun pèdi lavi yo, pami yo ti fi ak ti gason. Nan okazyon sa a, yo vyole 11 fanm ak ti fi, yo dechèpiye 150 kay epi yo boule yo. Sitiyasyon sa a te fòse 300 moun apeprè deplase.<sup>150</sup>

<sup>145</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>146</sup> CIDH, Rapport annuel 1999, Chap IV Haïti, OEA/Ser.L/V/II.102, Doc. 6 rev. 16 avril 1999, p. 46.

<sup>147</sup> BINUH, Report on allegations of human rights violations and abuses during attacks in the Bel-Air district in Port-au-Prince, from November 4 to 6, 2019, Février 2020; RNDDH, Assassinations, Ambushes, Hostage-takings, Rapes, Fires, Raids: The authorities in power have installed terror in Cité Soleil, 13 aout 2020; RNDDH, Massacres in Bel-Air and Cité Soleil under the Indifferent Gaze of State Authorities, 20 mai 2021; Harvard Law School International Human Rights Clinic, Killing with Impunity: State-Sanctioned Massacres in Haiti, 22 avril, 2021; RNDDH, Dark night in Port-au-Prince and Delmas: RNDDH calls for popular mobilization, 20 mai 2021.

<sup>148</sup> Voir CIDH, Résolution 65/2019, Mesure conservatoire 793/19, Comité de Victimes de La Saline en Haïti, Haiti, 31 décembre 2019, et CIDH Communiqué de presse No. 17/2020, 29 janvier 2020.

<sup>149</sup> CIDH, Résolution 65/2019, Mesure conservatoire 793/19, Comité de Victimes de La Saline en Haïti, Haiti, 31 décembre, 2019. De même, voir Le Bureau des avocats internationaux (BAI) et l'Institut pour la justice et la démocratie (IJDH), Mesure conservatoire. For des pétitionnaires anonymes de La Saline, 9 août 2019, para. 38; CIDH, 178 session ordinaire. Accès à la justice et à l'indépendance judiciaire en Haïti. 10 décembre, 2021.

<sup>150</sup> CIDH, 2019 Annual Report, Chapter IV.A, para.374; National Network for the Defense of Human Rights (RNDDH), The events in La Saline: from power struggle between armed gangs to State-sanctioned massacre. 1er décembre 2018, par. 41-46. The Bureau

116. Dapre enfòmasyon Misyon Nasyonzini pou soutni lajistis an Ayiti (MINUJUSTH) kolekte, zak ki mennen masakray LaSalin lan ta benefisyè sipò lojistik ak patisipasyon otorite polisye ak dirijan gwoup ak zam<sup>151</sup>. An plis, Direksyon santral Polis jidisyè Ayiti a denonse konplisite de (2) gwo fonksyonè gouvènman an ki te revoke yon lane apre atak la.<sup>152</sup> Selon rapò sosyete sivil la, fonksyonè sa yo founi zam, inifòm polis ak machin gouvènman an pou reskonsab yo atake zòn lan.<sup>153</sup>
117. Kon sa tou, rapò MINUJUSTH la rapòte PNH la pa janm fè entèvansyon pandan atak la pou pwoteje popilasyon sivil la; li itilize kòm eskiz pa te gen fon disponib pou sa<sup>154</sup>, malgre te gen de (2) komisarya polis ki te tou pre (LaSalin ak Pòtay Sen Josèf). Ogàn Entèvansyon ak Obsèvasyon Lalwa (CIMO) ak Brigad Operasyon ak Entèvansyon (BOID), se de (2) enstitisyon ki te yon distans 1 km zòn ki te atake a.<sup>155</sup>
118. Nan sa ki konsène mezi Leta a adopte pou mennen investigasyon sou sa ki te pase nan LaSalin, dapre enfòmasyon Leta transmèt CIDH, Depatman santral Polis jidisyè a (CDP) te al vizite zòn lan pou kolekte prèv yon ti bout tan apre otorite yo aprann sa ki te rive. Apre investigasyon preliminè a, Komisè gouvènman ta tanmen yon aksyon devan Tribinal Premye Enstans nan Pòtoprens. LETA fè konnen tout an avril 2019, moun ki rezide nan kominote LaSalin lan depoze 74 plent fòmèl sou masakray la. Yon total 80 viktim fè depozisyon e senq (5) arete. Nan dat 23 avril 2019, 98 moun resevwa motif akizasyon yo, pami yo, de (2) gwo fonksyonè Leta..<sup>156</sup>
119. Sou dosye sa a, BINUH anonse pwosedi jidisyè yo ap vanse tipa tipa san pa gen okenn sipoze reskonsab ki jwenn arestasyon yo.<sup>157</sup> Youn nan prensipal lidè gwoup òganize ki te yon polisye nan PNH la, kontinye ap kabre plyzyè tantativ pou yo arete li, malgre yon desizyon jidisyè an soufrans poutèt patisipasyon li nan masakray nan Gran Ravin an 2017 ki rive yon lane anvan atak LaSalin lan<sup>158</sup>. Dapre enfòmasyon Komite Viktim LaSalin yo founi, Leta ayisyen pa ta ko fini investigasyon fòmèl sou aktè materyèl zak sa yo. An plis, sitwayen ki siviv masakray yo, osnon sa ki blije deplase yo poutèt masakray yo, pankò jwenn asistans, ni reparasyon..

---

des Avocats Internationaux (BAI) and the Institute for Justice and Democracy in Haiti (IJDH), Precautionary Measures Request for Anonymous Petitioners of La Saline, 9août 2019, par. 4.

<sup>151</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary-General, S/2019/198, 1er mars 2019, par. 38.

<sup>152</sup> Institute for Justice and Democracy in Haiti, Human Rights Groups Petition CIDH to Protect Survivors of La Saline Massacre, 14 août, 2019; Human Rights Watch, World Report 2020 – Haiti: Events of 2019, 8 janvier 2020.

<sup>153</sup> National Network for the Defense of Human Rights (RNDDH), The events in La Saline: from power struggle between armed gangs to State-sanctioned massacre, 1er décembre 2018, par. 54-58

<sup>154</sup> United Nations Mission for Justice Support in Haiti (MINUJUSTH), La Saline: Justice for the Victims. The State has an Obligation to Protect All Citizens (2019), juin 2019, par. 23.

<sup>155</sup> United Nations Mission for Justice Support in Haiti (MINUJUSTH), La Saline: Justice for the Victims. The State has an Obligation to Protect All Citizens (2019), juin 2019, par. 23-26.

<sup>156</sup> CIDH, 173e session. Situation des droits de l'homme en Haïti. 23 septembre 2019.

<sup>157</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti – Report of the Secretary-General, S/2021/133, 11 février 2021, par. 38.

<sup>158</sup> BINUH, Report on allegations of human rights violations and abuses during attacks in the Bel-Air district in Port-au-Prince, from November 4 to 6, 2019, février 2020, par. 7.

120. Yon lò kote, CIDH pran nòt vyolasyon grav ki fèt nan kad masakray ak atak sa yo. Nan Bèlè –yon zòn popilè nan Pòtoprens-, dapre enfòmasyon ki soti nan BINUH ak OACNUDH, atak yo fèt nan dat 4 rive 6 novanm 2019. An patikilye, manm gwoup ak zam yo – ki te gen ladan yo ansyen ajan Polis Nasyonal la, mete dife nan 30 kay epi 11 machin<sup>159</sup>. Twa moun pèdi la vi yo, sis blese. Malgre chif sa yo, gen lòt moun ki ta mouri tou nan masakray sa a, men, ajans Nasyonzini sou teren an pa t kapab konfime enfòmasyon sa. Masakray la ta fèt nan kontèks konfwontasyon pou retire barikad nan lari Bèlè, yon zòn yo konnen ki fè anpil manifestasyon kont gouvènman an.<sup>160</sup>
121. Nan sa ki konsène volim atak ki fèt nan Site Solèy ant dat 24 me rive 31 jiyè 2020, dapre enfòmasyon sosyete sivil la, omwens 145 moun pèdi lavi yo e 98 kay kraze. Atak yo ta fèt nan yon kontèks mete grapen sou teritwa epi chanjman zòn enfliyans gwoup ak zam.<sup>161</sup> Enfòmasyon ki disponib fè konnen se konplisite otorite polisye ki fè zak sa yo te ka reyalize.<sup>162</sup>
122. Nan kontèks sa a, Komisyon an esprime preyokipasyon li genyen paske, dapre estanda entèameriken nan domenn sa a, pa gen okenn investigasyon ni sanksyon Leta a tanmen pou zak sa yo ki gen pou wè ak masakray sa yo. Ajoute sou sa Leta a pa gen kapasite pou envestige kòm sa dwa zak sa yo<sup>163</sup>. Se enkapasite sa a ki fè kantite zak vyolans sa yo kontinye ap fèt e se sa ki rann kriz sekirite a pi grav toujou.
123. Nan kad sa a, CIDH la souliyen obligasyon Leta ayisyen an genyen pou li itilize an pwofondè, kòm sa dwa e san paspouki tout kalite zouti li genyen pou envestige tout aspè masakray sa yo, e sa vle di tou envestige tout filyè ki ka endike patisipasyon ajan Leta ak fòs sekirite yo nan zak sa yo.<sup>164</sup>

### 3. Kidnapin ak rakèt

124. Dènye kriz sekirite sitwayen an endike yon gwo ogmantasyon kidnapin. Dapre Nasyonzini, aktivite sa a vin yon sous finansman pou gwoup kriminel k ap opere an Ayiti<sup>165</sup>. Selon enfòmasyon Polis Nasyonal Ayiti a Biwo Entegral Nasyonzini a Ayiti kolekte, yo ta anrejistre yon ogmantasyon plis pase 1 236% ant 2018 ak 2021. Se kon sa an 2021, gen 655 kidnapin ki fèt<sup>166</sup>, yon ogmantasyon apeprè 180% sou ane pase,

<sup>159</sup> BINUH; ACNUDH, [Rapport sur les allégations de violations et abus des droits de l'homme lors des attaques dans le quartier de Bel-Air, à Port-au-Prince, du 4 au 6 novembre 2019, février 2020.](#)

<sup>160</sup> BINUH; ACNUDH, [Rapport sur les allégations de violations et abus des droits de l'homme lors des attaques dans le quartier de Bel-Air, à Port-au-Prince, du 4 au 6 novembre 2019, février 2020](#)

<sup>161</sup> Harvard Law School International Human Rights Clinic, [Killing with Impunity: State-Sanctioned Massacres in Haiti, 22 avril 2021](#)

<sup>162</sup> Harvard Law School International Human Rights Clinic, [Killing with Impunity: State-Sanctioned Massacres in Haiti, 22 avril, 2021](#)

<sup>163</sup> La Commission s'est prononcée antérieurement. Voir CIDH, [Communiqué de presse No. 305/19, 22 novembre, 2019.](#)

<sup>164</sup> La CIDH s'était prononcée antérieurement. CIDH, [Communiqué de presse No. 305/19, 22 novembre, 2019.](#)

<sup>165</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.](#)

<sup>166</sup> UN Security Council, [United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.](#)

lè yo te anrejistre 234 ka kidnapin en 2020<sup>167</sup>. Denyè chif sa a vle di se yon ogmantasyon 200% sou lane anvan an, lè yo te idantifye 79 ka an 2019<sup>168</sup>. En 2018, yo te rapòte 49 kidnapin.<sup>169</sup>

125. Sekretè jeneral Nasyonzini an souliyen ogmantasyon kalite krim sa a afekte tout kouch sosyete a e ladeprim li kreye a jeneralize<sup>170</sup>. An patikilye, sèten kidnapin kreye gwo boulvès nan sosyete ayisyen an, tankou nan lòt peyi ki gen sitwayen yo viktim zak sa yo. Se kon sa nan dat 11 avril 2021, yo kidnape yon gwoup 10 moun, pami ladan yo sèt manm klèje ayisyen an ak yon sitwayen franse. Se sa ki fè Legliz katolik ansanm ak sektè edikatif e prive pran inisyativ dirije yon aksyon nasyonal e chante yon mès kòm mwayen pou pwoteste.<sup>171</sup> Tout moun yo te kidnape yo finalman te jwenn liberasyon yo.<sup>172</sup> Dapre enfòmasyon ki piblik, nan dat 16 oktòb 2021, yon total 17 misyonè ameriken ak kanadyen tonbe viktim zak sa yo e yo te libere yo jis an desanm 2021<sup>173</sup>.

126. Komisyon an note kantite fwa zak sa yo fèt epi li endike kouman gravite yo gen yon enpak dirèk sou finansman, fonksyonman enstitisyon yo, òganizasyon ak espas piblik ak sivik peyi a. Nan sans sa, li raple Leta a obligasyon li genyen pou li envestige tout konpòtman ki afekte dwa ki pwoteje nan Konvansyon ameriken an, gen orijin li nan obligasyon jeneral garanti ki prevwa nan atik 1.1 Konvansyon sa a. Sa enkli obligasyon pou pwoteje dwa sitwayen ki imen tout moun ki anba jiridiksyon li, pandan l ap garanti yon estrikti sekirite pou pèmèt tout moun jwi libète yo ak dwa yo san limit.<sup>174</sup>

#### 4. Manifestasyon ak itilizasyon fòs

127. 127. Depi 2018, gen yon malkontan nan sosyete a ki reflète nan yon ogmantasyon manifestasyon kont diferan kesyon tankou agravyasyon nivo vyolans la, kriz nan demokrasi enstitisyonèl la nan peyi a, frajilite sityasyon ekonomik la epi plis difikilte pou jwenn disponiblite pwodui premye nesosite, tankou gazolin pa egzanp. Ogmantasyon pwotestasyon sosyal yo, se espresyon yon kontèks opozisyon politik

---

<sup>167</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2021/133, 11 de febrero de 2021.

<sup>168</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2020/123, 13 février 2020.

<sup>169</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2019/198, 1er mars 2019.

<sup>170</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General, S/2021/559, 11 juin 2021, para. 5.

<sup>171</sup> France 24, Kidnapped Catholic clergy, including French citizens, held for \$1 million ransom in Haiti, April 12, 2021; VOA News, Catholic Officials Halt Activity in Haiti Over 9 Kidnapped, 21 avril 2021.

<sup>172</sup> VOA News, Catholic Clergy Kidnapped in Haiti Released, Church Group Says, 30 avril 2021.

<sup>173</sup> VOA News, [Released Missionaries Detail Daring Escape From Haiti](#), 20 diciembre, 2021.

<sup>174</sup> Dans ce même ordre d'idées par exemple, CIDH, [Informe sobre la Situación de los Derechos Humanos en El Salvador](#), OEA/Ser.LV/II. Doc. 278 14 octubre 2021, par. 71.

kont gouvènman an e kont lòt konpòtman kriminel.<sup>175</sup> Nan kontèks sa a, Komisyon an pran nòt repons represif otorite yo ki itilize fòs brital kont sitwayen ki t ap paisipe nan manifestasyon. Kon sa tou, CIDH pra nòt tou ajan prive ak zam ak manm gwoup kriminel yo t ap komèt zak vyolans.<sup>176</sup>

128. 128. Depi nan mitan lane 2018, lè Leta ayisyen anonse li ta pral sispann sibvansyon sou pri gazolin lan, - pou fè suivi yon akò ekonomik li te siyen ak Fon Monetè entènasyonal, apre yo konstate presyon inflasyon sou pri enèji yo-, pwotestasyon yo eklate; wout yo bloke e batiman komèsyal yo atake. Selon enfòmasyon MINUJUSTH la kolekte, manifestasyon yo koumanse nan dat 6 jiyè e yo rapousuiv san rete, jistan Premye Minis epòk sa a, Jack Guy Lafontant blije bay demisyon li. Sa fèt malgre gouvènman te anonse l ap rantre desizyon an pou retabli sibvansyon an.<sup>177</sup>
129. Apre gouvènman an fin deklare eta ijans ekonomik nan dat 5 fevriye 2019, gen yon seri manifestasyon ki fèt pou egzije pi bon kondisyon lavi. An plis, manifestan yo t ap mande demisyon Prezidan Moïse. Manifestasyon sa yo te gen yon enpak sou kapital ak lòt vil nan peyi, kote yo bloke wout piblik, yo piye kay e yo komèt lòt zak vyolans. Dapre MINUJUSTH, 324 sitwayen pèdi lavi yo – pami yo yon ti moun ak twa fanm -, 102 sitwayen blese, pami yo 23 ajan Polis Nasyonal la e 82 moun te jwenn arestasyon yo.<sup>178</sup>
130. Pandan dezyèm semès la, sitiyasyon ensekirite sitwayen yo anvlimen pi rèd e sa vin pwovoke plis manifestasyon ak diskou e kritik kont koripsyon an ki t ap vale teren, pandan popilasyon an ap pèdi konfyans nan enstitisyon yo, pa gen reyaksyon efikaz ki fèt devan konfli ak batay teritoryal ant gwoup ak zam yo. Nan kad sa a, gen zak vyolans ki fèt nan manifestasyon yo, e manifestan yo lanse yon estrateji paralize sèvis ki te rele *Peyi Lòk*.<sup>179</sup>
131. An patikilye, CIDH la remake ak preyokipasyon sitiyasyon vyolans pandan manifestasyon sosyal yo te soti nan ajan sekirite yo tankou nan men sitwayen prive. Se kon sa pandan manifestasyon ki te fèt an septanm 2019 la, OACNUDH rapòte 42 moun pèdi lavi yo e 86 blese. Pou 19 ladan yo, se ajan sekirite ki te reskonsab aloske pou lòt yo, se moun ak zam non idantifye ki te reskonsab<sup>180</sup>. Nan sa ki gen pou wè ak ajan sekirite k ap itilize fòs brital, CIDH fè konnen metòd sa a te an kontravansyon ak estanda entènasyonal yo, espesyalman zak tankou itilizasyon san kontwòl zam ki

<sup>175</sup> E, ver UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2018/241, 20 mars 2018.

<sup>176</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2018/241, 20 mars 2018.

<sup>177</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2018/795, 30 aout 2018.

<sup>178</sup> UN Security Council, United Nations Mission for Justice Support in Haiti – Report of the Secretary General S/2019/198, 1er mars 2019.

<sup>179</sup> Voir CIDH, [La CIDH suit avec une préoccupation particulière la situation politique et institutionnelle en Haïti et appelle au dialogue dans le strict respect des droits humains et de l'État de droit.](#), 23 février 2021.

<sup>180</sup> ACNUDH, [Communiqué de presse sur la situation en Haïti.](#), 1<sup>er</sup> novembre 2019.



mwen fatal, lansman gas lakrimojèn pandan yo nan yon machin lapolis an mouvman, kout zam k ap tire kont manifestan yo ak minisyon mwen mòtèl<sup>181</sup>.

132. 132. An jeneral, dapre enfòmasyon BINUH ak OACNUDH, pandan peryòd 6 jiyè 2018 rive 10 desanm 2019, pandan ajan Leta a t ap angaje nan represyon manifestasyon, 60 moun mouri anba men otorite yo, espesyalman nan Pòtoprens, Okay ak Kap-Ayisyen.<sup>182</sup> Nan majorite ka BINUH dokimante, Polis Nasyonal Ayiti a itilize zam mòtèl pou gaye manifestan yo, pandan yo tire san distenksyon sou foul la, yon aksyon ki an kontravansyon ak estanda ki aplikab yo. Kon sa tou, anpil moun ki te patisipe nan manifestasyon yo te blese deske yo te itilize fòs brital osnon kowensidans te fè yo te nan vwazinay kote manifestasyon yo t ap dewoule a.<sup>183</sup>
133. Nan dezyèm semès 2019 la, Nasyonzini dokimante omwens 1 341 manifestasyon, blokay wout ak barikad. Aloske aktivite yo t ap reprann nan fen mwa septanm lan, Komisyon note manifestasyon yo t ap vin tounen zak vyolans e yo te mwen kowòdone pase sa ki te fèt an 2018 – lè sa a, manifestasyon sa yo te fokise sou kritik koripsyon nan gouvènman an ak sou enfstasyon pri gazolin lan.<sup>184</sup>
134. Lè l ap konsidere zak vyolan gwoup òganize yo anvan, pandan e apre manifestasyon yo, CIDH la fè popilasyon an konnen kondisyon ensekirite yo ap pèmanan e ap prezante pi gwo danje. Nan sans sa a, dapre BINUH ak OACNUDH, li remake pandan manifestasyon ki te fèt nan peryòd 6 jiyè 2018 rive 10 desanm 2019, bandi ak gwoup ak zam yo ansanm ak lòt sitwayen ak zam ki pa idantifye t ap sikile pami manifestan yo. Li rive verifye tou rapò ki genyen ant finansman moun osnon gwoup ki asosye ak opozisyon an osnon ak Gouvènman an<sup>185</sup>. Kidonk, nan manifestasyon ki dewoule nan peryòd sa a, pou pi piti 73 moun – pami ladan yo kat (4) fanm ak kat (4) ti moun – mouri asasinan nan men moun ak zam e non idantifye, e nan menm bandi ak gwoup ak zam.<sup>186</sup>
135. An septanm 2020, gen dizèn etidyan ki òganize manifestasyon pou pwoteste kont ansasinay avoka pwofesè Monferrier Dorval – ki lè sa a, te prezidan Bawo Avoka Pòtoprens -<sup>187</sup>. Nan menm peryòd la, gen santèn polisye Sendika Polis Nasyonal Ayiti a ki pran lari pou pwoteste kont presyon sityasyon ensekirite a t ap fè sou pwòp

---

<sup>181</sup> ACNUDH, [Comunicado de Prensa sobre la Situación en Haití](#), 1er novembre de 2019.

<sup>182</sup> BINUH and OHCHR, [Unrest in Haiti: Their impact on Human Rights and the State's obligation to protect all citizens](#), Janvier 2021, pag. 12.

<sup>183</sup> BINUH and OHCHR, [Unrest in Haiti: Their impact on Human Rights and the State's obligation to protect all citizens](#), Janvier 2021, pag. 12.

<sup>184</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2020/123, 13 février 2020.

<sup>185</sup> BINUH and OHCHR, [Unrest in Haiti: Their impact on Human Rights and the State's obligation to protect all citizens](#), January 2021, pg. 7.

<sup>186</sup> BINUH and OHCHR, [Unrest in Haiti: Their impact on Human Rights and the State's obligation to protect all citizens](#), Janvier 2021, pg. 15.

<sup>187</sup> EFE, [Protest against insecurity in Haiti after the murder of a lawyer](#), 1er septembre 2020

aktivite yo e pou egzije pi bon salè ak pi bon kondisyon travay.<sup>188</sup> Nan sa ki konsènen eleman sa yo, nan yon deklarasyon ki pote dat 23 fevriye 2021, CIDH souliyen ogmantasyon tansyon yo nan kad manifestasyon yo, ansanm ak denonsyasyon fòs brital ajan sekirite yo itilize, san bliye kout zam yo ak vre minisyon e gaz lakrimojèn yo voye sou popilasyon an.<sup>189</sup>

136. CIDH souliyen atik 31 Manman Lwa Ayiti garanti pwoteksyon libète reyinyon ak asosyasyon san zam, pou rezon politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl osnon pou nenpòt ki lòt rezon pasifik<sup>190</sup>. CIDH ak Rapòtè pou libète lapawòl fè remake Leta ayisyen gen obligasyon garanti egzèsis dwa pou manifeste, paske se yon fòm egzèsis dwa reyinyon ak dwa libète lapawòl<sup>191</sup>. Nan sans sa a Leta gen obligasyon pwoteje patisipan yo nan manifestasyon kont vyolans fizik lòt moun ak lòt aktè ki pa nan Leta te konn fè<sup>192</sup>. Komisyon an raple obligasyon pou respekte, pwoteje ak fasilite dwa manifestasyon enkòpore tou obligasyon pou anpeche tout aksyon ki kapab domaje entegrite fizik moun<sup>193</sup>. Komisyon an ap repete « lè yon manifestasyon osnon yon pwotestasyon kreye yon sitiyasyon vyolans, sa vle di Leta pa t nan kondisyon garanti egzèsis dwa sa a ».<sup>194</sup>
137. CIDH ap raple itilizasyon fòs dwe respekte yon seri prensip rijid eksepsyon, legalite, nesosite total ak pwopòsyon<sup>195</sup>. Sou baz prensip sa yo, CIDH la ak Biwo Rapòtè sou libète lapawòl fè konnen itilizasyon zam ak minisyon mòtèl pa gen jistifikasyon, sof nan sikonstans eksepsyonèl<sup>196</sup>. Nan kad sa a, pou zam ki mwen mòtèl yo, CIDH remake itilizasyon zam sa yo dwe konsidere non sèlman jan yo fèt ak sa ki karakterize yo, men tou lòt faktè tankou kontèks kote y ap itilize yo epi kondisyon espesyal moun ki sible a. Si se pa sa, konsekans yo kapab mòtèl osnon lakòz blese grav, jan nou wè sa rive an Ayiti.<sup>197</sup> Kon sa tou, Komisyon an ap repete, selon Prensip *fundamental Nasyonzi* *sou itilizasyon fòs ak zam ak bal nan men fonksyonè ki anchaje fè respekte la*, devlopman ak distribisyon zam mwen mòtèl ki rann ou enkapab, gen yon

<sup>188</sup> Haiti 24, The march of the police of the SPNH-17 against the insecurity dispersed with tear gas, 7 septembre, 2020.

<sup>189</sup> CIDH, [La CIDH suit avec une préoccupation particulière la situation politique et institutionnelle en Haïti et appelle au dialogue dans le strict respect des droits humains et de l'État de droit](#), 23 février 2021.

<sup>190</sup> Haïti, [Constitution d'Haïti](#), Cap 2, article 31.

<sup>191</sup> CIDH, Communiqué de presse No. 038/2. [La CIDH suit avec une préoccupation particulière la situation politique et institutionnelle en Haïti et appelle au dialogue dans le strict respect des droits humains et de l'État de droit](#), 23 février 2021.

<sup>192</sup> CIDH, RELE, Protesta y Derechos Humanos, OEA/Ser.LV/II CIDH/RELE/INF.22/19 Septiembre 2019. CIDH, Informe sobre la situación de las defensoras y defensores de los derechos humanos en las Américas, 7 de marzo de 2006, OEA/Ser.LV/II.124 Doc. 5 rev. 1, párr. 109.

<sup>193</sup> CIDH, RELE, Protestation et droits de l'homme, OEA/Ser.LV/II CIDH/RELE/INF.22/19 septembre 2019. CIDH, Rapport sur la situation des défenseurs des droits de l'homme dans les Amériques, 7 mars de 2006, OEA/Ser.LV/II.124 Doc. 5 rev. 1, par. 109.

<sup>194</sup> CIDH, RELE, Protestation et droits de l'homme, OEA/Ser.LV/II CIDH/RELE/INF.22/19 septembre 2019. CIDH, Rapport sur la situation des défenseurs des droits de l'homme dans les Amériques, 7 mars de 2006. OEA/Ser.LV/II.124 Doc. 5 rev. 1, par. 99. Y CIDH, Rapport annuel 2015, chap. IV A, par. 68.

<sup>195</sup> CIDH, Rapport annuel 2015, chap. IV A, par. 7

<sup>196</sup> Rapporteur spécial sur la liberté d'expression et CIDH, [Protestations et droits de la personne](#), OEA/SER.LV/II CIDH/RELE/INF.22/19, par. 117.

<sup>197</sup> CIDH, [Annual Report 2015](#), Chapter IV.A, Use of Force, para. 18

evalyasyon pwofondè ki dwe fèt pou diminye danje ki ka kreye pou vi moun ki pa enplike nan anyen <sup>198</sup>.

138. Kòm dènye mo, lè sa rive gen ajan lòd ki itilize fòs ki lakòz moun mouri osnon blese, se pou otorite endepandan mennen yon investigasyon sans pèdi tan e san paspouki pou idantifye moun ki reskonsab yo e ki degre reskonsablite nan zak sa a. Sa dwe fèt « pou garanti fòk gen moun ki rann kont, ki pou jije, ki pou resevwa sanksyon e fòk fanmi viktim yo resevwa reparasyon kòm sa dwa ». <sup>199</sup>

---

<sup>198</sup> United Nations Principles de base des Nations unies sur le recours à la force et l'utilisation des armes à feu par les responsables de l'application des lois, adopté lors du Huitième Congrès des Nations Unies sur la prévention du crime et du traitement des délinquants, tenu à La Havane, Cuba du 27 août au 7 septembre 1990, Dispositions 3, 11.

<sup>199</sup> CIDH, Protestations et droits de l'homme, OEA/SER.L/V/II CIDH/RELE/INF.22/19, Septembre, 2019, par. 359.



Chapit IV.

---

# **Dwa Ekonomik, Sosyal, Kiltirèl Ak Anvironnmanal An Ayiti**

## DWA EKONOMIK, SOSYAL, KILTIRÈL AK ANVIKONNMANTRAL AN AYITI

139. Pwomosyon ak garanti dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironnmantral (DESCA an panyòl) an Ayiti, se kèk nan pwen enpòtan ki bay CIDH ak Biwo Rapòtè espesyal sou dwa ekonomik, sosyal kiltirèl ak anvironnmantral (REDESCA an panyòl) anpil preyokipasyon.
140. Nan chapit sa a, REDESCA pral egzamine sityasyon jeneral DESCA yo dapre oryantasyon estratejik manda a e selon prensip ki di dwa imen pa ka divize e youn depann lòt. Apwòch sa a ap fèt nan kad kontèks kote DESCA yo ap aplike nan peyi a, kote gen destabilizasyon demokrasi enstitisyonèl la e kote youn kriz ekonomik e sosyal grav ap dewoule, kote gen ogmantasyon vyolans la ki soti nan batay gwoup ak zam kap goumen pou kontwòl teritwa pandan katastwòf natirèl ap frape peyi a. Chapit sa a va analize tou espesyalman sityasyon lamizè ak inegalite nan peyi a, etandone Ayiti se youn nan peyi ki pi pòv nan rejyon an. Kon sa tou, Biwo a va voye je tou sou dwa pou lasante ak faktè sosyal yo, ansanm ak katastwòf natirèl yo, ijans chanjman klimatik yo ak dwa tout moun pou yo jwenn disponiblite dlo.

### A. Kontèks Desca Yo An Ayiti

141. Dapre enfòmasyon Bank mondyal, 58,5 % popilasyon an ap viv anba limit lamizè.<sup>200</sup> Sa vle di Ayiti, se peyi ki pi pòv nan Amerik la e youn ki pi pòv nan lemonn. Jan nou te di sa anvan, depi plizyè deseni, peyi sa a nan Karayib la ap fè fas kare ak youn kriz miltidimansyonèl e konplèks ki gen orijin li nan vyolans politik la, nan koripsyon ak nan enpinite, nan eliminasyon enstitisyon demokratik ak jidisyè yo, nan vyolasyon sistematik dwa moun ak miltiplikasyon gwoup ak zam yo.
142. Nan youn kontèks rejyonal kote kriz spsyal fè mikalaw, ak youn pousantay chomaj ak ivo lamizè ak lamizè total kapital pi wo pase anvan pandemic COVID-19<sup>201</sup> la, REDESCA reyalize youn siveyans espesyal kondisyon nan Leta ayisyen an nan sa ki konsènen DESCA yo, nan youn moman kote Leta sa a limenm ap fè fas kare ak youn seri pwoblèm sistemik e estriktirèl tankou pa egzanzp youn kad enstitisyonèl e estriktirèl bankal anpil ki anpeche planifikasyon ak suivi politik piblik yo. Nou ka site tou kòm pwoblèm sistemik reyalite youn sityasyon ekonomik ki vin anvlimen anpil pandan dènye lane sa yo e ki bloke disponiblite byen ak sèvis ki pi enpòtan yo, san bliye vilnerablite fenomèn ki konekte ak chanjman klimatik<sup>202</sup> la kreye. Fòk nou ajoute sou sa defi grav pandemi a

---

<sup>200</sup> Banque mondiale, *Indicateurs du développement dans le monde.2021*

<sup>201</sup> Comisión Económica para América Latina y Caribe (CEPAL), *Panorama Social de América Latina 2021*, Santiago, marzo de 2022, p. 14.

<sup>202</sup> En este sentido, OCHA, *Aperçu des besoins humanitaires*, marzo de 2021.

vin poze, ansanm ak evenman politik ak katastwòf natirèl yo ki rive nan peyi a pandan 2021. Katastwòf sa yo te gen enpak diferan sou popilasyon k ap viv nan sitiyasyon vilnerablite e yo te gen konsekans grav pou jwisans DESCA yo nan peyi a<sup>203</sup>.

143. Devan tablo sa a, REDESCA ap suiv espesyalman ak enkyetid gwo ogmantasyon sitiyasyon lamizè ak lamizè total sa a. L ap suiv tou kondisyon jwisans dwa lasante nan peyi a, pandan l ap konsidere enpak pandemi a. Kon sa tou, Biwo espesyal la ap siveye ogmantasyon kantite moun k ap deplase – andedan tankou an deyò – non sèlman poutèt tou faktè nou esplike piwo a, men tou kòm konsekans katastwòf natirèl yo k ap frape peyi a chak fwa pi souvan..

## B. Lamizè Ak Inegalite An Ayiti

144. REDESCA resevwa enfòmasyon ki konsène kondisyon frajil ak blokay ki anpeche sitwayen yo jwi DESCA yo poutèt sikonstans grav leta ayisyen an ap viv . Jan sa te endike, kriz ekonomik la, kriz manje a ki estriktirèl, e kriz imanite katastwòf natirèl e chanjman klimatik la deklannche vin pwovoque yon kriz miltidimansyonèl ki anvlimen kondisyon lamizè ak lamizè total an Ayiti.
145. Dapre enfòmasyon Ministè Ekonomi ak Finans Ayiti, sis moun sou dis ta ap viv nan lamizè; sa vle di 6,3 milyon sitwayen sou preske 11 milyon abitan <sup>204</sup>. Dapre Rapò sou devlopman imen òganizasyon PNUD pou 2020, Ayiti se 170zyèm peyi sou 189 nan sa ki konsène devlopman imen (IDH)<sup>205</sup>. Pwogram Nasyonzi pou devlopman ak *Oxford Poverty and Human Development Initiative* rapòte Endikatè Lamizè miltidimansyonèl ta klase Ayiti kòm peyi Amerik latin ak Karayib la kote yo anrejistre pi gwo pousantay moun k ap viv nan lamizè miltidimansyonèl, ak yon total 41.3% total popilasyon.<sup>206</sup>
146. Nan sa ki gen pou wè ak kriz ekonomik la, dapre enfòmasyon Bank mondyal, Ayiti ta prezante yon tablo kote ou jwenn endikatè enflasyon ki wo anpil – 22,8% an 2020 - yon pousantay chomaj 34,9% ki bay anpil enkyetid. An plis, pandemi COVID-19 non sèlman ta akselere degrengolad ekonomi ayisyen an, men ekonomi Karayib la an jeneral a. Sitiyasyon sa lakòz 1,5 milyon dyòb apeprè pèdi.<sup>207</sup>
147. Kon sa tou, REDESCA resevwa enfòmasyon sou kriz manje a tou, yon kriz estriktirèl ki afekte peyi a e ki vin pi mal poutèt kriz ekonomik la ki agrave, lamizè ki jeneralize e anvlimen akòz katastwòf natirèl yo. Dapre yon rapò Kowòdinasyon Nasyonal pou

<sup>203</sup> Voir OCHA, *Aperçu des besoins humanitaires*, mars 2021.

<sup>204</sup> Ministère de l'Économie et Finances, *Plan de relance économique post COVID-19 pour la période 2020-2023*, p. 16, décembre de 2020.

<sup>205</sup> PNUD, *Classement par indice de développement humain. 2020. PNUD, Rapport sur le développement humain. 2020.*

<sup>206</sup> PNUD y Oxford Poverty and Human Development Initiative, *Índice de Pobreza Multidimensional global, 2020.*

<sup>207</sup> OIT, *“OIT: COVID-19 elimina el equivalente a 1,5 millones de empleos en el Caribe”*, 13 mai 2020.

- Sekirite alimantè an Ayiti (CNSA) pibliye nan mwa septanm 2021, apeprè 14% popilasyon an anrejistre nan ribrik ijans alimantè - etap ki pi grav apre famin – e yon lòt 30% popilasyon ta nan yon sitiyasyon kritik<sup>208</sup>. Kidonk, 44% popilasyon ayisyen an ta nan kondisyon ensekirite alimantè ki grav anpil<sup>209</sup>.
148. Dapre Fon Nasyonzini pou ti moun (UNICEF), Leta ayisyen t ap fè fas kare ak pi gwo kriz imanité li janm genyen pandan dènye ane sa yo, aloske yon tyè ti moun, fi kon gason – omwens 1,5 milyon – ta bezwen yon asistans san pèdi tan poutèt dega katastwòf natirèl yo kite, san bliye ogmantasyon vyolans ak pandemi a COVID-19 la pote. Sikonstans sa yo frennen sèvis edikasyon ak pwoteksyon yo<sup>210</sup>.
149. Nan sans sa, CIDH ak REDES CA remake ak preyokipasyon gen yon bon kantite ti moun, fi kon gason, ak jenn moun nan rejyon Sid Ayiti (Grand Anse ak Nippes) k ap kontinye pa kapab al lekòl paske goudougoudou a te kraze batiman lekòl yo nan mwa dawout 2021<sup>211</sup>. Konsa tou, CIDH ak REDESCA gen anpil enkyetid pou sitiyasyon ti moun yo ki prèt pou kite lekòl poutèt gwo nivo vyolans nan batay ant gwoup ak zam yo. Sa anpeche al lekòl depi fen mwa avril 2022<sup>212</sup>.
150. Nan kontèks sa a, Komisyon an ak REDESCA raple, jan CIDH la te deklare nan *Rapò sou lamizè a ak dwa moun*<sup>213</sup>, kondisyon lamizè, se yon pwoblèm dwa moun ki tounen yon blokay pou jwisans ak egzèsis dwa moun nan kondisyon egalite pou tout moun, gwoup ak kolektivite k ap viv nan kondisyon sa yo. Nan kad sa a, depi nan komansman planifikasyon politik piblik yo – Leta dwe fè jefò pou asire bidjè a distribye kòm sa dwa, responsablite yo byen pataje e evalyasyon pwogrè ak rezilta byen fèt. Li dwe veve tou pou korije kòm sa dwa tout aksyon osnon tandans regresif nan domenn sa a<sup>214</sup>. Kidonk, CIDH ak REDESCA ap lanse yon apèl bay Leta pou li pran aksyon pou diminye lamizè a ak lamizè total la, pou li aplike politik sosyal pou redistribye resous yo atravè adopsyon lwa, mezi ak politik piblik ki nesèsè nan domenn fiskal ak salè ki va pèmèt takle pwoblèm lamizè a dirèkteman, sou yon baz transvèsal, nan kad yon apwòch ki chita sou respè dwa moun.

### C. Dwa pou lasante ak faktè sosyal ki gen enpak sou li

---

<sup>208</sup> Coopération Nationale de la Sécurité Alimentaire, [Fiche Communication IPC de l'insécurité alimentaire](#), septembre 2021.

<sup>209</sup> Coopération Nationale de la Sécurité Alimentaire, [Fiche Communication IPC de l'insécurité alimentaire](#), septembre 2021.

<sup>210</sup> UNICEF, ["Haiti: Violence and pandemic leave one in three children in need of humanitarian assistance"](#), 9 juillet 2021

<sup>211</sup> UNICEF, ["Six mois après le tremblement de terre, plus de 4 écoles sur 5 détruites ou endommagées doivent encore être reconstruites"](#) 14 de febrero de 2022.

<sup>212</sup> Noticias ONU, ["Haití: La violencia de las bandas impiden que medio millón de niños vayan a clase"](#), 6 de mayo de 2022.

<sup>213</sup> CIDH, [Informe sobre Pobreza y Derechos Humanos en las Américas](#), 07 de septiembre de 2017, párr. 91.

<sup>214</sup> UNICEF, ["Six mois après le tremblement de terre, plus de 4 écoles sur 5 détruites ou endommagées doivent encore être reconstruites"](#) 14 février 2022.

151. Nan Rapò anyèl li pou 2020, REDESCA souliyen sitiyasyon sektè lasante a an Ayiti ki, depi yon deseni, manke sipèvizyon administratif e gen yon bidjè ki pa sifi.<sup>215</sup> Nan kontèks sa a, fòk nou ajoute konsekans katastwòf natirèl yo sou jwisans dwa sa yo pandan lane 2021 an. Nan sans sa a, Biwo Rapòtè espesyal la esprime preyokipasyon li poutèt dega ki fèt nan lopital yo ak sant lasante peyi a, sa ki vin agrave frajilite sistèm sante a. Tout faktè sa yo anpeche moun blese yo jwenn tretman yo bezwen<sup>216</sup>.
152. Pandemi COVID-19 la te gen yo gwo enpak sou jwisans dwa pou lasante e li anvlimen sitiyasyon kritik ki te deja ap afekte sèvis sante yo. Dapre enfòmasyon Ministè Sante piblik ak Popilasyon an, rive 5 mai 2022, te gen 30 712 ka pozitif konfime e te gen 835 moun ki te pèdi lavi yo.<sup>217</sup> Se nan mwa jen 2021 yo te anrejistre pi gwo kantite moun ki te kontamine nan yon jounen<sup>218</sup>. Òganizasyon panameriken pou la sante (OPS) obsève kouman repons Leta ayisyen pou takle COVID-19 la te fèb e li ankouraje li pou li mete plis enèji nan entèvansyon li yo pou laji kouvèti sante a pou moun ki afekte yo.<sup>219</sup> An reyalyte, kantite ka pozitif konfime ak kantite moun ki mouri sanble ap diminye malgre pwosesis vaksinasyon p ap vanse vit.<sup>220</sup>
153. Nan kontèks sa a, REDESCA reyalize yon suivi espesyal pwosesis vaksinasyon an nan peyi a. Dapre enfòmasyon ki kolekte, Ayiti, se ta dènye peyi Amerik latin lan ki resevwa dòz vaksen kont COVID-19 la. Premye 500 000 dòz yo rive nan dat 14 juillet 2021, atravè Fon Aksè global pou Vaksen COVID-19 (COVAX)<sup>221</sup>. Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) Ayiti òganize premye seyans vaksinasyon an nan dat 16 juillet 2021 nan Lopital Inivèsite Lapè (HUP) nan Pòtoprens e li bay vaksinasyon pwofesyonèl lasante yo ak gran moun premye priyorite<sup>222</sup>. Nan sans sa, REDESCA esprime preyokipasyon li sou kouman pwosesis vaksinasyon an t ap vanse, paske Ayiti te youn nan peyi nan lemonn ki te gen mwens moun ki te vaksinen. Nan komansman mwa me 2022, te gen yon pousantay 1,1% moun ki te vaksinen nan popilasyon an<sup>223</sup>. Pwosesis vaksinasyon an ki pa vanse vit, se rezilta kapasite limite Leta a genyen pou administre dòz yo. Fòk nou site tou popilasyon an ki pa enterese pran vaksen an paske li pa jwenn ase bon enfòmasyon. Nan kondisyon sa a, yo te blije retounen vaksen ki te prèt pou espire a paske Leta pa t gen kapasite pou administre yo anvan dat espirasyon yo.<sup>224</sup>
154. Kondisyon lamizè ak lamizè total k ap frape peyi a gen konsekans grav sou dwa pou lasante. Nan sans sa a, REDESCA montre preyokipasyon li pou zak piyay ak blokay

<sup>215</sup> REDESCA, Rapport annuel. par. 686.

<sup>216</sup> ONU info, "Séisme en Haïti : 650.000 personnes ont encore besoin d'une aide urgente (OIM)", 2 septembre 2021

<sup>217</sup> Ministère de la Santé Publique et de la Population, *Situation Épidémiologique de la COVID-19*, 5 mai 2022.

<sup>218</sup> Ministère de la Santé Publique et de la Population, *Bulletin 30 décembre 2021 de la surveillance nouveau Coronavirus*, 30 décembre 2021, pag. 5.

<sup>219</sup> OPS, Haïti: *Directora de OPS pide intensificar la respuesta de salud ante el rápido deterioro de la situación por la COVID-19*, 2 juin 2021.

<sup>220</sup> OCHA, Haïti: *Aperçu Humanitaire*, 5 mai 2022.

<sup>221</sup> OPS, "Haïti reçoit 500 000 vaccins donnés par les États-Unis par le biais de COVAX", 14 juillet de 2021.

<sup>222</sup> OPS, "Haïti inicia su campaña de vacunación contra la COVID-19 menos de 48 horas después de la llegada de las primeras vacunas", 17 de julio de 2021.

<sup>223</sup> Ministère de la Santé Publique et de la Population, *Situation Epidémiologique de la COVID-19*, 05 de mayo de 2022. OCHA, Haïti: *Aperçu Humanitaire*, 5 de mayo de 2022.

<sup>224</sup> Efe, "Haïti devuelve 250.000 vacunas a punto de caducar al Covax", 13 de octubre de 2021.



wout yo gwoup ak zam yo ak mennen, paske yo anpeche founiti regilye sèvis sanitè yo. Klima vyolans la paralize bon jan dewoulman aktivite pwofesyonèl lasante yo e li bloke founiti materyèl medikal yo ak eleman nesèsè tankou oksijenn, yon pwodui fondamantal pou tretman kondisyon ki asosye ak viris COVID-19 la.<sup>225</sup> Kriz gazolin lan kreye gwo blokay tou pou founiti laswenyay nan lopital yo, san bliye administrasyon terapi ak oksijenn pou enfeksyon grav yo.<sup>226</sup>

155. Sityasyon vyolans la gen yon enpak diferan sou travayè ki nan domenn lasante. Nan sans sa a, REDESCA reyalize yon siveyans sou kondisyon pwofesyonèl sa yo ki rete san pwoteksyon devan ogmantasyon zak vyolans gwoup ak zam yo nan peyi a, aloske y ap resevwa enfòmasyon sou ansasinay<sup>227</sup> ak kidnapin plizyè doktè<sup>228</sup>. Pou pwoteste kont sityasyon ensekirite pèsònèl sektè lasante a t ap viv, nan komansman lane 2022 a, pèsònèl la deklare yon grèv travay ki dire yon mwa<sup>229</sup>.

#### D. Katastwòf Natirèl, Ijans Klimatik Ak Dwa Imen Pou Jwenn Dlo

156. Dapre enfòmasyon Bank intèameriken pou develòpman (BID), Ayiti se yon peyi chanjman klimatik la menase anpil, poutèt yon varyete faktè ki ogmante vilnerablite li nan sans sa a, tankou pa egzantp sityasyon jewografik li, koupay bwa ak degradasyon tè a, gwo nivo lamizè, yon kapasite enstitisyonèl ki bankal e enstablite politik<sup>230</sup>. Se sityasyon sa a ki fè, pandan peryòd 2000-2019<sup>231</sup>, Ayiti vin klase twazyèm peyi nan lemond kote gen plis katastwòf natirèl ki rive e ki sibi anpil konsekans fenomèn meteyowolojik estwòdinè. An plis, chanjman klimatik la ak repetisyon katastwòf sa yo nan anvironnman an gen yon enpak patikilye sou dwa imen pou jwenn dlo.<sup>232</sup>
157. Nan pespektiv sa a, REDESCA reyalize yon suivi enpak dènye katastwòf natirèl yo ki frape Leta ayisyen an an 2021 : goudougoudou 14 dawout la ki te gen yon pisans 7,2; cyclone Grace ki frape peyi a nan dat 16 ak 17 dawout.

---

<sup>225</sup> Europa Press, "[Médicos del Mundo alerta de que el miedo a la violencia en Haití impide a los enfermos ir a los hospitales](#)", 14 de junio de 2021

<sup>226</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>227</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 de febrero de 2022. France 24, "[Los hospitales de Haití entran en huelga tras el asesinato de un pediatra](#)", 04 de marzo de 2021. Le Nouvelliste, "[Pétion-Ville : trois personnes tuées, dont un médecin](#)", 04 de abril de 2022. Médicos Sin Fronteras, "[MSF denounces unbearable "ordinary violence" after killing of staff member](#)", 27 de mayo de 2021.

<sup>228</sup> ABC News, "[Gangs abduct 2 doctors in Haiti, including a needed surgeon](#)", 20 de Agosto de 2021.

<sup>229</sup> Le Nouvelliste, "[«Grève maintenue dans les hôpitaux publics», clament les syndicats](#)", 28 mars 2022.

<sup>230</sup> Office of Evaluation and Oversight, OVE, IDB, [Climate Change and IDB, Building Resilience and Reducing Emissions](#). Regional Study, LAC Small Island Developments States, 2014.

<sup>231</sup> Germanwatch, [Global Climate Risk Index](#), 2021.

<sup>232</sup> CIDH, [Resolución No. 3/2021. Emergencia climática: alcance de las obligaciones interamericanas en materia de Derechos Humanos](#), 31 de diciembre de 2021. Consejo de Derechos Humanos de las Naciones Unidas, [Resolución 41/21. Los derechos humanos y el cambio climático](#). A/HRC/RES/41/21, de 23 juillet de 2019.

158. Dapre enfòmasyon Sèvis Jewolojik Etazini ki konsènen goudougoudou 2021 an, episant lan te apeprè 125 km Lwès kapital la, Pòtoprens. Li te afekte dirèkteman vil ki nan Depatman Sid la.<sup>233</sup> Dapre estimasyon Ajans Pwoteksyon sivil Ayiti a ak Biwo Nasyonzini pou kowòdinasyon Kesyon imanité (OCHA), gen 2 246 moun ki pèdi lavi yo nan goudougoudou sa a. Kon sa tou, yo anrejistre 12 763 moun ki blese e 329 moun ki disparèt.<sup>234</sup> OCHA rapòte gen apeprè 115 183 kay, 1250 lekòl e 97 enstalasyon lasante ki domaje, osnon kraze.<sup>235</sup> Dapre estimasyon BID la, valè dega ekonomik ki fèt rive 1,6 milya dola ameriken<sup>236</sup>.
159. Syklòn Grace la frape peyi a de (2) jou sèlman apre goudougoudou a e li afekte zòn goudougoudou a te deja dekonstonbre, sa vle di rejyon Sid, Nip ak Grandans. Fenomèn sa te gen yon enpak tanporè sou operasyon sekou yo, nan yon kontèks kote kondisyon sekirite yo te konplike disponiblite asistans imanité a. Se jis lè syklòn lan fin pase asistans imanité a te ka rekomanse osnon ranfòse.<sup>237</sup>
160. REDESCA tanmen yon suivi konsekans katastwòf natirèl yo sou jwisans ak aplikasyon DESCA yo. Preyokipasyon yo te chita sitou sou konsekans ki kreye pou dwa pou jwenn lasante, etandone katastwòf natirèl yo rive nan kontèks pandemi a, nan yon moman kote kapasite sistèm sanità a pa kòdyòm e bezwen sanità yo ap gwosi pi plis chak jou. Yon pakèt moun ki blese – plis pase 12 000- koupè ak kontèks pandemi e se sa ki esplike kouman lopital yo debòde<sup>238</sup>, ak yon pèsònèl medikal ki pa sifi, yon defisi medikaman ak enstalasyon ki pou trete moun blese yo, paske anpil nan lopital yo te domaje osnon kraze<sup>239</sup>. Kon sa tou, anpil nan sèvis yo – sitou nan sektè lasante matènèl ak premye swen – kontinye ap fonksyone ak anpil difikilte pou yon gwo pati nan popilasyon an, espesyalman nan zòn riral kote te gen anpil dega.<sup>240</sup>
161. Nan rezolisyon nimewo 3/2021, CIDH ak REDESCA te panche espesyalman sou danje ijans klimatik la te reprezante pou tout nasyon nan Karayib la e yo souliyen konsekans grav danje sa yo ta kapab poze pou moun k ap viv nan lamizè,<sup>241</sup> etandone yo t ap gen pou jere ensekirite pou manje, migrasyon obligatwa, destriksyon enfrastrikti ak ogmantasyon maladi. Devan reyalite sa a, CIDH ak REDESCA lanse yon apèl pou Leta garanti jwisans ak egzèsis dwa imen tout moun ki sibi enpak anviwonman an Ayiti. Sa ta dwe fèt atravè adopsyon lwa, mezi ak politik piblik ki pèmèt ranfòse rezistans popilasyon ayisyen an devan chanjman klimatik la ak katastwòf natirèl yo.

<sup>233</sup> US Geological Service, *M7.2, Nippes, Haiti Earthquake*, 14 août 2021.

<sup>234</sup> OCHA, *Haiti: Earthquake Situation Report No. 8*, 29 novembre 2021.

<sup>235</sup> OCHA, *Haiti: Earthquake Situation Report No. 8*, 29 novembre 2021.

<sup>236</sup> IDB, *Estimating the Potential Economic Impact of Haiti's 2021 Earthquake*, technical note n0 IDB-TN-2297, Septembre 2021.

<sup>237</sup> OCHA, *Haiti: Tremblement de Terre, Flash Update No. 3*, 18 août 2021.

<sup>238</sup> Emergency live, "Haiti, Pueblo Sin Agua Y Sin Atención Médica Por El Terremoto: Llamamientos De La Cruz Roja", 2 octobre 2021.

<sup>239</sup> France 24, "Los hospitales de Haití no logran atender a víctimas del terremoto, agravado por la tormenta Grace", 18 août 2021

<sup>240</sup> OCHA, *Stratégie de réponse humanitaire au séisme du 14 août 2021*, février 2022

<sup>241</sup> CIDH, *Resolución No. 3/2021. Emergencia climática: alcance de las obligaciones interamericanas en materia de Derechos Humanos*, 31 décembre 2021.

162. Komasyon an fè suivi enpak yo sou lòt DESCA yo, pami yo blakawout san souf, kriz grav refijye yo ak blokey founiti sèvis esensyèl yo. Nan sans sa a, dapre enfòmasyon UNICEF, goudougoudou a kraze apeprè 130 000 kay, lopital ak lekòl<sup>242</sup> e sa anpeche yon bon kantite ti fi ak ti gason al lekòl.<sup>243</sup>
163. Youn nan konsekans grav domaj goudougoudou a kreye, se enpak sou dwa imen pou jwenn dlo.<sup>244</sup> Nan sans sa a, resous sa a vin manke nan kay yo ak nan enfrastrikti peyi a, tankou pa egzanp disponiblite kaptay dlo yo ak sistèm distribisyon dlo<sup>245</sup>. Nan sa ki konsène dwa imen pou jwenn dlo, dapre enfòmasyon UNICEF, 26% sitwayen ayisyen pa jwenn dlo pwòp. An plis, 25% kay sèlman ta dispoze yon bon sistèm pou yo lave men ak dlo epi savon. Menm pousantay sa a ta kontinye fè bezwen yo nan lakou paske yo pa gen enstalasyon sanitè<sup>246</sup>.
164. An plis, UNICEF rapòte gen plis pase 210 000 moun nan zòn ki pi afekte yo an Ayiti ki gen disponiblite limite dlo potab, osnon ta nan gwo danje pou enfekte ak maladi ki soti nan dlo kontamine osnon poutèt move liyèn. An plis, gen kèk kominote riral ki jis koulye a kontinye pa jwenn disponiblite enstalasyon sanitè ki fonksyone poutèt dega enfrastrikti yo sibi. Kapasite limite pou bay swen sanitè poze gwo danje pou lasante, tankou enfeksyon nan moun ki blese yo ak danje tetanos<sup>247</sup> e sa ka kreye kondisyon pou maladi atrapan nan dlo reparèt.<sup>248</sup>
165. Nan sans sa a, CIDH ak REDESCA ap raple pou Sistèm entèameriken an, tout Leta yo dwe garanti disponiblite dlo pwòp nan bon kantite kòm kondisyon nesèsè pou pèmèt egzèsis plizyè dwa imen, tankou dwa pou viv, entegrite pèsònèl, ak lasante.<sup>249</sup> Se poutèt sa CIDH ak REDESCA mande Leta ayisyen pou li adapte kad reglemantè ak enstitisyonèl li pou asire rekonesans ak pwoteksyon dwa imen pou jwenn dlo sou yon baz priyoritè. Kon sa tou yo mande Ayiti pou li adopte yon seri mezi ki pou pèmèt li, selon posiblite li, prepare, mete sou pye, epi fasilite efektivman disponiblite ase dlo potab. CIDH ak REDESCA pare pou yo bay kowoperasyon teknik yo kòm kontribisyon nan chache mwayen pou aplike règ ak rekòmandasyon ki nan rezolisyon 3/2021 an sou ljans klimatik ak dwa moun nan rejyon Amerik la.<sup>250</sup>

---

<sup>242</sup> UNICEF, “[Más de medio millón de niños y niñas afectados por el terremoto de Haití](#)”, 17 août 2021.

<sup>243</sup> OCHA, [Haïti: Tremblement de Terre, Rapport de Situation No. 3](#), 31 août 2021.

<sup>244</sup> OCHA, [Haïti: Tremblement de Terre, Rapport de Situation No. 3](#), 31 août 2021.

<sup>245</sup> OCHA, [Haïti: Tremblement de Terre, Rapport de Situation No. 3](#), 31 août 2021.

<sup>246</sup> UNICEF, “[Eau, assainissement et hygiène EAH](#)”, 2021.

<sup>247</sup> UNICEF, “[Un mes después del terremoto de Haití: 260.000 niños, niñas y adolescentes siguen requiriendo ayuda humanitaria](#)”, 14 septembre de 2021.

<sup>248</sup> UNICEF, “[Terremoto en Haití: más de medio millón de niños y niñas en riesgo de contraer enfermedades transmitidas por el agua](#)”, 2 septembre de 2021.

<sup>249</sup> CIDH, [Informe Anual 2015 Cap. IV.A: Acceso al Agua en las Américas; una aproximación al Derecho humano al Agua en el Sistema Interamericano](#), 2015, par. 67.

<sup>250</sup> CIDH – REDESCA, [Resolución 3/2021, Emergencia climática: alcance de las obligaciones interamericanas en materia de Derechos Humanos](#), 31 décembre 2021.



Chapit V.

---

**Libèté Lapawòl**

## LIBÈTÉ LAPAWÒL

166. Vyolans kont jounalis, se yon bagay ki kontinye rete youn nan pi gwo defi an Ayiti nan sa ki konsène libète lapawòl. Vyolans sa ogmante nan kad kriz sosyal ak politik k ap boulvèse peyi a. Nan chapit sa a, Biwo Rapòtè espesyal CIDH pou libète lapawòl (RELE) ap analize pèsistans atak ak menas k ap fèt kont travayè laprès yo. Travayè sa yo ap fè remake gen yon klima jeneralize lapèrèz ak ensikirite poutèt agresyon pèmananan kont yo ak ti kal garanti yo genyen pou yo fèt travay yo lib-e-libè e an sekirite. Kon sa tou, Biwo a ap abòde kondisyon blokay jounalis yo rankontre lè y ap chache jwenn enfòmasyon enterè piblik nan men sous ofisyèl gouvènman an. En plis, l ap analize enpak jounalis yo ak travay kouvèti y ap fè, nan kad pwotestasyon k ap dewoule depi nan komansman 2021 pou kesyone dire manda prezidansyèl la. RELE esprime preyokipasyon li paske pa t gen ase pwogrè ki fèt nan investigasyon jidisyèl yo sou krim kont libète lapawòl, yon sitiyan ki anpeche jounalis yo ak kominikatè sosyal yo fè travay yo.

### A. Ansasinay Jounalis Ak Enpinite

167. Biwo Rapòtè espesyal pou libète lapawòl remake tandans ki kontinye ekziste kote gen yon seri atak ak menas k ap fèt kont travayè laprès an Ayiti. Tandans sa a antre nan kad kriz sosyal ak politik lajman laj CIDH la ap suiv ak anpil atansyon..

168. Pandan peryòd 2019 rive 2022, Biwo sa dokimante ansasinay omwens sis (6) jounalis ak kominikatè. Zak sa yo ta kapab konekte ak travay enfòmasyon yo t ap fè. Nan dat 10 jen 2019, Biwo Rapòtè a anrejistre ansasinay jounalis Pétiyon Rospide, prezantatè nan *Radio Sans Fin*. Li te tonbe viktim moun yo pa konnen ki atake li lè li t ap rantre lakay li nan machin ofisyèl estasyon radyo a nan Pòtoprens<sup>251</sup>. Jounalis sa a ki te gen 45 lane, te fèk fini yon pwogram radyo ki te fokise you akizasyon koripsyon kont gouvènman prezidan Ayiti a lè sa a, Jovenèl Moïse<sup>252</sup>. Ansyen prezidan an te kondane krim sa a li te dekri tankou yon zak rayisab.<sup>253</sup>

169. Nan dat 10 oktòb 2019, yo jwenn kadav jounalis Néhémie Joseph ak twou bal nan machin prive li nan kominote Mirebalais, nan nòdès Pòtoprens, tou pre fwontyè ak

---

<sup>251</sup> CIDH. Relatoría Especial. 14 de junio de 2019. Comunicado de prensa R151/19. *Relatoría Especial condena el asesinato del periodista Petión Rospide y manifiesta su preocupación por la continuidad de la violencia contra periodistas en el marco de la cobertura de manifestaciones públicas en Haití*; CPJ. 13 de junio de 2019. *Radio Sans Fin host Pétiyon Rospide killed in Port-au-Prince, Haiti*; Knight Center. 11 de junio de 2019. *Periodista de radio es asesinado en Haití en medio de protestas contra el presidente del país*.

<sup>252</sup> Associated Press. 11 juin 2019. *Journalists in Haiti demand protection after reporter killed*.

<sup>253</sup> Haiti Libre. 12 juin 2019. *Haiti - Security: The journalist Rospide Pétiyon murdered*; Jamaica Observer. 14 juin 2019. *ACM condemns murder of Haitian journalist, attack on media*.

Repiblik Dominiken.<sup>254</sup> Joseph te yon prezantatè chak semenn nan pwogram *Tambour Vérité* pou *Radio Panic*. Li te korespondan depatmantal pou estasyon *Radio Méga*. Dapre enfòmasyon Biwo sa a resevwa, jounalis la t ap bay enfòmasyon sou sitiyasyon an nan lokalite a epi anpil fwa, li te abòde sijè ki konsène pwotestasyon ki te dewoule an Ayiti an 2019. Li te mansyone tou apèl ki te lanse pou mande prezidan Moïse demisyone. Dapre enfòmasyon ki rive jwenn Biwo a, yo te rekonèt Néhémie Joseph poutèt yon seri piblikasyon ki t ap kritike gouvènman ak jan otorite lokal yo t ap jere kriz politik la.<sup>255</sup> Pi bonè a, Néhémie Joseph te avèti fanmi li ak pwòch li yo li t ap resevwa menas<sup>256</sup>. Semenn anvan li mouri a, li te anonse sou rezo sosyal la te gen de (2) politisyen nan pati prezidan ki te akize li l ap ankouraje pwotestasyon. Sanble politisyen sa yo ta menase lavi misye poutèt repòtaj li yo.<sup>257</sup> Dapre sa Biwo a rive konnen, nan mwa novanm 2020, jij Samson Jean ki t ap envestige ansasinay jounalis *Radio Méga* ak *Radio Panic* retire kò li nan ka a, poutèt menas pou sekirite pèsònèl li li t ap resevwa.<sup>258</sup>

170. Selon enfòmasyon ki disponib, gen yon sèl moun ki arete poutèt ansasinay Néhémie Joseph. Se Clairjeune Juste Chandou ki jwenn arestasyon li nan dat 17 janvyè 2020 nan Dominikani. Yo idantifye li tankou youn nan moun ki ta reskonsab zak kriminel sa a. Dapre enfòmasyon ki piblik, Chandou ta admèt bay lapolis se li ki reskonsab materyèl zak sa a e li te resevwa lajan nan men yon gwo pèsònalite politik nan Depatman Sant la pou li ansasinen jounalis la.<sup>259</sup>
171. Jounalis an Ayiti fè konnen gen yon klima lapèrèz ak ensekirite nan travay yo, kote y ap sibi atak an pèmanans; yo manke pwoteksyon tou.<sup>260</sup> Nan kontèks sa a, Rapòtè a resevwa divès plent piblik jounalis yo depoze poutèt pa gen pwogrè ki fèt nan envestigasyon jidisyè sou atak ak ansasinay ki fèt kont jounalis yo. Nan sans sa a, jounalis yo souliyen Ayiti, se yon peyi k ap kontinye rete yon peyi kote jounalis pa kapab mennen envestigasyon kòm sa dwa toutotan « sistèm jidisyè a kontinye ap mache bankal e toutotan li pa kapab pwoteje jounalis yo ak temwen yo ».<sup>261</sup>

<sup>254</sup> CPJ. 11 de octubre de 2019. *Radio Panic FM journalist found dead in Haiti following threats*; Reuters. 11 octobre 2019. *Journalist's killing fuels ire of Haiti protesters*; Knight Center. 11 de octubre de 2019. *Periodista radial asesinado en Haití en medio de violentas protestas contra el presidente del país*.

<sup>255</sup> Associated Press. 11 octobre de 2019. *Thousands of protesters in Haiti loot stores, battle police*; RSF. 14 octobre de 2019. *Asesinan a otro periodista en Haití*; Amnistía Internacional. 31 de octubre de 2019. *Haití: Amnistía Internacional verifica indicios de uso excesivo de la fuerza contra manifestantes*

<sup>256</sup> Le Nouvelliste. 10 octobre 2019. *Un journaliste tué par balle à Mirebalais*

<sup>257</sup> Le Nouvelliste. 16 octobre 2019. *L'épouse du journaliste Néhémie Joseph reçoit des menaces et craint pour sa vie*; Associated Press. 11 octobre 2019. *Thousands of protesters in Haiti loot stores, battle police*; CPJ. 11 octobre 2019. *Radio Panic FM journalist found dead in Haiti following threats*.

<sup>258</sup> Zoom Haití News. 23 novembre 2020. *Le juge d'instruction Samson Jean se déporte du dossier de l'assassinat du journaliste Néhémie Joseph*; Le Nouvelliste. 24 novembre 2020. *Le juge Samson Jean s'est déporté du dossier de l'assassinat de Néhémie Joseph*

<sup>259</sup> Haiti Tweets. 17 janvier 2020. *L'assassin présumé du journaliste Néhémie Joseph, arrêté*; Gazette Haiti. 17 janvier 2020. *Arrestation du présumé assassin du journaliste Néhémie Joseph en République Dominicaine*; Haiti Standard. 17 janvier 2020. *République dominicaine: le présumé assassin du journaliste Néhémie Joseph arrêté et remis aux autorités haïtiennes*; Radio Visión 2000. 18 janvier 2020. *Haïti-RD: arrestation de 2 suspects dans l'assassinat du Journaliste Néhémie Joseph*.

<sup>260</sup> AyiboPost. 14 novembre 2020. *Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?*

<sup>261</sup> AyiboPost. 14 novembre 2020. *Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?*

172. An 2021, Biwo Rapòtè espesyal pou libète lapawòl dokimante ansasinay Diego Charles, yon jounalis 33 lane ki t ap fè travay li kòm jounalis nan *Radio Vision 2000*, an plis *Gazette Haïti News* e *La Repiblik*. Antoinette Duclair, 33 lane tou, yon prezantatè fanm radyo, militan politik e pòtpawòl mouvman politik opozisyon ki rele Matris Liberasyon, te asainen ansanm ak Diego Charles. Nèg ak zam ki pa idantifye ki te sou moto atake tou le de (2) nan nuit 29 jen 2021 e tire sou yo nan moman Antoinette Duclair t ap kite Charles devan lakay li nan katye Christ-Roi nan Pòtoprens<sup>262</sup>. Dapre enfòmasyon ki piblik, tou le de (2) te resevwa menas anvan.<sup>263</sup> Kon sa tou, apre zak sa yo, kèk fanmi ak zanmi te resevwa avètisman tou pou yo pa pale ak otorite yo nan kad investigasyon zak sa yo.<sup>264</sup> Jounalis Diego Charles t ap fè investigasyon sou diferan sijè pou jounal *La Repiblik*. Pami sijè sa yo, te gen ansasinay an 2020 prezidan Bawo avoka Pòtoprens, Monferrier Dorval. Pa t gen okenn pwogrè jidisyè ki te fèt nan investigasyon sa a.<sup>265</sup>
173. Biwo Rapòtè a resevwa tou enfòmasyon sou ansasinay jounalis John Wesley ak Wilguens Louissant nan dat 6 janvyè 2021, nan Laboule 12, Pòtoprens. Nan sans sa a, li mande Leta mennen investigasyon endepandan e san pèdi tan sou krim sa yo, paske li konsidere travay jounalis la tankou filyè prensipal investigasyon an nan sa ki konsène motif yo.<sup>266</sup> Dapre enfòmasyon ki piblik, John Wesley Amady, - emisyon kanadyen *Radio Écoute FM*, ak Wilguens Louissant, jounalis lokal nan medya dijital, jwenn lanmò yo lè yo tire sou yo aloske yo t ap rapòtè eskalad tansyon ak konfwontasyon vyolan ant gwoup kriminel nan zòn Laboule 12<sup>267</sup>. Dapre enfòmasyon piblik, yon twazyèm jounalis, Wilmann Vil, resi chape yon atak ki te fèt kont lavi li. Lapolis nasyonal Ayiti rive nan zòn lan apre zak yo e li kolekte kadav de (2) jounalis yo. Biwo a resevwa enfòmasyon PNH la ta an kontak ak jounalis ki te reyisi chape a pou garanti pwoteksyon li epi mennen yon investigasyon sou krim lan.<sup>268</sup>
174. Nan kontèks sa a, RELE konsidere *prima facie*, krim sa yo kont jounalis John Wesley Amady e Wilguens Louissant gen pou wè ak travay jounalis yo t ap reyalize; se poutèt sa investigasyon ki gen pou fèt yo dwe konsidere eleman sa a nan kad rechèch yo. An patikilye, nan sa ki konsènen jounalis Willmann Vil ki sibi atak la, Biwo a mande Leta presize kondisyon li e ba li pwoteksyon san pèdi tan.<sup>269</sup>

<sup>262</sup> Al Jazeera. 30 de junio de 2021. [Haitian journalist, activist killed in Port-au-Prince shootings](#); France 24. 30 juin 2021. [Journalist, activist among at least five killed in Haiti](#)

<sup>263</sup> Amnistía Internacional. 6 août 2021. [Haiti: Authorities must protect relatives of murdered journalist and activist from death threats](#)

<sup>264</sup> Amnistía Internacional. 6 de agosto de 2021. [Haiti: Authorities must protect relatives of murdered journalist and activist from death threats](#)

<sup>265</sup> CPJ. 1er juillet 2021. [Haitian journalist Diego Charles shot and killed in Port-au-Prince](#)

<sup>266</sup> CIDH. Bureau du Rapporteur spécial pour la liberté d'expression. 10 ainvier 2022. Communiqué de presse R9/22 - [Le Rapporteur spécial condamne l'assassinat des journalistes John Wesley Amady et Wilguens Louissant en Haïti et exhorte l'État à enquêter avec diligence sur les responsables](#).

<sup>267</sup> Reuters. 6 janvier 2022. [Two Haitian journalists killed by gang outside Port-au-Prince](#); Al Jazeera. 6 janvier 2022. ['Criminal and barbaric': Two Haitian journalists killed by gang](#); BBC. 6 janvier 2022. [Two Haitian journalists killed in gang attack](#); CPJ. 7janvier 2022. [Two Haitian journalists killed while reporting on gang violence in Port-au-Prince](#).

<sup>268</sup> Cuenta de Twitter de PNH (@pnh\_officiel). 8 janvier 8 janvier 2022; Jamaica Observer. 10 janvier 2022. [Bullet riddled bodies of murdered journalists retrieved in Haiti](#); France 24. [Haiti newsman tells of escape from deadly attack by 'all-powerful' gang](#)

<sup>269</sup> CIDH. Relatoria Especial para la Libertad de Expresión. 10 janvier 2022. Comunicado de prensa R9/2022. [La Relatoria Especial condena el asesinato de los periodistas John Wesley Amady y Wilguens Louissant en Haiti y urge al Estado que se investigue diligentemente a los responsables](#).

175. Biwo Rapòtè a ap obsève tou pa gen pwogrès jidisyè ki fèt nan ka jounalis Vladimir Legagneur qui disparèt depi 14 mas 2018, lè li kite lakay li pou li al prepare yon rapò sou kondisyon moun ap viv nan katye Gran Ravin, nan distrik Matisan.<sup>270</sup> Dapre enfòmasyon ki rapòte, jounalis la t ap travay sou yon pwojè endepandan pou dokimante konfwontasyon ant lapolis ak gwoup ak zam yo nan zòn sa a. Pou jis koulye a, fanmi li kontinye ap tann rezilta prèv ADN lapolis ap fè sou yon kadav yo jwenn nan mwa mas la sou yon tè anfrich nan lokalite yo rele Palema nan Grand Ravin.<sup>271</sup>
176. Biwo a fè sonje ansasinay jounalis, se mwayen ki pi radikal pou mete baboukèt nan bouch moun. Li raple tou enpinite kontribye pou laprès mete baboukèt nan pwòp bouch pa li<sup>272</sup>. Tout Eta yo gen obligasyon idantifye ak sanksyone reskonsab krim sa yo. Jan CIDH ak Rapòtè li a repete plizyè fwa, se yon bagay fondamantal pou Leta mennen yon investigasyon total kapital, efektivite san paspouki sou ansasinay jounalis yo; se pou li detèmine motif yo epi tabli sou baz jidisyè, rapò ki ta ka egziste ak aktivite jounalis yo epi libète lapawòl<sup>273</sup>. Otorite yo pa dwe mete sou kote faktè travay jounalis la kòm motif pou ansasinay/osnon agresyon anvan investigasyon an kaba<sup>274</sup>. Mete sou kote aspè lojik yon investigasyon osnon absans dilijans nan rasanblay prèv yo nan kontèks sa a kapab gen repèkasyon grav sou devlopman pwosesis yo nan diferan faz akizasyon osnon jijman an. Lè tout filyè lojik yon investigasyon pankò fin kouvri nèt, sa kapab anpeche sitou idantifikasyon reskonsab entelektyèl yon krim.<sup>275</sup>
177. Biwo Rapòtè a souliyen nan diferan okazyon pa gen anyen ki kreye plis sitirans pase repetisyon zak vyolans kont laprès san pa gen yon reyaksyon enstitisyonèl djanm, etandone pèsèpsyon sa a voye yon mesaj ki di gen tolerans pou vyolans. Sitiyasyon sa a ankouraje moun komèt nouvo krim<sup>276</sup>. Nan sans sa a, devan zak vyolans mòtèl sa yo kont laprès an Ayiti, Biwo a repete enpòtans pou otorite Leta yo rekonèt piblikman

<sup>270</sup> CPJ. [Vladimir Legagneur](#)

<sup>271</sup> France 24. 1 de julio de 2021. [Haitian journalist, activist killed in suspected revenge attacks in Haiti](#); Yahoo! News. 30 juin 2021. [15 killed in suspected revenge attacks in Haiti: police](#)

<sup>272</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. [Estudio Especial sobre la Situación de las Investigaciones sobre el Asesinato de Periodistas por motivos que pudieran estar relacionados con la Actividad Periodística \(período 1995-2005\)](#). OEA/Ser.L/V/II.131. Doc. 35. 8 mars 2008.

<sup>273</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. [Violencia contra periodistas y trabajadores de medios. Estándares interamericanos y prácticas nacionales sobre prevención, protección y procuración de la justicia](#). OEA/Ser.L/V/II. CIDH/RELE/INF. 12/13. 31 décembre 2013. Par. 160.

<sup>274</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. [Violencia contra periodistas y trabajadores de medios. Estándares interamericanos y prácticas nacionales sobre prevención, protección y procuración de la justicia](#). OEA/Ser.L/V/II. CIDH/RELE/INF. 12/13. 31 décembre 2013. Par. 13

<sup>275</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. [Violencia contra periodistas y trabajadores de medios. Estándares interamericanos y prácticas nacionales sobre prevención, protección y procuración de la justicia](#). OEA/Ser.L/V/II. CIDH/RELE/INF. 12/13. 31 décembre 2013. Par.. 203

<sup>276</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. 11 de noviembre de 2020. Comunicado de prensa R271/2020. [Relatoría Especial manifiesta extrema preocupación por la violencia contra periodistas en México y llama al Estado a fortalecer los mecanismos de protección y las medidas para combatir la impunidad](#); CIDH. Informe Anual 2020. [Informe de la Relatoría Especial para la Libertad de Expresión](#). OEA/Ser.L/V/II Doc. 28, 30 de mars 2021. Par.. 976.



e san paspouki lejitimite ak valè travay jounalis la; se pou li kondane ak tout enèji li agresyon k ap fèt kont travayè laprès yo.

## B. Atak, Menas Ak Entimidasyon Kont Jounalis Ak Medya Yo

178. Nan kontèks vyolans ak tansyon politik e enstitisyonèl CIDH la ap egzamine ak anpil atansyon, Rapòtè espesyal pou libète lapawòl la kontinye resevwa enfòmasyon sou atak ak menas k ap rapousuiv kont travayè laprès an Ayiti. Dapre enfòmasyon Biwo Rapòtè a resevwa, ant 2019 e 2021, jounalis yo ta sibi plizyè atak ki ta soti nan sektè gouvènmantral tankou nan gwoup ak zam, kèk ladan yo nan kontèks manifestasyon sosyal yo. Dapre denonsyasyon plizyè jounalis, gen yon klima jeneralize baboukèt ki ta egziste nan travay jounalis yo.<sup>277</sup> Kèk travayè laprès fè konnen otan yo kapab, yo pito limite kantite fwa yo parèt an piblik e yo prefere pa sikile ak okenn kalite idantifikasyon laprès..<sup>278</sup>
179. Pandan dènye lane sa yo, Biwo Rapòtè a fè konnen gen plizyè atak ak pèsekisyon ki fèt kont jounalis k ap egzèse pwofesyon yo an Ayiti. Nan dat 13 fevriye 2019, jounalis korespondan ajans Reuters an Ayiti, Robenson Sanon, resevwa yon bal nan avanbra dwat li ki blese li pandan li t ap kouvri yon konfwontasyon nan Pòtoprens ant lapolis ak manifestan ki t ap mande demisyon Jovenel Moïse.<sup>279</sup> Selon enfòmasyon ki piblik, yo te mennen li anvan nan Lopital de l'Université d'État d'Haïti (HUEH) e pita yo transfere li nan lopital Bernard Mevs.<sup>280</sup>
180. Nan dat 9 jen 2019, de (2) jounalis *Radio Sans Fin* rapòte lapolis te tire sou yo pandan yon manifestasyon pou egzije demisyon Prezidan an epi reyalizasyon yon investigasyon kòm sa dwa sou koripsyon sipoze nan pwogram PetroCaribe a<sup>281</sup>. Kon sa tou, nan dat 10 jen, jounalis *Radio Télé Ginen* ta resevwa kout wòch epi machin yo sibi zak vandalis<sup>282</sup>. Nan dat 18 jen 2019, nèg ak zam tire sou batiman kote *Radio Télé Zenith* gen enstalasyon li nan komin Croix-des-Bouquets<sup>283</sup>. Nan dat 24 jen 2019, yon machin *Radio Télé Métropole* sibi yon atak nan zòn Pòsmachan nan Pòtoprens. Moun yo pa idantifye kalonnen machin lan ak wòch<sup>284</sup>. Yo atake machin lan lè yon ekip

---

<sup>277</sup> Ayibo Post. 16 mars 2021. [Insecurity Coupled with Impunity Forces Haitian Journalists to Hide Sensitive Information](#).

<sup>278</sup> Ayibo Post. 16 mars 2021. [Insecurity Coupled with Impunity Forces Haitian Journalists to Hide Sensitive Information](#)

<sup>279</sup> Loop Haïti. 13 de febrero de 2019. [Haïti - Manifestation: le journaliste Robenson Sanon touché par balle](#); Knight Center. 18 février 2019. [Periodista haitiano es baleado durante protestas contra el gobierno](#)

<sup>280</sup> Le Nouvelliste. 13 février 2019. [Le journaliste Robenson Sanon blessé par balle lors de manifestations anti-gouvernementales](#); CPJ. 14 février 2019. [Journalist shot in anti-government demonstrations in Haiti](#)

<sup>281</sup> Loop Haïti. 10 juin 2019. [Haïti - Insécurité : Un journaliste de la RSF tué par balles](#).

<sup>282</sup> Loop Haïti. 10 juin 2019. [Des véhicules de Radio Télé Ginen incendiés par des protestataires](#); Associated Press. 11 juin 2019. [Journalists in Haiti demand protection after reporter killed](#).

<sup>283</sup> Loop Haïti. 18 de junio de 2019. [Les locaux de radio Télé Zénith attaqués par des individus armés](#); Haïti Standard. 18 de junio de 2019. [Les locaux de la Radio télé Zénith attaqués par des individus armés](#).

<sup>284</sup> Loop Haïti. 24 de junio de 2019. [Un autre véhicule de Radio Télé Métropole attaqué par des manifestants](#); Vant Bèl Info. 24 de junio de 2019. [Haïti/Média: Nouvelle attaque contre un autobus de Radio Télé Métropole](#).

radyo a t ap pare pou kouvri yon manifestasyon opozisyon an. Kèk jou pita, yon lòt machin radyo a ta sibi menm kalite atak la nan zòn Turgeau, tou pre batiman Natcom<sup>285</sup>. Dapre enfòmasyon ki resevwa nan Biwo a, kèk gwoup nan manifestan yo t ap akize *Radio Télé Métropole* ak *Radio Télé Guinen* nan konfyolo ak enterè gouvènman prezidan Jovenel Moïse la.<sup>286</sup>

181. Pandan manifestasyon yo t ap ogmante nan mwa jen 2019 la, men kèk nan jounalis yo ki ta sibi atak : Michel Dominique e Esdra Jeudy -*Radio Sans Fin (RSF)*; Richardson Jourdan - *TNH08*; Lesly Dorcin, jounalis foto pou jounal *Le Nouvelliste* e Kendi Zidor, editoryalis *Le National* e chèf redaktè pou *Solidarité*<sup>287</sup>. Kon sa tou, nan dat 6 dawout 2019, Luckson Saint-Vil, jounalis pou ajans *Loop Haiti* sibi yon atak nan men moun ak zam yo pa konnen aloske li te sou wout pou lakay li nan rejyon sid Ayiti<sup>288</sup>. Dapre enfòmasyon ki disponib, jounalis la te denonse bay lapolis, kèk jou anvan atak la, menas lanmò ki te konekte ak yon repòtaj ki te pibliye sou rapò ant gwoup vyolan yo epi otorite nan komin Site Solèy nan Pòtoprens. Kèk jou anvan, nan dat 16 jiyè 2019, yon lòt jounalis ayisyen, Kendi Zidor, jounalis e analis politik pou chenn televizyon *Télé Pacifique* ak jounal *Le National*, te siviv yon atak kon sa pandan li te sou wout pou lakay li nan Pòtoprens<sup>289</sup>. Kèk mwa anvan, jounalis la te pibliye yon editoryal nan *Le National* kote li t ap kritike jesyon otorite ayisyen yo nan envestigasyon ki konsènen masak LaSalin la. Nan okazyon sa a, gen dizèn moun ki te tòtire e asasinen nan mwa novanm 2018.<sup>290</sup> Depi lè sa a, li t ap resevwa mesaj ekri ki t ap menase touye li.<sup>291</sup>
182. Dapre enfòmasyon piblik, nan dat 23 septanm 2019, Dieu-Nalio Chéry, jounalis grafis pou ajans AP, resevwa yon bal nan figi lè Senatè Jean Marie Ralph Fethière tire sou li san gade. Senatè a di li t ap defann tèt li lè sa a paske li te santi yon gwoup manifestan devan pòt Sena t ap menase li.<sup>292</sup> Dieu-Nalio Chéry te gen kas sou tèt li epi li te gen yon jile antibal ki te make « presse » sou li. Li t ap kouvri yon sesyon palman an pou konfimasyon Premye Minis Fritz William Michel<sup>293</sup>. Nan dat 30 septanm, Edmond Joseph Agenor, jounalis nan *Radio Sans Fin* resevwa yon bal ki blese li nan ponyèt aloske li t ap kouvri konfwontasyon ant manifestan ak lapolis nan Pòtoprens.<sup>294</sup> Dapre

<sup>285</sup> Haitian Times. 20 de junio de 2019. *Radio Télé vehicle targeted in Turgeau Wednesday*, Vant Bèf Info. 24 juin de 2019. *Haiti/Média: Nouvelle attaque contre un autobus de Radio Télé Métropole*.

<sup>286</sup> Loop Haiti. 24 juin 2019. *Un autre véhicule de Radio Télé Métropole attaqué par des manifestants*.

<sup>287</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. Informe Anual 2019. Párr. 774; SIP. 16 octobre 2019. *SIP condena asesinato de un segundo periodista en Haïti este año*

<sup>288</sup> CPJ. 13 août 2019. *Journalist Luckson Saint-Vil survives shooting attack in southern Haiti*. Loop Haiti. 6 août 2019. *Notre reporter Luckson Saint-vil victime d'une attaque armée à Léogâne*; Le Nouvelliste. 7 août 2019. *Le journaliste Luckson Saint-Vil cible d'une attaque armée à Léogâne*

<sup>289</sup> Loop Haiti. 19 juillet 2019. *Victime d'une attaque armée, le journaliste Kendi Zidor porte plainte*; CPJ. 22 de julio de 2019. *Haitian journalist Kendi Zidor survives shooting attempt in Port-au-Prince*; Knight Center. 24 juillet 2019. *Periodista que recibió amenazas sobrevive a ataque armado en la capital de Haïti*.

<sup>290</sup> Le National. 23 mai 2019. *La justice menottée*

<sup>291</sup> CPJ. 22 juillet 2019. *Haitian journalist Kendi Zidor survives shooting attempt in Port-au-Prince*.

<sup>292</sup> The Guardian. 23 septembre 2019. *Haiti: photojournalist shot in face as senator opens fire outside parliament*; BBC. 24 septembre 2019. *Haiti senator opens fire outside parliament, wounding two*.

<sup>293</sup> CPJ. 24 septembre 2019. *Haitian senator opens fire, injuring AP photographer Chery Dieu-Nalio*

<sup>294</sup> Reuters. 30 septembre 2019. *Haitian journalist shot in wrist in latest round of protests*; CPJ. 1er octobre 2019. *Journalist Edmond Agenor Joseph shot by police in Haiti while covering protests*; CPJ. 14 novembre 2019. *CPJ and RSF Call on Haitian Authorities to Investigate Attacks*.

- enfòmasyon laprès, idantifikasyon laprès li te byen vizib e li te gen yon jile ak yon kas sou tèl li pou pwoteksyon. Nan dat 11 novanm, korespondan Rebecca Rockwell, ki t ap ranplase Dieu Nalio Chery pandan li te an konvalesans, resevwa yon kout boutèy ki blese li pandan li t ap kouvri manifestasyon sosyal.<sup>295</sup>
183. Nan dat 7 dawout 2019, apre ogmantasyon atak kont jounalis yo, Sekretè Deta pou kominikasyon kondane ogmantasyon agresyon vèbal ak fizik yo, ansanm ak zak entimidasyon ki t ap fèt kont laprès. Li raple libète laprès, se yon prensip pou nou defann nan nenpòt ki sikonstans.<sup>296</sup>
184. Biwo Rapòtè espesyal la kontinye ap suiv seri atak ki t ap fèt kont laprès an 2020. Jan li te rapòte nan Rapò Anyèl li ki pote dat 23 fevriye 2020, yon gwoup moun maske ak zam ki te deklare yo se manm Polis Nasyonal Ayiti, atake enstalasyon radyo prive *Radio Télévision Caraïbes*, nan Pòtoprens.<sup>297</sup> Gwoup la mete dife nan plizyè machin, yo kalonnen batiman an epi yo kraze fenèt ak ekipman transmisyon. Dapre enfòmasyon ki disponib, atak la ta fèt pandan yon manifestasyon Polis Nasyonal Ayiti a te òganize pou egzije pi bon salè. Estasyon radyo a ak televizyon an t ap kouvri evennman an dirèk lè gwoup ak zam lan anvayi enstalasyon yo e yo pase lòd pou yo etenn dwonn (ti avyon telegide) radyo a t ap itilize pou filme dewoulman manifestasyon an. Jounalis yo te derefizè fè sa e se poutèt sa gwoup la deklannche atak la kont medya a.<sup>298</sup>
185. Asosyasyon nasyonal Medya Ayisyen an ak Asosyasyon Medya endepandan Ayiti kondane atak vyolan sa a kont enstalasyon radyo a e yo raple « tout medya dwe kapab fè travay yo nan kondisyon libète total kapital, an akò ak liy editoryal li e règ pwofesyon an »<sup>299</sup>. Yo souliyen ankò pou otorite yo « se responsablite yo pou garanti sekirite ak pwoteksyon jounalis yo ak medya kominikasyon yo »<sup>300</sup> Dapre enfòmasyon Komite pou pwoteksyon jounalis yo (CPJ) fè konnen, Normil Rameau, direktè Polis Nasyonal la, deklare ap gen yon envestigasyon sou atak ki te fèt kont estasyon an<sup>301</sup>
186. Pami lòt zak Biwo a dokimante, nan dat 24 mas 2020, plizyè nèg yo pa t idantifye frape yon gwoup uit (8) jounalis nan Biwo Nasyonal Idantifikasyon, sèvis gouvènman an ki

<sup>295</sup> [Diario Libre. 11 novembre de 2019. Centenares de opositores intentan llegar a casa del presidente de Haití](#)

<sup>296</sup> [MCC Communication Haïti / Facebook. 7 de agosto de 2019; Al momento. 8 août 2019. Gobierno de Haití deplora aumento de ataques contra la prensa; Vant Bèf Info. . 8 août 2019. Haïti / Sécurité Le gouvernement déplore les « attaques systématiques » contre la presse](#)

<sup>297</sup> [CIDH. Informe Anual 2020. Informe de la Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. OEA/Ser.L/V/II Doc. 28 30 mars 2021. Párr. 821; Informe Le Nouvelliste. 27 février 2020. Protestations unanimes après l'attaque contre la Radio Télévision Caraïbes; Haiti 24. 23 février 2020. Sos Attaque contre Radio Television Caraïbes.](#)

<sup>298</sup> [Haiti Standard. 23 de febrero de 2020. Les locaux de la Radio télévision Caraïbes attaqués; Vant Bèf Info. 23 février 2020. Haïti/Attaque: Menace d'incendie contre la Radio/ Télévision Caraïbes; CPJ. 26 février 2020. Haitian outlet Radio Télévision Caraïbes targeted with arson attack during police protest](#)

<sup>299</sup> [Telesur. . 24 février 2020. Asociación de prensa haitiana rechaza agresión contra emisora; Le Louverture. 24 février 2020. L'association des médias haitiens \(ANMH\), l'AMIH et L'AJH condamnent sans réserve l'attaque contre la Radio Television Caraïbe; Le Nouvelliste. 27 février 2020. Protestations unanimes après l'attaque contre la Radio Télévision Caraïbes](#)

<sup>300</sup> [Telesur. 24 février 2020. Asociación de prensa haitiana rechaza agresión contra emisora; Le Louverture 24 février 2020. L'association des médias haitiens \(ANMH\), l'AMIH et L'AJH condamnent sans réserve l'attaque contre la Radio Television Caraïbe; Le Nouvelliste. 27 février 2020. Protestations unanimes après l'attaque contre la Radio Télévision Caraïbes](#)

<sup>301</sup> [CPJ. 26 février 2020. Haitian outlet Radio Télévision Caraïbes targeted with arson attack during police protest](#)

anchaje jere dokiman idantite sitwayen lè y ap fè travay yo<sup>302</sup>. Dapre sa Biwo a aprann, jounalis yo t ap mennen investigasyon sou plent ki ta vle fè konnen antite gouvènmantal la t ap vyole prensip sanitè pou prevansyon COVID-19 la, paske li te anpile nan yon espas limite sitwayen ki t ap chache kat idantite yo. Atak la ta komanse lè jounalis yo tonbe pran foto foul la ki te reyini nan biwo piblik yo. Se yon fonksyonè Direksyon Depatman Lwès -Polis Nasyonal Ayiti a, ki mennen jounalis yo soti nan batiman an. Dapre enfòmasyon jounalis yo prezante bay Komisè a, e ki piblik, kèk nan atakan yo te pote chemiz ki pa t idantifiye yo kòm manm pèsonèl Biwo Nasyonal Idantifikasyon an; gen lòt ki ta pote mayo anlwaye Ministè Enteryè ak Sekirite piblik. Jounalis ki rele Robest Dimanche – *Radio Télé Zenith*, fè konnen atakan yo te ba li kou nan tèt e nan figi li; li vin blese grav nan bouch ak nan je li. Apre yon egzamen medikal, doktè yo rekòmande pou li pase yon tan ap repoze.<sup>303</sup>

187. Nan dat 28 avril 2020, jounalis Georges Emmanuel Allen, ki t ap travay nan *Haiti 24* ak *Radio télévision Caraïbes*, sibi agresyon fizik nan men ajan Polis Nasyonal Ayiti, apre yon eskonbrit ki te fèt bò Lopital Inivèsite pou Lapè, pandan te gen kouvrefe.<sup>304</sup> Malgre jounalis la te gen sou li pyès akreditasyon manm laprès li, ansanm ak yon lese-pase reglemantè Ministè Kominikasyon an te ba li pou li te ka sikile san pwoblèm, ajan yo intèsepte li pandan li t ap rantrè lakay li nan aswè e bay misye yon kontravansyon paske li te vyole kouvrefe a. Sitiyasyon an vin dejenere nan yon eskonbrit vyolan. Asosyasyon Medya Endepandan Ayiti ak Asosyasyon Nasyonal Medya Ayisyen kondane zak sa yo e li egzije pou gouvènmant an ak Enspeksyon jeneral Polis Nasyonal la mennen yon investigasyon sou zak sa yo e pou yo idantifiye e sanksyone ajan ki reskonsab yo.<sup>305</sup>
188. Nan dat 26 jiyè 2020, nan Katye Dwouya, komin Sitè Solèy nan Pòtoprens, Setoute Yvens, yon jounalis operatè kamera nan *Radio télévision Méga star*, t ap tounen lakay li sou yon moto apre li te fin travay, lè de (2) nèg ak zam entèsepte li e fòse li rete. Yo akize li ak britalite li te pibliye enfòmasyon sou yo nan repòtaj li sou zak kriminel ki fèt nan zòn lan. Se yon machin ki t ap sikile nan zòn ki fè jounalis la rive chape kò li. Apre li fin kite kote a, jounalis la tandè kout zam tou pre a e se jis apre yon jij de pè lokal verifye moto li te resewa bal. Jounalis la konsidere aksyon sa a, se te yon « tantativ ansasinay »<sup>306</sup>
189. Nan menm jou a, chèf sipoze yon gwoup kriminel ki t ap opere nan lokalite Savien, nan komin Petite-Rivière, departman Latibonit, menase pou li touye jounalis Pradel

<sup>302</sup> Vant Bèf Info. 3 avril 2020. *Haiti/Presse: Un journaliste battu par des agents de l'Office National d'Identification*; CPJ. 9 de avril de 2020. *Journalists assaulted while covering COVID-19 measures in Haiti*

<sup>303</sup> Vant Bèf Info. 3 avril 2020. *Haiti/Presse: Un journaliste battu par des agents de l'Office National d'Identification*; CPJ. 9 d avril 2020. *Journalists assaulted while covering COVID-19 measures in Haiti*

<sup>304</sup> Haiti 24. 29 avril 2020. *Le journaliste Georges Allen tabassé par la Police, des journalistes condamnent*; Haiti Standard. 29 avril 2020. *Couvre-feu: le journaliste Georges Emmanuel Allen agressé par des policiers à Delmas 33*

<sup>305</sup> Van Bèf Info. 30 de avril de 2020. *Haiti / Affaire Georges Allen : Des Associations de médias exigent des sanctions contre les policiers fautifs*.

<sup>306</sup> Goals 9. 29 juillet 2020. *Sport-insécurité : Attaque armée contre Yvens Sétoute, journaliste de la Radio Télé Méga Star, à Cité Soleil*; Vant Bèf Info. 30 juillet 2020. *Haiti-Insécurité: Sétoute Yvens, journaliste de la Radio Télé Mégastar, a frôlé la mort*; CPJ. 4 août 2020. *Journalist Sétoute Yvens survives shooting attempt, another reporter receives death threats in Haiti*

Alexandre, korespondan *Radio Nationale d'Haïti* nan Senmak. Li se kowòdinatè jeneral Federasyon Journalis nan Latibonit. Menas sa te fèt pandan yon pwogram *Radio Delta Stéréo*<sup>307</sup>. Chèf sipoze gwoup kriminel la fè konnen repòtaj Alexandre yo te anmègde li paske li te konekte li ak kidnapin moun nan rejyon an. Sendika Journalis nan Ba Latibonit kondane menas sa yo kont jounalis la paske yo te reprezante « eleman blokay pou libète lapawòl ». An menm tan, Sendika a raple tou se youn nan dwa fondamantal yo, paske si se pa sa, opinyon piblik la p ap kapab enfòmè kòm sa dwa.<sup>308</sup>

190. Nan yon deklarasyon piblik ki pote dat 30 jiyè 2020, Biwo Sekretè Deta pou Kominikasyon kondane atak sou Setoute Yvens, ansanm ak menas lanmò kont Pradel Alexandre. Li pwofite afime tou «Gouvènman va fè tout sa li kapab pou goumen kont ensekirite ». Nan okazyon sa a, li ankouraje tout jounalis yo vin depoze plent yo kòm sa dwa nan tribinal « pou otorite yo kapab idantifye reskonsab yo epi sanksyone yo»<sup>309</sup>.
191. Nan dat 13 septanm 2020, Patrick Moussignac, prezidan direktè jeneral *Radio Télévision Caraïbes* denonse medya sa a t ap sibi tout kalite menas. Kèk menas sa yo t ap anonse « atak ki te san lè rive » kont batiman estasyon televizyon an<sup>310</sup>.
192. Nan dat 28 desanm 2020, nan rejyon metwopoliten Pòtoprens, Vario Serant, jounalis Gwoup Medya altènatif, sibi yon atak nan men nèg ak zam ki pa idantifye pandan li te nan machin ak yon lòt moun<sup>311</sup>. Dapre enfòmasyon piblik, jounalis la te resevwa bal e se poutèt sa yo transfere li lopital nan ijans, aloske moun ki t ap akonpaye l la mouri sou plas lè li resevwa plizyè bal. Kèk jou apre atak la, yo transfere Vario Sérant nan peyi Kostarika pou li te ka resevwa tretman kòm sa dwa . Godson Pierre , Direktè Gwoup Medya Altènatif, fè konnen atak ki fèt kont kolaboratè li ki se manm fondatè, te gen yon gwo enpak sou enstitisyon an.<sup>312</sup>
193. Kon sa tou, Biswo Rapòtè a esprime preyokipasyon li poutèt rapò li resevwa sou yon gwoup kriminel ki te kidnape jounalis Alexander Galvez, korespondan *Telemicro Média Group* sou fwontyè Ayiti ak Dominikani. Journalis la pase nèf (9) jou prizonye anvan li jwenn liberasyon li nan dat 5 desanm .<sup>313</sup>

<sup>307</sup> Haiti Standard. 28 juillet 2020. *Artibonite : le journaliste Pradel Alexandre menacé de mort par le chef de gang de "Savien"*; InfoPro News. 29 juillet . *Odma Louissaint promet la mort à Pradel Alexandre, l'UJBA réagit*; CPJ. 4 août 2020. *Journalist Setoute Yvens survives shooting attempt, another reporter receives death threats in Haiti*

<sup>308</sup> Haiti Standard. 29 juillet 2020. *Menaces de mort proférées contre le journaliste Pradel Alexandre, l'Union des journalistes du basartibonite dénonce et condamne.*

<sup>309</sup> République D'Haïti, Ministère de la Communication. 30 juillet 2020. *Le Bureau du Secrétaire d'Etat à la Communication condamne avec véhémence l'attaque dont a été victime le journaliste Setoute Yvens et les menaces à l'encontre du journaliste Pradel Alexandre*

<sup>310</sup> Radio Télévision Caraïbes / Facebook. *13 septembre 2020*. Trip Fourmi. 13 septembre de 2020. *Patrick Moussignac dénonce les agressions physiques et verbales faites à l'encontre de la RTVC*; Journal La Diaspora. 14 septembre 2020. *Liberté de la presse: la Radio Télévision Caraïbe (RTVC) menacée et visée par une «attaque imminente».*

<sup>311</sup> Le Nouvelliste. 29 décembre 2020. *Le journaliste Vario Sérant blessé par balle lors d'une attaque à Port-au-Prince*; Alter Presse. 29 décembre 2020. *Haïti-Insécurité : Le journaliste Vario Sérant, victime d'une attaque armée, le 28 décembre 2020, à Port-au-Prince*; Haiti News. 29 décembre 2020. *Des bandits armés ont attaqué le journaliste Vario Sérant*; Platform News. 30 décembre 2020. *Le journaliste Vario Sérant attaqué par des bandits armés*;

<sup>312</sup> Haiti Press Network. 4 janvier 2021. *Haïti-Sécurité : le journaliste Vario Sérant victime d'une attaque armée, opéré avec succès au Costa Rica*

<sup>313</sup> Listin Diario. 6 décembre 2021. *Pandilla haitiana libera al periodista Alexander Gálvez tras 9 días secuestrado*; Vant Bèf Info. 6 décembre 2021. *Haïti/ Kidnapping : Libération contre rançon du journaliste Alexander Galvez*; Le Nouvelliste. 29 novembre 2021.

194. Manifestasyon ki fèt nan komansman 2021 sou kesyon dire manda prezidansyèl la, se yon siyal pwofondè vyolans sosyal la ki te gen yon gwo enpak sou jounalis ki t ap fè travay yo sou teren an. Nan dat 28 janvyè, jounalis ak aktivis opozisyon òganize yon manifestasyon pasifik nan kapital Ayiti a pou denonse move tretman polisye yo e pou egzije jistis pou kolèg yo te asasinen pandan dènye ane sa yo.<sup>314</sup> Ou te kapab li sou kèk pankat pawòl sa yo : « Sispann vyolans kont jounalis! » e « Lè libète lapawòl menase, se demokrasi a ki an danje!». Travayè laprès yo t ap denonse zak agresyon fòs polis yo kont yo pandan yo t ap kouvri manifestasyon ak lòt evennman enfòmatif, an plis zak entimidasyon ak menas lanmò.<sup>315</sup>
195. Dapre enfòmasyon Biwo Rapòtè espesyal la dokimante, pandan manifestasyon 20 janvyè 2021 an, powèt Réginald Rémy, ki nan *Radio Caraïbe*, malgre li montre idantifikasyon li kòm manm laprès, resevwa twa bal nan men yon patwouy polisye. Nan menm okazyon sa a, Destiné Alvalès, ki soti nan medya *Altyv* ak Reynald Petit-Frère, *Signal FM*, sibi agresyon tout pandan yo t ap fè travay yo.<sup>316</sup>
196. Nan dat 8 fevriye 2021, de (2) jounalis sibi yon atak e yo blese ak bal pandan yo t ap kouvri konfwontasyon ant manifestan ak fòs sekirite yo nan zòn Champ-de-Mars, nan Pòtoprens. Destiné Alvalès, pwopiyète e jounalis nan *Actualités locales TV*, resevwa yon bal nan men aloske Jeanril Méus, jounalis nan estasyon *Télé Pam*, resevwa yon bal nan vant. Tou de te transfere nan sal ijans Lopital Bernard Mevs.<sup>317</sup>
197. Biwo Rapòtè a resevwa ak anpil preyokipasyon enfòmasyon sou yon atak kont ekip laprès *TV Pacific* pandan li t ap kouvri yon manifestasyon ki t ap dewoule nan date 10 fevriye 2021. Dapre rapò ki te fèt, ajan polisye yo ta eseye kraze manifestasyon an ak vyolans e yo te plase yon bonm lakrimojenn dèyè yon machin *TV Pacific* ki te pote idantifikasyon laprès aklè.<sup>318</sup> Asosyasyon jounalis ayisyen mande otorite Polis Nasyonal Ayiti a pou yo tanmen yon investigasyon pou idantifye reskonsab ki dwe vin rann kont zak yo. Nan yon konferans pou laprès ki te fèt nan dat 23 fevriye, pòtpawòl polis nasyonal Ayiti a fè konnen te gen yon investigasyon k ap dewoule nan moman l

[Multiplication des raptés dans des rues livrées aux kidnappeurs](#); Le Nouvelliste. 30 novembre de 2021. [Haïti: Une organisation de journalistes exige la libération d'Alexander Galvez](#); Gazette Haïti. 6 décembre 2021. [Kidnapé depuis 9 jours, le journaliste Alexander Galvez libéré ce dimanche](#)

<sup>314</sup> Associated Press. 28 janvier 2021. [Haïti journalists denounce police brutality, demand justice](#); VOA News. 28 janvier 2021. [Haïtian Journalists Protest Police Brutality](#)

<sup>315</sup> Associated Press. 28 janvier 2021. [Haïti journalists denounce police brutality, demand justice](#); VOA News. 28 janvier 2021. [Haïtian Journalists Protest Police Brutality](#)

<sup>316</sup> Le Nouvelliste. 25 janvier 2021. [L'ANMH inquiète de «la situation de délitement de la démocratie» en Haïti](#); Alter Presse. 25 janvier 2021. [Médias : L'Association nationale des médias haïtiens dénonce les actes de répressions contre plusieurs journalistes en Haïti](#)

<sup>317</sup> Haiti Standard. 8 février 2021. [Protestation: 2 journalistes blessés par balles à Port-au-Prince](#); Rezo Nòdwe. . 8 février 2021. [Panique au Champ de Mars : Deux journalistes blessés par balles par les soldats de Jovenel Moïse](#)

<sup>318</sup> France 24. 10 février 2021. [Haïtian police fire tear gas on protesters in renewed clashes over disputed elections](#); Al Jazeera. 11 février 2021. [In Pictures: Haitian police tear gas protesters, journalists](#); VOA News. 11 février 2021. [Haïti Ambassador Condemns Police Attack on Journalists Covering Protest](#)

ap pale a; men, Biwo Rapòtè a panko resevwa enfòmasyon sou pwogrè ki reyalize nan dosye sa a<sup>319</sup>.

198. Nan kontèks sa a, nan dat 14 fevriye 2021, BINUH esprime preyokipasyon li devan ogmantasyon agresyon kont jounalis k ap kouvri manifestasyon, lè kèk nan zak sa yo, se ajan fòs piblik la k ap komèt yo<sup>320</sup>. Jounalis yo afime « kouvri evennman an dirèk, se nannan travay jounalis yo, yon eleman nesèsè pou garanti libète laprès ak dwa pou jwenn enfòmasyon ». Jounalis yo ajoute zak sa yo « gen yon gwo enpak paske yo limite dwa libète lapawòl ».<sup>321</sup>
199. Biwo a resevwa enfòmasyon Dieu-Nalio Chéry, jounalis foto pou Ajans *Associated Press* an Ayiti, te blije kite peyi a paske vi li ak entegrite li, ansanm ak sa fanmi li te an danje<sup>322</sup>. Dapre enfòmasyon ki piblik, jounalis la te resevwa mesaj ki t ap menase li depi lè li te pran foto yon atak ak zam yon gwoup kriminel te fè sou wout ayewopò entènasyonal la nan Pòtoprens, nan dat 17 mas 2021. Foto sa yo te gen repèkasyon nan Laprès entènasyonal<sup>323</sup>. Nan dat 10 fevriye 2021, pandan yon manifestasyon etidyan nan Pòtoprens kont gouvènman an, Dieu-Nalo Chéry te youn nan jounalis ki te blese ak boutèy gaz lakrimojenn sanble ajan lapolis te fè espre voye. Yon lòt jounalis, Jhonny Fils-Aimé, te blese tou.<sup>324</sup>
200. Nan mwa janvyè 2022, moun ki pa idantifye tire plizyè fwa e voye kòktèl molotov sou estasyon *Radio Télé Zénith*, ki nan zòn Croix-des-Bouquets nan Pòtoprens. Dapre enfòmasyon ki disponib, bal yo rive jis nan antre batiman an e yo domaje fenèt yo. Esplozyon yo domaje kèk ekipman ak mèb yo nan enstalasyon yo. Biwo a aprann tou nan moman atak la, te gen omwens de (2) manm pèsònèl la andedan biwo yo ki t ap transmèt yon reptaj, men pa t gen pèsonn ki blese.<sup>325</sup>

---

<sup>319</sup> Al Jazeera. 11 février 2021. *In Pictures: Haitian police tear gas protesters, journalists*; RFI. 10 février 2021. *Haitian police fire tear gas on protesters*.

<sup>320</sup> Oficina Integrada de las Naciones Unidas en Haití (BINUH). 14 février 2021. *Les Nations Unies Préoccupées par l'utilisation disproportionnée de la force contre les journalistes couvrant les manifestations en Haïti*. Communiqué de presse du Système des Nations Unies en Haïti

<sup>321</sup> Oficina Integrada de las Naciones Unidas en Haití (BINUH). 14 février 2021. *Les Nations Unies Préoccupées par l'utilisation disproportionnée de la force contre les journalistes couvrant les manifestations en Haïti*. Communiqué de presse du Système des Nations Unies en Haïti.

<sup>322</sup> Alter Presse. 21 juin 2021. *Criminalité : Le photojournaliste Dieu-Nalio Chéry contraint de laisser Haïti, suite aux menaces persistantes de groupes armés*; Le Nouvelliste. 22 juin 2021. *L'un des meilleurs photojournalistes haïtiens prend l'exil pour échapper à la fureur des gangs*; Ayibo Post. 23 juin 2021. *Vidéo | Dieu-Nalio photographie des bandits transportant des cadavres de victimes. Ce sont ses dernières photos en Haïti*.

<sup>323</sup> Alter Presse. 21 de junio de 2021. *Criminalité : Le photojournaliste Dieu-Nalio Chéry contraint de laisser Haïti, suite aux menaces persistantes de groupes armés*; Le Nouvelliste. 22 juin 2021. *L'un des meilleurs photojournalistes haïtiens prend l'exil pour échapper à la fureur des gangs*; Ayibo Post. 23 juin 2021. *Vidéo | Dieu-Nalio photographie des bandits transportant des cadavres de victimes. Ce sont ses dernières photos en Haïti*.

<sup>324</sup> Le Nouvelliste. 10 février 2021. *Des journalistes pris pour cibles par des policiers*; Trip Foumi. 10 février 2021. *Des Journalistes attaqués par des Policiers à Lalue : Dieu-Nalio Chéry et Johnny Fils-Aimé blessés*.

<sup>325</sup> CPJ. 3 février 2022. *Attackers shoot at, firebomb offices of Haitian outlet Radio Télé Zenith*; Van Bèf Info. 31 janvier 2022. *Haïti : Un policier tué lors d'une attaque armée contre un sous-commissariat de police*; Cuenta de Twitter de Rony Colin (@ronycolinhaiti). 31 janvier 2022

201. Nan komansman 2022, yon jounalis mouri e de (2) lòt blese apre lapolis itilize zam sou yo pandan yon manifestasyon ki t ap dewoule.<sup>326</sup> Dapre enfòmasyon ki disponib, ajan polisye ta tire pandan yo te nan yon machin polis nasyonal la sou moun ki t ap manifeste nan Pòtoprens, nan dat 23 fevriye 2023, pou yo te ka jwenn yon ogmantasyon salè. Nan kontèks sa a, omwens kat (4) jounalis ta blese; twa (3) ak bal epi yon lòt ak wòch. Yo se : Maxihen Lazzare, ak *Roi des Infos*; Sony Laureore, ak *Laurore News TV*; Yves Moise, ak *Radio RCH 2000*; e Alvarez Destiné ak *Lakay TV*. Apre yo fin transfere li lopital, Marxihen Lazzare travèse kèk tan apre. Bal li te pran yo te blese li grav.<sup>327</sup> Yo rapòte omwens yon lòt moun ki t ap patisipe nan manifestasyon yo , te pran bal tou.<sup>328</sup>
202. Polis Nasyonal Ayiti dekri aksyon sa yo tankou « zak regretab » e li fè konnen li te aprann gen de (2) ajan polisye ki ta gen koneksyon ak tire a. Nan yon kominike piblik, li anonse Direksyon santral Polis jidisyè a ak Enspeksyon jeneral la deja louvri yon investigasyon pou detèmine sa ki pase.<sup>329</sup> Premye Minis Ariel Henry rejete zak sa yo li kalifye tankou « zak brital ». Li kondane vyolans kont manifestasyon e li raple wòl Pouvwa piblik la, se garanti libète pou manifeste .<sup>330</sup>
203. Rapòtè espesyal la repete libète lapawòl la pwoteje dwa pou anrejistre e pou simaye tou sa ki pase<sup>331</sup>. Travayè laprès k ap kouvri manifestasyon yo ap jwe yon wòl nesèsè aloske y ap kolekte epi simaye enfòmasyon sou sa k ap pase nan manifestasyon yo. Nan sans sa a, Rapòtè a ap raple Leta li dwe bay jounalis yo pi gwo pwoteksyon li kapab pou yo fè travay yo lib-e-libè e kenbe sosyete a enfòmè sou tout kesyon enterè piblik.<sup>332</sup>
204. Kondisyon malouk ki egziste pou egzèsis libète laprès an Ayiti ta kapab rezilta deklarasyon fonksyonè k ap dekouraje travay jounalis endepandan yo. Nan kad sa a, dapre sa Biwo a aprann, an fevriye 2021, defen prezidan Jovenel Moïse deklare nan kad yon reyinyon Konsèy sekirite Nasyonzi, « Anpil fwa bandi yo degize en manifestan e an jounalis pou yo ka atake polisye an sèvis.»<sup>333</sup> Divès òganizasyon ki

<sup>326</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. 2 mars 2022. Comunicado de prensa R44/22. [La RELE condena uso de armas de fuego contra una protesta en Haití que derivó en la muerte de un periodista y varias personas heridas.](#)

<sup>327</sup> Reuters. 23 février 2022. [Haiti police open fire on demonstrators, one journalist killed](#); International Press Institute. 2 de marzo de 2022. [Haitian journalist killed while reporting on protest](#); Caribbean Today. 25 février 2022. [Haitian Police Probeg Death of Photojournalist Maxihen Lazzare](#)

<sup>328</sup> Vant Bèf Info. 23 février 2023. [Flash/Haïti: Un journaliste tué et 2 autres blessés au cours de la manifestation des ouvriers](#); Reuters. 23 février 2023. [Haiti police open fire on demonstrators, one journalist killed](#); Haitian Times. 24 février 2022. [Haitian journalist shot dead, 4 others injured during a workers strike](#); CPJ. 24 février 2022. [Haitian police kill 1 journalist, injure 2 at protest](#)

<sup>329</sup> Cuenta de Twitter de la Policía Nacional de Haití (@pnh\_oficial). 24 février 2022; Jamaica Observer. 25 de febrero de 2022. [Haitian police probe death of journalist during street protest](#)

<sup>330</sup> Cuenta de Twitter de la Policía Nacional de Haití (@pnh\_oficial). 24 de febrero de 2022; Jamaica Observer. 25 février 2022. [Haitian police probe death of journalist during street protest](#).

<sup>331</sup> CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. [Protesta y Derechos Humanos](#). OEA/Ser.L/V/II CIDH/RELE/INF.22/19. Septiembre 2019. Párr. 355.

<sup>332</sup> Relator Especial de las Naciones Unidas (ONU) para la Protección y Promoción del Derecho a la Libertad de Opinión y de Expresión Relatora Especial para la Libertad de Expresión de la Comisión Interamericana de Derechos Humanos de la OEA. 13 septembre de 2013. [Declaración conjunta sobre violencia contra periodistas y comunicadores en el marco de manifestaciones sociales](#)

<sup>333</sup> Vant Bèf Info. 23 février 2021. [Haïti : Des associations de Journalistes indignées contre la déclaration de Jovenel Moïse à l'égard des Journalistes](#)



konekte ak laprès tankou pa egzanp Asosyasyon Journalis Ayisyen (AJH)<sup>334</sup>, Asosyasyon Nasyonal Medya Kominikasyon Ayiti (ANMH)<sup>335</sup> e Asosyasyon Medya Kominikasyon endepandan Ayiti (AMIH)<sup>336</sup>, te rejete deklarasyon sa yo. Dapre òganizasyon sa yo, zak sa yo kapab ogmante danje pou jounalis k ap egzèsè pwofesyon yo e plase yo nan nenpòt sitiyan ki plen danje ladan.

205. Biwo Rapòtè a souliyen Leta a gen obligasyon bay garanti ki nesèsè pou jounalis yo kapab fè travay yo lib-e-libè, nan kondisyon endepandan e an sekirite. Dwa libète lapawòl pwoteje dwa pou anrejistre ak simaye tout sa k ap pase e otorite yo dwe kreye kondisyon nesèsè pou jounalis yo kapab kouvri tout gwo evennman enterè piblik yo, tankou pa egzanp manifestasyon sosyal yo, etandone wòl enpòtan laprès nan yon sosyete ki demokratik, espesyalman nan kontèks kote konsyans politik ak sosyal la avanse anpil.<sup>337</sup>

### C. Disponibilite Enfòmasyon

206. Sitwayen yo kontinye gen defi an Ayiti pou yo kapab jwenn disponibilite enfòmasyon. Òganizasyon k ap defann dwa moun e sa ki konekte ak jounalis note kouman li difisil pou enstitisyon ak pèsonalite yo kominike ak yo. Menm sitiyan an prezante pou jwenn enfòmasyon sou COVID-19 ansanm ak lòt enfòmasyon enterè piblik osnon sou kesyon delika nan kad konfli politik ak sosyal k ap boulvèse peyi a.<sup>338</sup> Dapre sa kèk jounalis rapòte, pafwa, yo pibliye atik ki manke sèten enfòmasyon ki kapab ogmante danje pou lavi osnon entegrite yo, paske yo kritike sèten moun ki gen pouvwa, gwoup ak zam osnon ki se manm gouvènman an.<sup>339</sup>
207. Nan yon kontèks kote yo di gouvènman an gen tout enfòmasyon, jounalis yo souliyen sèl mwayen yo genyen pou jwenn bon jan enfòmasyon, se nan konferans pou laprès yo. Kominikatè Robenson Sanon ki kouvri sèlman kesyon tankou katastwòf natirèl yo, latwoublay sosyal, ansasinay ak lòt sijè, souliyen an Ayiti, enfòmasyon an pa garanti; « fòk ou demele kò w pou jwenn li » etandone « li vreman difisil pou jwenn enfòmasyon nan men gouvènman an »<sup>340</sup>. Dapre sa jounalis la rapòte bay Komite pou Pwoteksyon

<sup>334</sup> Le Nouvelliste. 23 février 2021. [Le président Moïse met en danger la vie des journalistes, dénonce la corporatisme](#); La Presse. 23 février 2021. [Le président Moïse accusé de mettre en danger les journalistes](#)

<sup>335</sup> Le Nouvelliste. 23 février 2021. [Le président Moïse met en danger la vie des journalistes, dénonce la corporatisme](#); La Presse. 23 février 2021. [Le président Moïse accusé de mettre en danger les journalistes](#)

<sup>336</sup> Le Nouvelliste. 23 février 2021. [Le président Moïse met en danger la vie des journalistes, dénonce la corporatisme](#); La Presse. 23 février 2021. [Le président Moïse accusé de mettre en danger les journalistes](#)

<sup>337</sup> Relator Especial de las Naciones Unidas (ONU) para la Protección y Promoción del Derecho a la Libertad de Opinión y de Expresión y Relatora Especial para la Libertad de Expresión de la Comisión Interamericana de Derechos Humanos de la OEA. [Declaración conjunta sobre violencia contra periodistas y comunicadores en el marco de manifestaciones sociales](#). 13 septembre de 2013.

<sup>338</sup> Connectas. 12 décembre de 2019. [Haïti, ¿cómo salir de la crisis de corrupción y pobreza extrema?](#); CPJ. 8 avril 2020. [Haitian journalist Robenson Sanon says covering COVID-19 feels like being 'soldiers in the battlefield'](#); AyiboPost. 14 novembre de 2020. [Pourquoi le journalisme d'investigation est-il si rare en Haïti?](#)

<sup>339</sup> Ayibo Post. 16 mars 2021. [Insecurity Coupled with Impunity Forces Haitian Journalists to Hide Sensitive Information](#).

<sup>340</sup> CPJ. 8 avril 2020. [Haitian journalist Robenson Sanon says covering COVID-19 feels like being 'soldiers in the battlefield'](#)

journalis yo, enstitisyon gouvènman an gen abitud mande yo pran randevou chak fwa y ap cache jwenn enfòmasyon kote yo .<sup>341</sup>

208. Men, Biwo Rapòtè a kontan konstate kreyasyon Sant Infòmasyon pèmanan pou Aksyon gouvènmantal (CIPAG) nan kontèks COVID-19 lan. Sant sa ki fonksyone nan kowòdinasyon ak Minis Kilti ak Kominikasyon, ta cache ankouraje plis transparans ak reskonsablite kay otorite piblik yo. Nan dat 10 jen 2020, nan kad prezantasyon CIPAG la, Minis Kominikasyon an Pradel Henriquez, deklare transparans la « ede renfòse konfyans piblik la nan Leta ak enstitisyon li yo , amelyore rannman administrasyon piblik la, fasilite jesyon enfòmasyon an epi ankouraje patisipasyon sitwayen yo ». Li ajoute eleman sa yo, se kle aksyon gouvènman an. Minis la fè konnen etandone ijans sanitè sa nou pa janm wè kon sa, jesyon kriz la egzije bon jan kominikasyon piblik.<sup>342</sup> Nouvo sèvis sa a ap konekte a Sant Infòmasyon pèmanan sou Koronavirus (CIPC) Premye Minis Ayiti a te lanse nan mwa mas 2020.
209. Jan CIDH ak Rapòtè espesyal la souliyen, lè pouvwa piblik yo aji ak transparans epi rann kont, sa ranfòse sistèm demokratik yo<sup>343</sup>. An akò ak prensip 4 Deklarasyon Prensip sou libète lapawòl CIDH la te pibliye, « disponiblite enfòmasyon nan pouvwa Leta, se yon dwa fondamantal tout moun. Eta yo gen obligasyon garanti egzèsis dwa sa a. Prensip sa a admèt sèlman limitasyon nan ka eksepsyonèl lalwa dwe prevwa alavans lè gen yon vre danje ki ijan e k ap menase sekirite nasyonal la nan sosyete demokratik yo » .
210. Rapòtè a rekonèt Ayiti ap viv yon peryòd kote sitiyasyon politik, sosyal ak dwa moun poze pwoblèm sansib; se poutèt sa Rapòtè a lanse yon apèl bay kominote entènasyonal la pou li ede Leta ayisyen nan sa ki konsène obsèvasyon ak konsolidasyon demokrasi enstitisyonèl la ak yon Leta ki chita sou lalwa . Biwo a konsidere se yon bagay fondamantal pou tout pwosesis osnon enstriman enstitisyonèl ki chita sou prensip respè ak pwomosyon dwa libète lapawòl ak garanti pou travay laprès la ..

<sup>341</sup> CPJ. 8 avril 2020. *Haitian journalist Robenson Sanon says covering COVID-19 feels like being 'soldiers in the battlefield'*

<sup>342</sup> Ministère de la Culture et de la Communication Haïti / Facebook. 10 juin 2020; Haiti Press Network. 10 juin 2020. *HaïtiPolitique: De CIPC à CIPAG, le Gouvernement cherche la bonne voie pour une communication plus efficace*; Le Nouvelliste. 12 juin 2020. *Lancement du Centre d'informations permanentes de l'action gouvernementale : discours du ministre Pradel Henriquez*

<sup>343</sup> CIDH. Informe Anual 2021. Informe de la Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. OEA/Ser.L/V/II Doc. 64 rev. 1. 26 mai 2022. Párr. 17; CIDH. Relatoría Especial para la Libertad de Expresión. Los órganos de supervisión del derecho al acceso a la información pública. OEA/Ser.L/V/II. CIDH/RELE/INF. 14/16.



Chapit VI.

---

**Deplasman Moun**

## DEPLASMAN MOUN

211. Atravè diferan enstriman siveyans li genyen, CIDH egzamine espesyalman faktè ki lakòz moun k ap deplase, ansanm ak fenomèn deplasman sitwayen ayisyen ak tout fanmi yo nan diferan peyi. Nan chapit sa a, CIDH ap voye je sou istwa ak faktè patikilye ki lakòz tout de (2) fenomenn deplasman sa yo, san bliye konsekans yo. Se kon sa tou CIDH souliyen rezilta rechèch SACROI te fè sou sitiyasyon moun ki deplase andedan peyi a ak lòt bò dlo. CIDH konsantre sou sa li obsève pandan peryòd 2018 – 2022.
212. An patikilye, nan sa ki konsènen deplasman andedan peyi a, CIDH egzamine fenomenn deplasman ki gen orijin li nan vyolans ant gwoup ak zam. Li konsidere tou enpak katastwòf natirèl yo osnon anvironnman frajil la. Li analize kondisyon enstab akèy ak pwoteksyon nan refij pou moun deplase yo; CIDH analize tou sitiyasyon ensekirite pandan pwosesis deplasman ak retou a. Se kon sa li abòde eleman blokay ki anpeche popilasyon ki an deplasman jwenn asistans imanité.
213. Pou sa ki gen pou wè ak deplasman sitwayen ayisyen nan lòt peyi, CIDH evalye konsekans dirèk fenomenn sa a sou popilasyon an ki se rezilta kriz entèn nan peyi a, espesyalman nan sa ki gen pou wè ak retou volontè osnon refoulman. CIDH konsidere tou kondisyon entegrasyon ak pwoteksyon peyi tranzit yo ak peyi akèy yo. Kidonk, sou baz estanda solidarite entèameriken ak kowoperasyon ki te adopte nan rezolasyon No. 2/2021, *Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman: Solidarite entèameriken* - CIDH ap lanse yon apèl voye bay Eta yo nan rejyon an pou yo adopte yon seri mezi ki pou pèmèt yo jere sitiyasyon sa sou yon baz entegral e kowòdone.<sup>344</sup>

### A. Konsiderasyon Jeneral Sou Deplasman Sitwayen Ayisyen Andedan Peyi A Ak Nan Lòt Peyi

214. Sitiyasyon sitwayen ayisyen ki blije deplase andedan peyi yo ak nan lòt peyi, se youn nan pi gwo preyokipasyon CIDH genyen nan kesyon sa a. Sou baz prensip solidarite ak kowoperasyon entènasyonal ki nan rezolasyon No. 2/2021, li mande pou Ayiti ak lòt peyi nan rejyon an adopte ansanm yon seri mezi pou ankouraje yon jesyon entegral, rapid, efikaz e dirab ki pou garanti dwa sitwayen sa yo.<sup>345</sup>
215. Nan sa ki konsènen rasin ak kòz istorik pwoblèm sa, CIDH ap remake fenomenn sa yo, se rezilta yon seri defi tankou sila yo : i) gwo nivo vyolans; ii) kriz sosyal, ekonomik

---

<sup>344</sup> Voir CIDH, Résolution N. 02/2021 "Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : Solidarité interaméricaine", 24 octobre de 2021.

<sup>345</sup> Voir CIDH, Résolution N. 02/2021 "Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : Solidarité interaméricaine", 24 octobre de 2021.

ak politik k ap boulvèse peyi a ; iii) frajilite Ayiti devan katastwòf natirèl yo e iv) kondisyon lamizè kote majorite popilasyon an ap viv, yon sitiyasyon ki kreye blokay pou popilasyon an jwenn byen ak sèvis esansyèl. Pa gen lontan, CIDH te mande voye je sou konsekans grav sitiyasyon sa a sou pwoteksyon dwa moun ki deplase e moun ki an deplasman nan yon kontèks kote diferan faktè vin kontre, tankou pa egzanp : kriz ekonomik, politik, enstitisyonèl ak sosyal grav k ap boulvèse peyi a depi 2018; konsekans pandemi COVID-19 lan. Ajoute sou tout sa yo konsekans katastwòf natirèl yo tankou goudougoudou pisans 7, 2, nan dat 14 dawout 2021 ak siklòn Grace ki frape peyi a menm jou a .<sup>346</sup>

216. Se tout faktè sa yo ki fè tout kantite moun sa yo deplase. Pou moun ki blije ap deplase andedan peyi a, BINUH rapòte an janvye 2022, omwens 46.5 mil moun deplase *andedan peyi a* poutèt goudougoudou a ak lòt fenomenn natirèl, epi vyolans.<sup>347</sup> Pou sa ki konsènen deplasman nan lòt peyi, dapre dènye chif Depatman Kesyon ekonomik ak sosyal Nasyonzini (UN-DESA), pou 2019, plis pase 1,7 milyon sitwayen ayisyen t ap viv lòt bò dlo.<sup>348</sup> Nan sans sa a, CIDH souliyen chif sa yo ta kapab pi wo toujou si se pa t pou defi ki poze nan kolekte enfòmasyon estatistik Leta . Lòt difikilte CIDH rankontre, se kominote migran yo ki pa gen dokiman legal e ki pa vle parèt tèt yo.
217. Yon lòt kote, CIDH ap note fenomenn deplasman andedan peyi a ak deplasman sitwayen ayisyen ak fanmi yo nan lòt peyi pote anpil danje ak konsekans estwòdinè sou fanm ak lòt sitwayen ki fè pati gwoup vilnerab tankou jenn moun, ti fi ak ti gason. Sektè sa a ap fè fas kare ak pi gwo danje vyolans ak move tretman, tankou trafik moun ak esplwatasyon seksyèl e nan travay. Nan kontèks sa a, jan CIDH te di li nan *Rezolisyon No. 2/2021 No. 2/2021, Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman : Solidarite entèameriken*, Eta yo dwe egzamine kesyon egalite ant fanm ak gason lè yo abòde sijè sa nan kad yon apwòch entèsektoryèl konplè ki konsidere faktè ki lakòz diskriminasyon e ki fè deplasman an gen konsekans enpòtan, tankou pa egzanp kesyon egalite ant fanm ak gason, laj moun lan, kondisyon migrasyon moun osnon moun ki blije deplase, frajilite ekonomik ak pozisyon jewografik li.<sup>349</sup>
218. An final, an akò ak obsèvasyon OCHA, CIDH ap souliyen enpòtans rezo sosyal sou teren an an Ayiti genyen nan jesyon kriz yo. CIDH mete aksan espesyalman sou travay òganizasyon non gouvènmantal lokal yo, rezo sosyete sivil la, lidè kominotè yo ak Ajans pwoteksyon sivil Ayiti. Aktè sa yo – plis pèsònèl entèvansyon ki lòt bò dlo -

---

<sup>346</sup> CIDH, La CIDH y la REDESCA expresan solidaridad con el pueblo haitiano ante terremoto de magnitud 7.2 urgiendo al Estado y a la comunidad internacional a adoptar una respuesta humanitaria inmediata e integral, 15 août 2021.

<sup>347</sup> UN Security Council, United Nations Integrated Office in Haiti—Report of the Secretary General S/2022/117, 15 février 2022.

<sup>348</sup> United Nations Department of Economic and Social Affairs, Population Division (2020). International Migration 2020 Highlights (ST/ESA/SER.A/452)

<sup>349</sup> Voir CIDH . Résolution N. 02/2021 “Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : Solidarité interaméricaine”, 24 octobre de 2021

diminye pwoblèm yo e yo founi yon minimòm sekirite pandan premye faz deplasman An plis, pèsònèl entèvansyon entènasyonal la vin bay yo jarèt.<sup>350</sup>

## B. DEPLASMAN ANDEDAN PEYI A

### 1. Faktè prensipal ki esplike deplasman andedan peyi a

219. Sitiyasyon moun k ap deplase andedan peyi a konplike. Li gen plizyè kòz e li se rezilta faktè vilnerablite ki gen orijin yo nan yon seri kondisyon istorik, tankou pa egzanp konsekans katastwòf natirèl yo. CIDH ap obsève ak preyokipasyon sitiyaasyon deplasman an pèsiste pandan lontan e se sa ki kreye yon seri espas pou moun ki deplase pou lontan. Kondisyon sa yo fè popilasyon an sibi konsekans k ap repete e ki grav, san blije danje ki ka pwovoke nouvo deplasman.
220. Nan sa ki konsènen enpak katastwòf sosyal ak anvironnmantral lè gen deplasman andedan peyi a, kòm referans pou ogmantasyon kantite moun k ap deplase andedan peyi, a CIDH ap mansyone konsekans goudougoudou a ki anrejistre nan Pòtoprens nan dat 12 janvier 2010 ak 14 dawout 2021,<sup>351</sup> an patikilye, apre goudougoudou 2010 la ki lakòz anpil dega grav, apre plis pase 400 000 kay domaje anpil; apeprè 1, 5 milyon sitwayen ki vin pa gen kote pou yo rete<sup>352</sup>. Se sitiyaasyon sa a ki lakòz yon katafal moun ap deplase andedan peyi a, ki fè yo blije amenaje yon pakèt espas an ijans pou bay popilasyon deplase a yon refij tanporè.
221. Pou sa ki konsènen goudougoudou ki frape Ayiti nan dat 14 dawout 2021 an<sup>353</sup>, OCHA ak Ajans Pwoteksyon sivil Ayiti rapòte plis pase 38 mil moun te blije deplase e yo chache refij nan 80 kan, sitou nan Depatman Sid peyi a – zòn goudougoudou a te plis devaste.<sup>354</sup> Kon sa tou, OCHA rapòte yo te blije negosye ak gwoup ak zam ki t ap opere nan zòn lan pou yo te kapab mennen aktivite nan rejyon goudougoudou a te plis frape. An plis, li fè konnen anpil nan refij ki te egziste nan zòn sinistre yo te fin kraze osnon domaje ; sa te fòse moun deplase yo al chache refij lòt kote nan espas tanporè ki te deja manke sèvis prensipal sanitasyon ak pwoteksyon<sup>355</sup>. Ak milye moun deplase ki t ap dòmi nan lari, san disponiblite dlo potab ak sanitasyon, OCHA fè konnen te gen danje pou moun enfekte ak maladi atrapan tankou kolera, enfeksyon respiratwa grav, maladi dyare, malarya ak COVID-19.<sup>356</sup>

<sup>350</sup> OCHA, [Haiti: Earthquake, Situation Report No. 3](#), 31 août 2021.

<sup>351</sup> CIDH, [CIDH expresa preocupación por situación en campamentos de desplazados en Haití](#), n. 115/2010.

<sup>352</sup> Miami Herald, [Ten Years After Haiti's Earthquake: A Decade of Aftershocks and Unkept Promises](#), 8 janvier,

<sup>353</sup> UN News, [Massive earthquake strikes Haiti: UN working with aid partners to support response](#), 14 août

<sup>354</sup> OCHA, [Haiti: Earthquake Situation Report No. 7](#), 7 octobre 2021.

<sup>355</sup> OCHA, [Haiti: Earthquake Situation Report No. 7](#), 7 octobre 2021.

<sup>356</sup> OCHA, [Flash Appeal Haiti](#), 25 août 2021, pg. 12.

222. Jan CIDH te endike, koumanse an 2018, li te reyalize yon suivi espesyal sou ogmantasyon fenomenn deplasman andedan peyi a ki te sitou rezilta vyolans gwoup ak zam ki t ap agrave. Nan sans sa a, vyolans bandi ak gwoup ak zam òganize, se faktè prensipal ki lakòz deplasman andedan peyi a. CIDH remake aktivite kriminel yo fòse milye moun kouri kite kominote yo pou al chache refij ak pwoteksyon nan lòt zòn nan kapital la osnon nan rès peyi a.<sup>357</sup> Pandan sis (6) premye mwa 2021 an, OCHA estime konfli ak batay pou teritwa ant gwoup ak zam lakòz deplasman apeprè 20 mil moun nan kaye popilè kapital la<sup>358</sup>, e menm afekte zòn ki te deja gen moun deplase ki te la depi anvan. Se sa ki pase pa egzanp nan rejyon Tabarre Issa.<sup>359</sup> Nan gwoup moun ki blije kite kote yo rete a, UNICEF estime plis pase 8,500 moun, se ta fanm, ti fi ak ti gason<sup>360</sup>. Nan zòn ki afekte yo, gen katye popilè nan Pòtoprens, nan zòn Matisan, Fontamara, Kafou ak Delmas.

## 2. Defi ak vyolasyon nan kontèks deplasman sitwayen ayisyen andedan peyi a

223. Etandone patikilarite fenomenn sa a – ki gen pou wè prensipalman ak ogmantasyon zak vyolans k ap dewoule nan peyi a - pwosesis deplasman yo fèt nan yon kontèks frajil anpil. Nan sans sa a, CIDH konstate repèkasyon estwòdinè sou dwa popilasyon an ki bezwen refij refleto nan tout etap deplasman, pandan sejou li nan refij ijans yo e menm pandan tout tan repèkasyon fenomenn yo ap kontinye.

224. Pou sa ki gen pou wè ak refij ijans yo, CIDH note enfraestrikti yo fèb anpil; kondisyon sanite ak sekirite pa kadyòm. An patikilye, enfòmasyon ki disponib fè konnen majorite refij sa yo – menm lekòl ak sant espò yo – pa ekipe ase pou akeyi yon pakèt moun ki blije deplase. An plis, enstalasyon sa yo manke mwayen ki nesese pou garanti bezwen prensipal sanitasyon – e bezwen sanite sa yo gen yon pakèt enpòtans pandan peryòd COVID-19 la.<sup>361</sup> Enstalasyon sa yo gen yon bagay ki distenge yo : yo manke dlo potab, manje ak lòt atik pou lizay pèsone yo<sup>362</sup>. Nan sans sa a, CIDH la raple nan ka kote deplasman an dwe fèt, Eta yo gen obligasyon minimize repèkasyon negatif yo pou adopte mezi ki nesese, pou garanti sekirite, diyite, manje, sante ak sanitasyon. An plis, yo dwe veje pou manm fanmi yo pa separe.<sup>363</sup>

225. Moun ki okipe espas sa yo ap fè fas kare ak yon sitiasyon ki ogmante vilnerablite yo e mete lavi ak entegrite yo an danje. Nan kontèks sa, OCHA rapòte yon seri zak vyolans sou fanm ak gason k ap fèt nan popilasyon fanm ak ti fi ak ti gason ki deplase, tankou

---

<sup>357</sup> OCHA, HAITI: Political instability and insecurity Situation Report No. 5, 14 juillet 2021

<sup>358</sup> OCHA, HAITI: Political instability and insecurity Situation Report No. 5, 14 juillet 2021

<sup>359</sup> OCHA, Haiti: Displacement and insecurity in Tabarre Issa (Port-au-Prince), Situation Report No. 2, 2 avril 2021.

<sup>360</sup> UNICEF, Haiti: about 8,500 women and children displaced by 'urban guerrilla' in two weeks, 15 juillet 2021.

<sup>361</sup> OCHA, Haiti: Earthquake, Situation Report No. 3, 31 août 2021.

<sup>362</sup> OCHA, Haiti: Earthquake, Situation Report No. 3, 31 août 2021..

<sup>363</sup> CIDH, Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 juillet 2018, para. 104.

pa egzanp move tretman ak esplwatasyon seksyèl pami fanmi akèy ak refijye ijans yo.<sup>364</sup> Malgre li rekonèt zak vyolans ak aksyon gwoup ak zam yo kreye kondisyon ki pi konplike pou retou a, CIDH esprime preyokipasyon li paske panko gen solisyon dirab e reyalis.

226. Etandone sityasyon espesyal danje moun deplase yo ap viv, CIDH la gen anpil preyokipasyon devan difikilte ki prezante pou founiti asistans imanité a. Kidonk, pa egzanp, OCHA fè rapò sou blokey ki anpeche disponiblite founiti asistans ak laswenyay pou popilasyon ak teritwa goudougoudou a te frape an 2021, san bliye zak gwoup ak zam yo.<sup>365</sup> CIDH ap raple Leta ayisyen dwe adopte mezi pou garanti ak fasilite asistans imanité itil, apwopriye e nesèsè pou moun deplase an dedan peyi a, san bliye manje, dlo, sanitasyon, lojman, asistans medikal, edikasyon ak lòt sèvis sosyal nesèsè, tankou sipò sikososyal<sup>366</sup>. Dapre Tribinal entèameriken an, lè Leta derefize pote osnon founi kalite asistans imanité sa a, kapab gen vyolasyon dwa entegrite pèsonèl yon moun si kondisyon fizik ak sikolojik viktim yo blije respekte pa konpatib ak estanda minimòm ki ekzije.<sup>367</sup>
227. Nan kontèks sa a, CIDH ap raple deplasman fòse vyole dwa entegrite pèsonèl yon moun, non sèlman poutèt sikonstans ki fè li blije deplase, kit se pou menas, kit se pou agresyon, men tou poutèt kondisyon moun ki deplase yo ap viv, pa egzanp lè yo pa jwenn disponiblite sèvis esansyèl yo.<sup>368</sup> CIDH ap repete prensipal obligasyon ki dwe respekte nan sa ki konsène moun ki deplase andedan peyi yo : i) anpeche deplasman ; ii) bay moun k ap deplase yo pwoteksyon ak asistans pandan deplasman an; iii) bay epi fasilite asistans imanité; e iv) fasilite retou, reyenstalasyon ak reyentegrasyon moun ki deplase yo nan kondisyon sekirite<sup>369</sup>.
228. Nan sa ki konsènen dispozisyon pou anpeche deplasman, Leta ayisyen gen obligasyon anvan tout bagay adopte mezi legal, politik, administratif ak kiltirèl pou anpeche fenomenn sa a rive.<sup>370</sup> Etandone youn nan kòz prensipal deplasman endedan peyi a, se vyolans gwoup ak zam yo k ap fè atak dirèk sou popilasyon sivil la, Leta ayisyen an – nan kad obligasyon li genyen pou anpeche vyolasyon dwa moun

<sup>364</sup> OCHA, *HAITI: Political instability and insecurity Situation Report No. 2*, 14 juin 2021; RNDDH, *Massacres in Bel-Air and Cité Soleil under the Indifferent Gaze of State Authorities*, 20 mai, 2021, para. 93.

<sup>365</sup> OCHA, *HAITI: Political instability and insecurity Situation Report No. 2*, 14 juin 2021; RNDDH, *Massacres in Bel-Air and Cité Soleil under the Indifferent Gaze of State Authorities*, 20 mai 2021, para. 93.

<sup>366</sup> Corte IDH, *Caso Yarce y otros. c. Colombia, Excepción Preliminar, Fondo, Reparaciones y Costas*, Sentencia de 22 de noviembre de 2016, para. 226

<sup>367</sup> Corte IDH, *Caso Yarce y otros. c. Colombia, Excepción Preliminar, Fondo, Reparaciones y Costas*, Sentencia de 22 de noviembre de 2016, para. 226

<sup>368</sup> CIDH, *Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública*, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 de julio, 2018, para. 95; Corte IDH, *Caso de las Masacres de Pueblo Bello Vs. Colombia*, Sentencia de 31 de enero de 2006, par. 162.

<sup>369</sup> CIDH, *Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública*, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 de julio, 2018, para. 97. En este sentido, ver también: UN, Commission on Human Rights, Report of the Representative of the Secretary-General, Mr. Francis M. Deng, submitted pursuant to resolution 1997/39 of the Commission on Human Rights. Human Rights, *Mass Exoduses and Displaced Persons*. E/CN.4/1998/53/Add.2, February 11, 1998

<sup>370</sup> CIDH, *Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública*, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 juillet 2018, par. 104.



ki anba jiridiksyon li – gen obligasyon mennen envestigasyon, jije ak sanksyone reskonsab zak ki pwodui fenomenn sa yo.<sup>371</sup>

### 3. Sitiyasyon deplasman pwolonje ak absans pèspektiv pou yon retou an sekirite

229. 229. Nan sa ki gen pou wè ak konben tan sitiyasyon deplasman an ap dire, se kan yo ak espas ki rezève pou moun ki deplase yo, ansanm ak absans garanti retou a, ki rete kòm solisyon pou lavni. Nan sans sa a, Komisyon an a souliyen enpak ak konsekans estwòdinè sitiyasyon deplasman fòse pwolonje genyen sou popilasyon an, e sa ogmante danje pou moun yo vin tounen viktim ankò. Nou ka verifye sitiyasyon sa a nan fonksyonman aktyèl espas ak kan moun ki te deplase poutèt goudougoudou 2010 la. Kidonk, dapre estimasyon OIM, an 2019 - nèf lane apre goudougoudou 2010 la -, gen yon total 34 508 moun ki rete nan 23 espas pou moun ki deplase nan tout peyi a e y ap kontinye ap viv nan kondisyon lamizè, ak disponiblite resous nesesè ki limite, san konte sanitasyon, swen medikal ak dlo.<sup>372</sup>
230. Sa ki rive an 2021 nan katye Taba Issa – nan Galèt Grefen nan Depatman Lwès – montre aklè danje ki genyen pou popilasyon an ka blije deplase ankò. Se Leta ki te bay teren sa a pou enstalasyon refijye nan ijans. An patikilye, refij sa yo te resevwa 512 fanmi goudougoudou a te afekte an 2010 e ki te soti Boudon (Pòtoprens) ak nan vwazinay la. Dapre OCHA, akòz atak gwoup ak zam kont sitwayen yo, kay yo ak bizinis lokal yo, deplasman fòse a rekomanse, e moun sa yo ki te deplase anvan deja vin tounen viktim ankò aloske yo blije deplase yon lòt fwa.<sup>373</sup>
231. Nan kontèks sa a, CIDH ap raple Leta ayisyen moun deplase yo gen dwa tounen lakay yo jan yo vle, an sekirite; tout Eta yo gen obligasyon pou yo garanti moun ki deplase yo tounen lakay san fòse.<sup>374</sup> Moun ki deplase andedan peyi a dwe resevwa reparasyon nan men Leta ayisyen an nan kad yon solisyon dirab.<sup>375</sup>
232. Yon lòt bò, etandone kantite tan sitiyasyon deplasman an dire, ak repriz grav zak vyolans yo, Leta ayisyen gen obligasyon adopte mezi ki nesesè pou pwoteje dwa lavi ak entegrite popilasyon ki deplase poutèt zak vyolans sa yo lòt moun ap komèt osnon Leta a menm, ansanm ak tout danje ki ka afekte dwa popilasyon sa a.<sup>376</sup>

---

<sup>371</sup> Voir CIDH, , et déplacements internes: normes et standards du Système interaméricain es droits de l'homme OEA/Ser.LV/II. Doc. 46/15, 31 décembre 2015, para. 165.

<sup>372</sup> OIM, Displacement Tracking Matrix, 2010 Earthquake Affected Population, 12 janvier 2019.

<sup>373</sup> 119 CIDH, Informe No. 64/11, Caso 12.573, Informe de Fondo, Marino López y otros. (Operación Génesis), Colombia, 31 mars 2011, par. 351.

<sup>374</sup> 119 CIDH, Informe No. 64/11, Caso 12.573, Informe de Fondo, Marino López y otros. (Operación Génesis), Colombia, 31 mars 2011, para. 351.

<sup>375</sup> CIDH, Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 juillet 2018, paras. 133-138.

<sup>376</sup> CIDH, Desplazamiento interno en el Triángulo Norte de Centroamérica Lineamientos de política pública, OEA/Ser.LV/II. Doc. 101, 27 juillet 2018, para. 104.

233. Pou fini, an akò ak obsèvasyon OCHA, CIDH a souliyen enpòtans rezo lokal k ap reponn kriz la e ki gen eksperyans sou teren an an Ayiti. Li souliyen espesyalman travay òganizasyon non gouvènmantal lokal yo, rezo sosyete sivil la, lidè kominotè yo ak Ajans Pwoteksyon sivil Ayiti. Aktè sa yo - an plis pèsònèl repons lòt bò dlo – ede kontwole sitiyasyon an e mete sou pye yon rezo minimòm sekirite pandan premye etap depasman an. An plis, pèsònèl entèvansyon entènasyonal la vin bay yo jarèt.<sup>377</sup>

## C. Depasman Sitwayen Ayisyen Ak Fanmi Yo Nan Lòt Peyi

### 1. Rezon ki fè sitwayen ayisyen ak fanmi yo blije deplase

234. CIDH note gen diferan faktè istorik ki kreye sitiyasyon kote sitwayen ayisyen ak fanmi yo blije deplase, tankou pa egzanp enpak katastwòf natirèl yo, kondisyon ekonomik ak politik nan peyi a, vyolans gwoup ak zam yo, kondisyon grav lamizè popilasyon an ap viv. Ajoute sou sa fenomenn depasman an vin konekte ak kondisyon nan peyi vwazen Dominikani, rapò sosyoekonomik yo, rechèch pi bon okazyon travay, posiblite pou egzèse lòt dwa tankou travay ak lasante. Tou sa ap fèt aloske gen yon klima diskriminasyon rasyal estriktirèl kont Ayisyen nan Dominikani.<sup>378</sup>

235. Kon sa tou, jan nou va egzamine pi devan, koumanse an 2018,, etandone ogmantasyon ensekirite sitwayen yo epi sitiyasyon kriz nan peyi a, CIDH souliyen ogmantasyon dinamik depasman moun yo, kit se andedan peyi a, kit se nan lòt peyi kote te gen yon dyaspora ayisyen enpòtan. Fenomenn sa a vin ap vale teren apre repèkasyon pandemi a e katastwòf natirèl ki anrejistre nan mwa dawout 2021 an. Sitiyasyon sa a te gen yon enpak sou kijan sitwayen ayisyen ak fanmi yo te retounen nan peyi nasyonalite yo. En plis, sa kreye yon seri defi pou pwoteksyon entènasyonal popilasyon sa a.<sup>379</sup>

236. An patikilye, nan sa ki konsènen enpak katastwòf natirèl sou depasman moun, CIDH fè remake pa egzanp goudougoudou 2010 la se te okazyon pou fòmasyon yon seri kominote ayisyen lòt bò dlo, ak chanjman nan dinamik migrasyon an e ak nan dyaspora prensipal yo.<sup>380</sup> Se konsa gen plizyè kominote sitwayen ayisyen ak fanmi yo ki kreye osnon ki laji nan diferan peyi tankou Chili ak Brezil.<sup>381</sup> Se kon sa ak viza epi otorizasyon rezidans yo ofri yo, sitwayen ayisyen migran jwenn akèy nan tou de (2) peyi sa yo,

<sup>377</sup> OCHA, *Haiti: Earthquake, Situation Report No. 3*, 31 aoû 2021

<sup>378</sup> CIDH, *Informe sobre la "Situación de derechos humanos en República Dominicana"*, OEA/Ser.L/V/II. Doc. 45/15, 31 décembre de 2015.

<sup>379</sup> CIDH, *Informe Anual 2021*, Cap. IV-A, p. 635.

<sup>380</sup> IDB; OECD, *Migration Flows in Latin America And the Caribbean – Statistics on Permits for Migrants*, 2021.

<sup>381</sup> IOM, *Haitian Migration to Brazil: Characteristics, opportunities and challenges*. Migration Notebook, No. 6,

nan yon peryòd kote te gen demann pou travay e peyi sa yo t ap aplike politik piblik ki konsènen akèy ak entegrasyon.<sup>382</sup> Fòmasyon kominote ayisyen nan kad sa a esplike orijin mouvman regilye sitwayen migran ayisyen ak fanmi yo pandan peryòd 2021-2022, lè yo remake yon ogmantasyon sitwayen migran ayisyen nan lòt peyi, lè yo travèsè fwontyè Amerik Sid pou yo rive sou fwontyè Sid Etazini.

237. Nan sa ki konsènen deplasman entènasyonal ant Ayiti ak Dominikani, gen deseni depi CIDH ap reyalize yon siveyans enpak mouvman migratwa andedan zile a Hispaniola sou dwa imen sitwayen ayisyen yo atravè diferan enstriman siveyans li genyen. An patikilye, Komisyon an souliyen yon vizit *in loco* li te fe nan Dominikani an 2013<sup>383</sup>, ansanm ak rapò sou peyi li te prepare en 2015<sup>384</sup>. An plis, CIDH fè suivi rekòmandasyon ki te fòmile nan Rapò anyèl li<sup>385</sup>. Nan kad sa, CIDH obsève ak preyokipasyon enpak sitiyoasyon an sou dwa imen sitwayen ayisyen yo, sou sitwayen ki se desandan Ayisyen, osnon yo pèsevwa se sa yo ye nan Dominikani, espesyalman, eliminasyon abitè nasyonalite ak danje pou plizyè moun pa gen patri . An plis, Komisyon an fè konnen desizyon Tribinal Konstitisyonèl la TC/0168/13 – ki pibliye nan dat 23 septanm 2013 – montre aklè defi grav ki poze pou Leta dominiken an nan sa ki konsènen diskriminasyon rasyal ak diferan lòt dwa, tankou pa egzanp dwa nasyonalite, pèsonalite jiridik, non ak idantite<sup>386</sup>.
238. An 2019 CIDH kreye yon Gwoup travay sou Egzekisyon Politik piblik dwa moun nan peyi Dominikani. Gwoup sa te anchaje asire suivi rekòmandasyon ak angajman ki konsènen nasyonalite, migrasyon, politik pou batay kont tout kalite diskriminasyon, politik sou dwa fanm ak kesyon egalite ant fanm ak gason.<sup>387</sup> Nan Rapò anyèl li pou 2019, Komisyon an valorize pwogrè Leta a fè nan sa ki gen pou wè ak kat pilye ki endike yo. Li konsidere peyi a te respekte entegralman engajman li te pran yo apre fòmasyon Gwoup travay la. Enstalasyon Gwoup travay la vin reprezante yon zouti ki konplete pwosesis suivi rekòmandasyon ki konsènen sitiyoasyon dwa moun nan Dominikani. An plis, se te yon etap enpòtan nan egzekisyon Plan estratejik CIDH pou peryòd 2017-2021, nan sa ki gen pou wè ak ranfòsman enstriman suivi pou rekòmandasyon kòm angajman pou bay Sistèm entèameriken pou dwa moun lan jarèt<sup>388</sup>

---

<sup>382</sup> The New Yorker, Haitian Migrants Turn Toward Brazil, 20 août 2014.

<sup>383</sup> CIDH, Comunicado de prensa No. 97/13 - CIDH culmina visita a República Dominicana, Santo Domingo, 6 décembre 2013

<sup>384</sup> CIDH, Informe sobre la “Situación de derechos humanos en República Dominicana”, OEA/Ser.LV/II. Doc. 45/15, 31 de diciembre de 2015.

<sup>385</sup> CIDH, Informe Anual. Capítulo IV.B “República Dominicana”, 2016. CIDH, Informe Anual. Capítulo V “República Dominicana”, 2017. CIDH, Informe Anual. Capítulo V “República Dominicana”, 2018. CIDH, Informe Anual. Capítulo V “República Dominicana”, 2019.

<sup>386</sup> CIDH, Informe sobre la “Situación de derechos humanos en República Dominicana”, OEA/Ser.LV/II. Doc. 45/15, 31 décembre 2015.

<sup>387</sup> En particulier, le Groupe a identifié comme axes prioritaires l’adoption de mesures appelées à garantir la sécurité et l’intégrité des migrants et prévenir ainsi des expulsions et des déportations . Pour plus d’information, voir: CIDH, CIDH instala Mesa de Trabajo sobre Implementación de Políticas Públicas de Derechos Humanos en República Dominicana, Comunicado de Prensa No. 75/2018, 3 avril 2018.

<sup>388</sup> CIDH, Informe Anual. Capítulo V “República Dominicana”, 2019.

239. Nan kontèks depasman moun ant Ayiti ak Dominikani, CIDH pran nòt entèvansyon tou de (2) peyi yo ap fè ansanm pou yo jere defi ki devan yo. An 2021, prezidan Ayiti ak Dominikani siyen yon akò ki dekri angajman yo pran pou « elimine mouvman migratwa iregilye » e ranfòse sekirite ak siveyans sou fwontyè a<sup>389</sup>, pandan y ap veve pou gen transparans nan mezi konkrè pou pwoteksyon. Nan kad sa a, CIDH note annons Leta dominiken an fè sou konstriksyon yon mi sou tout longè fwontyè ant Ayiti ak Dominikani pou anpeche migrasyon, trafik dwòg ak sikilasyon machin ki vòlè<sup>390</sup>. Sou bò pa yo, òganizasyon dominiken k ap defann dwa moun esprime opozisyon yo an piblik kont mi sa a, paske yo konsidere l ap ankouraje senofobi ak rasis kont sitwayen migran ayisyen.<sup>391</sup>02

## 2. Relans mouvman depasman moun ki koumanse an 2018 e repèkisyon sou dwa moun ki pi enpòtan yo

240. Koumanse an 2018, mouvman depasman an rekòmanse. Nan sans sa a, jan CIDH dekri li nan rezolisyon No. 02/2021 sou « *Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an depasman : Solidarite entèameriken* », ogmantasyon konsekans fenomenn natirèl yo ajoute sou defi enstitisyonèl yo ak kesyon sekirite sitwayen yo, san bliye konsekans pandemi a, agrave danje yo nan kontèks depasman sitwayen ayisyen yo ak fanmi yo.<sup>392</sup> Nan fen lane 2020 an, dapre dènye chif ACNUR, te gen yon total 81 268 Ayisyen ki te mande azil, an plis 25 659 refijye ayisyen ak fanmi yo<sup>393</sup>.

241. An patikilye, mezi entèvansyon kont pandemi a te gen diferan enpak sou sitwayen yo nan kontèks depasman yo nan lòt peyi. N ap souliyen pi ba a mezi sa yo ki gen diferan repèkisyon sou gwoup migran ayisyen ak fanmi yo<sup>394</sup>, an nou souliyen sila yo : i) kloti ak ekstènalizasyon fwontyè yo ; ii) sispansyon pwosedi pwoteksyon yo; iii) defi pou sekirite sou fwontyè yo epi itilizasyon yon seri wout danjere; iv) akselerasyon pwosesis pou ekspilsyon osnon refoulman moun – tankou pa egzantp lè gen pakèt depòtasyon k ap fèt -, ak jistifikasyon ki baze sou nati espesyal kriz sanità a ; v) kondisyon retou ki enstab; vi) absans ak frajilite politik enklizyon ak pwoteksyon nan peyi tranzit ak destinasyon yo. Anvlamay kriz la an Ayiti depi 2018 ranfòse danje yo ak enpak baryè peyi tranzit yo enpoze epi entèvansyon yo fè pou fèmen fwontyè yo.<sup>395</sup>

<sup>389</sup> [Haití Libre, Haití - FLASH: 9 compromisos conjuntos entre Haití y la República Dominicana, 13 janvier 2021](#)

<sup>390</sup> [Haití Libre, Haití - FLASH: 9 compromisos conjuntos entre Haití y la República Dominicana, 13 janvier 2021.](#)

<sup>391</sup> [Presidencia República Dominicana, Declaración conjunta de la reunión entre el Presidente de República Dominicana, Luis Abinader y el Presidente de la República de Haití, Jovenel Moïse, 13 janvier 2021.](#)

<sup>392</sup> CIDH, Resolución N. 02/2021 "Protección de las Personas Haitianas en Movilidad Humana: Solidaridad Interamericana", 24 octubre 2021.

<sup>393</sup> ACNUR, News Comment by UN High Commissioner for Refugees Filippo Grandi on conditions and expulsions at US border, 21 septembre de 2021.

<sup>394</sup> Sobre estos efectos desproporcionales, ver ACNUR, News Comment by UN High Commissioner for Refugees Filippo Grandi on conditions and expulsions at US border, 21 septembre 2021.

<sup>395</sup> ACNUR, News Comment by UN High Commissioner for Refugees Filippo Grandi on conditions and expulsions at US border, 21 septembre de 2021

242. Nan kontèks sa a, depi agravasyon kriz politik la apre ansasinay Prezidan Ayiti a an jiyè, apre enpak katastwòf natirèl nan mwa dawout la, nou remake yon deplasman migratwa sitwayen ayisyen nan rejyon an ogmante, espesyalman sou fwontyè Sid Etazini. Fenomenn sa a te gen gwo konsekans sou dwa popilasyon an. Se kon sa pa egzanp nan dat 17 septanm 2021, gen yon kan migran ki fòme nan Del Rio, Texas, yon vil ki sou fwontyè a e ki gen yon popilasyon 14 000 abitan. Gwo majorite popilasyon sa a gen orijin ayisyen. UNICEF rapòte plis pase 40% se ti fi ak ti gason e yo antase youn sou lòt nan refij ki pa kòdyòm; yo bezwen sipò imanité elemantè.<sup>396</sup>
243. Sou baz manda siveyans li resevwa, nan yon kominike pou laprès li pibliye ansanm ak Rapòtè espesyal Nasyonzi an, CIDH kondane itilizasyon fòs san distenksyon kont migran ayisyen yo sou fwontyè Tekzas la.<sup>397</sup> An patikilye, li pran nòt kouman ajan fwontalye sou chwal deklannche yon fòs brital kont moun ki te nan kan sa nan dat 19 septanm. Videyo k ap sikile nan diferan medya montre kouman ajan yo t ap frape moun ak brid chwal la, t ap komèt lòt zak agresyon, – sa enkli fanm, ti fi, ti gason ak jenn jan, - san yo pa janm gen posiblite defann tèt.<sup>398</sup>
244. Nan sa ki gen pou wè ak migran ayisyen yo, CIDH la montre preyokipasyon li devan aplikasyon mezi refoulman masif sitwayen ayisyen an Ayiti pa avyon nan dat 25 septanm. Poutèt sityasyon sa a, gen milye moun yo ranmase osnon yo refole, osnon menm yo voye nan lòt zòn sou fwontyè Tekzas la, tankou El Paso, Laredo e El Valle del Rio Grande. Gen òganizasyon sosyete sivil la ki rapòte pa te gen kritè ak enfòmasyon estatistik detaye sou pwosedi sa yo.<sup>399</sup>
245. Nan kad deplasman jeneralize sa yo, CIDH la obsève te gen yon konbinezon faktè danje tankou kloti fwontyè apre mezi ki adopte pou jere pandemi a, dewoulman ajan sekirite ki aji san konsiderasyon pou yon bon itilizasyon balanse fòs e aplikasyon mezi ki mennen depòtasyon milye sitwayen ayisyen, aloske anpil ladan yo pa t gen okenn koneksyon ak peyi yo, e san preyokipasyon pou defi ki poze pou peyi k ap resevwa kòm sa dwa moun k ap retounen yo.
246. Nan sa ki konsène ogmantasyon kantite moun yo retounen Ayiti, CIDH esprime preyokipasyon li poutèt ogmantasyon aplikasyon mezi limitatif yo nan kontèks pandemi a ak frajilite enfraestrikti enstitisyonèl Leta ayisyen an pou resevwa moun y ap retounen yo. Kidonk, an 2021 – pandan yon peryòd sis (6) mwa sèlman – OIM anrejistre yon ogmantasyon preske 464% kantite moun yo retounen Ayiti ant premye ak dezyèm semès 2021. Se kon sa ant janvyè e jiyè, gen 2 956 moun yo retounen Ayiti nan avyon osnon nan bato. Sa vle di pandan dènye mwa menm ane a, gen 16 673 sitwayen

<sup>396</sup> ONU. UNICEF: Haiti children vulnerable to 'violence, poverty and displacement', 23 septembre de 2021.

<sup>397</sup> CIDH, CIDH y Relator Especial de ONU condenan uso excesivo de la fuerza y expulsiones contra personas migrantes de Haití, en la frontera sur de Estados Unidos, , 4 octobre 2021.

<sup>398</sup> CIDH, CIDH y Relator Especial de ONU condenan uso excesivo de la fuerza y expulsiones contra personas migrantes de Haití, en la frontera sur de Estados Unidos, , 4 octobre 2021.

<sup>399</sup> CIDH, CIDH y Relator Especial de ONU condenan uso excesivo de la fuerza y expulsiones contra personas migrantes de Haití, en la frontera sur de Estados Unidos, , 4 octobre d2021.

ayisyen yo retounen Ayiti.<sup>400</sup> Nan total sitwayen ayisyen yo retounen Ayiti nan avyon osnon sou bato nan fen 2021, preske 80% se moun ki soti Etazini, 9% soti Bahamas e rès la soti nan peyi tankou Kiba, Meksik ak Kosta Rika.<sup>401</sup>

247. Ogmantasyon kantite moun yo retounen depi Etazini koresponn ak aplikasyon Dispozisyon 42 ki pèmèt otorite migratwa peyi sa a aji rapid pou retounen moun sou baz pwoteksyon sante piblik la. Se dapre prensip sa a Etazini chase plizyè fwa migran ki t ap chache antre sou teritwa nan pwen teritwa a ki pa otorize. Dispozisyon sa a afekte sitou migran ki rive san viza.<sup>402</sup> Nan dat 1ye avril 2022, Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi (CDC) fè konnen koumanse nan 23 me 2022, Dispozisyon 42 a t ap anile.<sup>403</sup> Sou bò pa li, Depatman Sekirite nasyonal (DHS) fè konnen komanse nan dat sa a, li t ap retabli pwosedi ak pwotokòl ki te la anvan entwodiksyon Dispozisyon 42 a pou trete moun ki antre nan peyi a atravè fwontyè peyi a.<sup>404</sup>
248. Kanta pou itilizasyon wout danjere ak kwazman fwontalye ki pa gen sekirite, migran ayisyen yo vwayaje nan zòn kwazman fwontalye nan rejyon ki lwen e ki pa gen enfraestrikti pwoteksyon. Nan sans sa a, CIDH mete aksan sou zòn fwontalye ki rele *Tapon de Darien*, ki se yon rejyon kote gen anpil forè sou fwontyè ant peyi Kolonbi ak Panama. Se yon zòn kote ou jwenn plizyè faktè vilnerablite ki rankontre nan kwazman fwontyè a, tankou pa egzanp : kondisyon jewografik ak klimatik malouk, sant iben ki izole e prezans rezo kriminel<sup>405</sup>. CIDH remake nan zòn sa a yon ogmantasyon mouvman fanmi ak ti fi ak ti gason. Selon enfòmasyon OIM, plis pase 91 mil sitwayen ayisyen ta pase nan zòn Darien, ak yon pousantay ti fi ak ti gason k ap gwosi, soti 2% an 2017 pou rive 20% an 2021<sup>406</sup>.
249. Nan sans sa a, CIDH ap raple Eta yo gen obligasyon legal fè tou sa yo kapab pou evite vyolasyon dwa moun vin inevitab. Kidonk, peyi tranzit yo dwe anpeche vyolasyon yo e pwoteje dwa moun ki an depasman yo.<sup>407</sup> An patikilye, an akò ak rezolasyon 04/2019 : *Prensip entèameriken sou Dwa imen migran, refijye, moun san peyi ak viktim trafik moun*, CIDH ap mande Eta yo pou yo adopte mezi konkrè pou garanti dwa imen migran ayisyen yo pandan yo an depasman, e pou pran dispozisyon pou anpeche tout vyolasyon dwa sa yo. Mezi sa yo dwe prevwa disponiblite bon jan enfòmasyon sou teren an ak sou vwayaj la, nan lang li ansanm ak enfòmasyon sou diferan pasaj fwontalye nan zòn tranzit ak sou estasyon pou migran yo. Sa va anpeche eleman

<sup>400</sup> OIM, Migrants Returns and Reception Assistance in Haiti. janvier 2022.

<sup>401</sup> OIM, Migrants Returns and Reception Assistance in Haiti. janvier de 2022.

<sup>402</sup> Como anteriormente observado en: CIDH, [La CIDH expresa su preocupación por las expulsiones de personas en contexto de movilidad humana desde EEUU y México, y urge a los Estados involucrados a asegurar la protección efectiva de sus derechos](#), Comunicado de Prensa de 17 septembre de 2021.

<sup>403</sup> United States Department of Homeland Security, [Statement by Secretary Mayorkas on CDC's Title 42 Order Termination](#), 10 avril, 2022.

<sup>404</sup> CIDH, [CIDH y Relator Especial de ONU condenan uso excesivo de la fuerza y expulsiones contra personas migrantes de Haití, en la frontera sur de Estados Unidos](#), 4 octobre 2021.

<sup>405</sup> El País, [La selva del Darién, ruta de muerte para las personas migrantes haitianas](#), 8 août 2021.

<sup>406</sup> OIM. [More than 91,000 migrants have crossed Darien Gap on way to North America this year](#), 8 octobre de 2021.

<sup>407</sup> CIDH, [Derechos humanos de las personas migrantes y otras personas en el contexto de la movilidad humana en México](#), OEA / Ser.L / V / II. Doc. 48/13 30 décembre de 2013, par.. 356.

kriminèl k ap pwofite sitiyasyon vilnerablite popilasyon sa a komèt zak esplwatasyon. Eta yo dwe bay migran yo yon seri dokiman enfòmasyon sou : i) pwosedi migratwa ; ii) dwa ak responsablite migran yo ; iii) chwa opsyon pou evite migrasyon iregilye e iv) enstriman pou denonse move tretman e mande asistans pou tout longè pakou vwayaj migratwa.<sup>408</sup>

### 3. Pwoteksyon ak enklizyon migran ayisyen an tranzit

250. Nan sa ki konsène pwoteksyon ak enklizyon migran ki an tranzit yo, CIDH remake nan peyi kote migran ayisyen yo an tranzit, mezi enklizyon yo jeneralman fèb osnon yo pa egziste. Pa egzanp, OIM rapòte pa gen okenn peyi nan Amerik santral la ki gen politik pou bay migran ki an tranzit otorizasyon pou yo travay; kidonk, migran k ap chache travay nan rejyon an jeneral fè sa sou yon baz enfòmèl, sa ki kreye danje esplwatasyon nan travay ak lòt move tretman.<sup>409</sup>

251. Malgre konsiderasyon sa yo, CIDH ap souliyen li note peyi tankou Meksik, Brazil ak Etazini en bon pratik nan domenn nan. An patikilye, gwoup migran ayisyen ki travèse fwontyè nan Nò Meksik – espesyalman nan Tijuana -, rive jwenn yon sèten nivo enklizyon sosyal. Dapre enfòmasyon OIM, òganizasyon sosyete sivil la kreye refij pou akeyi migran yo. An plis yo ofri klas panyòl e yo ede yo chache kote pou yo rete, kouman pou yo jere demach migratwa yo e kouman pou yo entegre nan lavi chak jou nan vil la. Kon sa tou, ti fi ak ti gason migran yo enskri nan lekòl lokal yo e gran moun yo jwenn travay nan sektè enfòmèl la, osnon nan faktori.<sup>410</sup>

252. Nan mwa desanm 2020<sup>411</sup>, gouvènman peyi Brezil la mete sou pye yon sistèm kote li ofri viza ak otorizasyon rezidans pou pèmèt migran yo jwenn viza nan peyi kote yo soti osnon yo an tranzit. Gouvènman an renouvle dispozisyon sa yo nan mwa avril 2022<sup>412</sup>. Politik sa a, se rezilta plizyè migran ayisyen ki te vin prizonye nan men rezo k ap angaje nan trafik moun e ap pwomèt yo mennen yo Brezil. Viza imanità sa yo pèmèt Ayisyen travay e benefisyè menm dwa yo san diskriminasyon. Viza yo ofri yon chwa legal, transparan e pi ekonomik pase yon admisyon iregilye nan peyi a.<sup>413</sup> Nan dat 26 avril 2022, Brezil deklare sitwayen ayisyen osnon san patri ki soti Ayiti, ki sou teritwa brezilyen an, kapab mande otorizasyon rezidans pou de (2) lane nan kad yon akèy imanità. An plis, nan 90 jou anvan delè a fini, benefisyè pwogram lan ap kapab mande yon otorizasyon rezidans pou yon peryòd san limit, yon fwa li respekte kondisyon

---

<sup>408</sup> CIDH, [Principes interaméricains régissant les droits humains de toutes les personnes migrantes, réfugiées, apatrides et victimes de la traite des personnes](#), Res No. 04/2019

<sup>409</sup> OIM, [Migración extrarregional en las Américas: perfiles, experiencias y necesidades](#), 16 avril 2020, pág. 46.

<sup>410</sup> OIM, [Migración extrarregional en las Américas: perfiles, experiencias y necesidades](#), 16 avril 2020, pág. 54

<sup>411</sup> Brasil, [Portaria Interministerial No. 13](#), de 16 diciembre de 2020.

<sup>412</sup> Brasil, [Portaria Interministerial No. 29](#), de 25 de abril de 2022.

<sup>413</sup> OIM, [Humanitarian Visa Assistance-BVAC](#), 2021.

identifikasyon pèsònèl e li presize ki mwayen li genyen pou li viv sou teritwa brezilyen an.<sup>414</sup>

253. Nan sa ki konsène bon pratik pwoteksyon, nan mwa me 2021, Etazini deside pwolonje pou 18 mwa Estati Pwoteksyon Tanporè pou migran ayisyen yo, etandone divès preyokipasyon ki te genyen, tankou ensekirite sitwayen, boulvès sosyal, lamizè ak ogmantasyon vyolasyon dwa moun.<sup>415</sup> Estati sa a bay migran yo yon pwoteksyon tanporè kont depòtasyon e li pèmèt yo al travay e an plis, benefisyè yo gen otorizasyon vwayaje lòt bò dlo e retounen Etazini. Men, Estati Pwoteksyon Tanporè a pa pèmèt benefisyè fè demach pou jwenn rezidans pèmanan legal, osnon vin sitwayen peyi Etazini.<sup>416</sup>
254. Etandone konplèksite ak gravite defi estriktirèl ak aktyèl peyi a, konfli ant faktè istorik defi sa yo repwoudi ak repèkasyon estwòdinè sou popilasyon an, ansanm ak enpak sitiyasyon sa a sou dyaspora e sitwayen ayisyen ki an deplasman migratwa, CIDH ap raple nesosite pou Eta yo angaje nan yon aksyon kowòdone pou garanti pwoteksyon entegral dwa tout sitwayen ayisyen k ap deplase. Nan sans sa a, sou baz rezolisyon No. 04/2019 li a sou *Prensip entèameriken*<sup>417</sup> ak 02/2021 sou *Pwoteksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman: Solidarite entèameriken*, CIDH ap ankouraje Eta yo adopte mezi dirab ijan pou prevansyon e pou jere kesyon estriktirèl yo. Sa dwe fèt nan kad yon dyalòg ak kowoperasyon ak Ayiti, sa ki va pèmèt yon apwòch ki baze sou solidarite, responsablite, pataj e san diskriminasyon<sup>418</sup>

<sup>414</sup> Brasil, [Portaria Interministerial No. 29](#), de 25 avril 2022.

<sup>415</sup> AP News, [EEUU. Extiende nuevamente el estatus de protección temporal para los haitianos](#), 22 mai 2021. - Vayamos directamente a la fuente oficial

<sup>416</sup> Consejo Estadounidense de Inmigración, [Estatus de Protección Temporal: Resumen](#), 9 août 2021

<sup>417</sup> CIDH, [Principes interaméricains régissant les droits humains de toutes les personnes migrantes, réfugiées, apatrides et victimes de la traite des personnes](#), Res No. 04/2019.

<sup>418</sup> CIDH, [Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : solidarité interaméricaine.](#), Res No. 02/2021.





Chapit VII.

---

# Konklizyon Ak Rekòmandasyon

## KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON

255. Komisyon an ap fini rapò li aloske l ap rekonèt defi istorik ak estriktirèl ki make evolusyon entitasyonèl ak sosyal Ayiti. CIDH pran nòt faz enpòtan Ayiti travèse pandan dènye deseni sa yo pou rive konsolide yon demokrasi reprezantatif. CIDH anrejistre jefò sa yo nan rapò li prepare anvan yo.
256. Nan yon kontèks kote gwoup ak zam yo ap fè ensekirite sitwayen ap ogmante , kote manifestasyon ap anvlimen, kote vakyòm enstitisyonèl vin pi grav apre finisman manda lejislare yo epi ansasinay Prezidan Jovenel Moïse, CIDH ap repete kouman li enpòtan pou dyalòg politik la jwenn plis pwofondè e pou li enstitisyonize, sa ki va pèmèt diferan fòs ak sektè sosyal nan peyi a, ansanm ak dyaspora , rive jwenn yon antant pou reyalize objektif komen an ki se retabli e konsève enstitisyon Leta yo ak gouvènans demokratik peyi a, ranfòse kondisyon ki favorize jesyon kapasite Leta a pou li kapab jere menas k ap peze sou sekirite sitwayen poutèt gwoup ak zam yo. Objektif la tou, se pou Leta adopte mezi ki nesèsè yo pou asire pwoteksyon total kapital dwa fondamantal yo nan peyi a.
257. Komisyon an raple rapò sere sere ki egziste ant respè ak ranfòsman dwa moun, demokrasi ak devlopman imen ekonomik entegral. Nan sans sa a, li siyale, menm si konsolidasyon yon estrateji devlopman imen entegral se rezilta entevansyon plizyè aktè, se Leta ki gen pi gwo obligasyon asire pwoteksyon entegral dwa moun k ap viv anba jiridiksyon li. Nan kad sa a, CIDH ap obsève nesèsite pou sosyete sivil la patisipe nan konsepsyon ak aplikasyon politik piblik kòm zouti ki pral vin ranfòse lejitimite li ak efikasite li. Leta gen obligasyon tou pou li retabli konfyans piblik la nan enstitisyon yo.
258. Sou baz prensip, rekòmandasyon ak règ ki nan rezolasyon No. 02/21 : *Pwotweksyon sitwayen ayisyen pandan yo an deplasman : Solidarite entèameriken*, Komisyon an ap lanse yon apèl pi jeneralize bay kominote entènasyonal la, an patikilye bay Eta nan rejyon an, ansanm ak ajans sistèm rejyonal e inivèsèl la. Kidonk, CIDH ap envite aktè yo – nan respè souvrennte ak otodetèminasyon Ayiti – chache mwayen ki pi efikas e ki pèmèt plis patisipasyon pou yo adopte yon seri mezi ki pou konkretize prensip solidarite ak kowoperasyon nan tout faz idantifikasyon, elaborasyon ak egzekisyon inisyativ devlopman ak asistans nan peyi a. Pou reyalize objektif sa a, se pou gen yon apwòch ki pou pèmèt bati, sipòte ak ranfòse kapasite enstitisyonèl yo, rezo sosyete sivil la, ak politik piblik ki nesèsè pou kore estanda pwoteksyon nan Leta ayisyen..
259. Pou fini, an akò ak manda li, Komisyon an pare pou ede Leta ayisyen an jwenn tout asistans teknik li ka bezwen.
260. Dapre obsèvasyon sa yo e sou baz dispozisyon ki reglemante Sistèm intèameriken pou dwa moun, an patikilye atik 41.b Konvansyon ameriken sou Dwa moun, CIDH ap fòmile rekòmandasyon sila yo bay Leta ayisyen :

### Demokrasi enstitisyonèl

1. Adopte mezi nesèsè ki pou pèmèt diferan branch Leta yo fonksyone kòm sa dwa atravè : i) eleksyon lib e onèt dapre yon kalandriye ak règleman elektoral klè; ii) yon dyalòg reyèl ak patisipasyon tout pati ki konsènen yo; iii) elaborasyon yon seri mezi nòmatif ak akò ki limite espas entèvansyon chak branch Leta a. Tout dispozisyon sa yo dwe benefisye yon kowoperasyon pesifik pou remanbre tout ògàn, pwogram ak politik.
2. Retabli Konsèy elektoral pwovizwa ak ògàn elektoral pèmanan pou yo fonksyone kòm sa dwa ak disponiblite yon bidjè e adopsyon yon seri dispozisyon ki pou reglemante fonksyonman yo.
3. Garanti mezi pou pwoteje sekirite ak fasilite teknoloji nesèsè ki va pèmèt òganizasyon eleksyon regilye dapre yon kalandriye konstitisyonèl e legal nan tout nivo pouvwa a. Objektif sa a dwe reyalize ak sipò kowoperasyon entènasyonal e nan respè kad nòmatif entèn peyi a.
4. Mennen ak tout dilijans investigasyon sou ansasinay Prezidan Moïse pou detèmine kòz yo, idantifye moun ki responsab yo – kit se responsab materyèl, kit se otè entelektiyèl yo – e sanksyone legalman kòm sa dwa sou responsab zak sa yo ak otorite ki, vle pa vle, ta kapab konsidere responsab tou.
5. Bay enstitisyon ki anchaje pwoteksyon dwa moun jarèt e atravè pwogram ak politik piblik, garanti espas entèvansyon ak sèvis òganizasyon sosyete sivil la, gwoup ak moun k ap defann dwa moun.

### Sekirite sitwayen

6. Mete sou pye yon politik piblik sou sekirite ki chouke nan yon repons entegral pou jere defi teritoryal ak devlopman kominotè ki demontre gravite kriz ensekirite a. Politik sa a dwe gen direktiv ladan pou prevansyon, konwòl vyolans la, asistans pou viktim yo, ranfòsman rapò sosyal yo ak konfyans piblik viktim yo ak kominote vyolans la afekte.
7. Ranfòse Polis Nasyonal Ayiti a atravè apwobasyon yon bidjè kòrèk epi yon pwogram pwofesjonalizasyon ak fòmasyon nan domenn dwa moun ki konsidere kesyon egalite ant fanm ak gason. Tou sa dwe fèt ak sipò yon seri enstriman kowoperasyon

entènasyon pou aplikasyon bon pratik entènasyon. Komisyon an rekòmande tou pou yo ranfòse prezans fanm nan pòs kòmandman ak direksyon nan aktivite sekirite.

8. Mete sou pye yon sistèm endepandan ak yon patisipasyon sosyal responsab ki pou kontwòle aktivite lapolis la.
9. Mete kanpe yon estrikti kowoperasyon entènasyon ak lòt fòs polis ak sekirite nan domenn dwa moun ki pou ankouraje nan tèt ansanm yon echanj sou sa ki konsènen bon pratik, enfòmasyon, pwosedi ak operasyon. Nan sans sa a, Komisyon an rekòmande pou gen kowoperasyon entènasyon nan domenn sila a : i) investigasyon ak prevansyon krim nan kad yon apwòch ki egzamine zak kriminèl ak gwo zam e aktivite gwoup òganize nan peyi a; ii) Pwosedi ekstradisyon, blokay byen entènasyon yo ak lòt enstriman kowoperasyon espesyalize; iii) aksyon anrejistreman, kontwòl ak eliminasyon zam ilegal yo, lòt inisyativ dezameman.

### **Dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvironnmanal**

10. Ranfòse kapasite enstitiyonèl ògan ki anchaje prepare politik sosyal yo. Nan sans sa a, Komisyon an rekòmande Leta pou li konsewa epi egzekite politik piblik ki konsidere respè dwa moun e an patikilye, ki sible objektif sila yo : i) redistribye richès la pou diminye pwofondè inegalite a ; ii) korije mankman sou mache a ; iii) reyalize investisman ki nesèsè pou aplike kondisyon ki dwe egziste pou jwisans ak egzèsis entegral DESCA yo.
11. Ranfòse sèvis piblik lasante yo pou garanti disponiblite san restriksyon sistèm sante a nan kondisyon sekirite, ak pwoteksyon dwa travayè yo nan sektè sa a. Komisyon an rekòmande tou pou tabli yon estrateji transparan pou batay kont viris COVID – 19 la . Tout enfòmasyon ki konsènen pandemi a ak pwosesis vaksinasyon an ta dwe pibliye. Sa dwe fèt an akò ak rekòmandasyon nan rezolisyon 1/2020, 4/2021 e 1/2021 CIDH te adopte a.
12. Adopte lwa, mezi osnon politik piblik k ap pèmèt ranfòse rezistans popilasyon ayisyen an kont repèkasyon chanjman klimatik yo ak katastwòf natirèl yo. Komisyon an rekòmande tou pou kad nòmatif ak enstitiyonèl entèn peyi a adapte ak objektif ki se rekonèt ak pwoteje an priyorite dwa sitwayen yo pou jwenn dlo; nan kontèks sa a, adopte mezi ki nesèsè pou garanti kòm sa dwa disponiblite dlo potab e pou gen ase dlo pou tout moun.

13. Siyen ak ratifye Pwotokòl adisyonèl pou Konvansyon entèameriken sou Dwa moun nan domenn dwa ekonomik, sosyal e kiltirèl (Pwotokòl San Salvador), e Akò Rejyonal sou disponiblite enfòmasyon, patisipasyon piblik, e Disponiblite lajistis nan kesyon ki konsènen anvironnman nan Amerik latin ak Karayib la (Akò Escazú).

### Libète lapawòl

14. Rekonèt epi fè pwomosyon wòl fondamantal laprès nan sosyete demokratik yo. Sa vle di kondane ak fòs epi piblikman zak vyolans kont jounalis yo; pran angajman pou reyalize yon investigasyon sou atak kont jounalis yo k ap egzèse pwofesyon yo..
15. Bay fòs sekirite yo yon fòmasyon pou yo aprann respekte travay laprès pandan manifestasyon sosyal yo, e pou yo garanti yo p ap arete jounalis yo, ni menase osnon agrese yo , ni vyole dwa yo kèlkelanswa sikonstans yo paske y ap egzèse pwofesyon yo.
16. Fè investigasyon yo vanse epi sanksyone reskonsab krim ki fèt kont jounalis yo. Nan kontèks sa a, investigasyon dwe konsidere pwofesyon jounalis la kòm motif krim lan.
17. Asire disponiblite yon seri enstriman pou pwoteje jounalis yo k ap wè dwa yo vyole osnon ki konstate entegrite pèsonèl yo kapab nan gwo danje poutèt y ap fè travay yo nan simaye enfòmasyon.
18. Ankouraje, respekte e garanti prensip transparans ak redisyon kont. Bay fonksyonè yo fòmasyon sou enpòtans disponiblite enfòmasyon tankou yon dwa fondamantal pou tout moun e yon zouti kapital pou tout sitwayen k ap viv nan sosyete demokratik.

### Deplasman moun

19. Nan sa ki konsènen depasman andedan peyi a, adopte mezi lejislatif ak politik piblik ki pou pèmèt prevansyon ak diminisyon faktè ki lakòz moun blije ap deplase andedan peyi a; adopte mezi sa yo nan kowoperasyon ak ajans entènasyonal espesyalize yo. Nan sans sa a, Komisyon an rekòmande Leta a ak kowoperasyon entènasyonal la : i) asire depasman yo fèt ak sekirite; ii) garanti disponiblite asistans imanità; iii) dispoze refij ak lòt bon jan enfrastrikti, e iv) asire retou a fèt san pèdi tan.

20. Pou moun ki deplase pou lontan yo, nan kowoperasyon ak ajans entènasyonal espesyalize yo, mete priorite sou jefò pou jwenn solisyon dirab ki kapab kaba ak sitiyasyon deplasman tanporè sa a. Se poutèt sa li nesesè pou moun sa yo resevwa garanti pwoteksyon dwa yo genyen pou yo jwenn kote pou yo rete. Nan desizyon pou chwazi yon opsyon, yo dwe ka konte sou patisipasyon moun ak kominote ki afekte yo atravè disponiblite enfòmasyon ki pèmèt yo planifye kòm sa dwa.
21. Pou moun an deplasman nan lòt peyi, oryante politik etranje a pou ankouraje – nan kad yon kowoperasyon ak kominote entènasyona la e ak pweyi akèy e ak dyaspora - koneksyon ak kominote ayisyen lòt bò dlo, fasilite transfè lajan, laji pwogram ak estrateji deplasman pwofesyonèl, akademik ak syantifik, batay kont sitiyasyon k ap kreye danje ak vilnerablite, ak sipò rezo konsilè yo.<sup>419</sup>
22. Nan sa ki konsènen sitwayen ki retounen lakay yo, Leta ayisyen dwe asire y ap jwi menm dwa ak libète ki rekonèt nan dwa entènasyonal ak dwa entèn li pou lòt sitwayen nan peyi a. Dispozisyon sa yo, se pou jwenn mwayen ki fasilite retou volontè lakay li an sekirite e ak diyite, osnon nan rezidans nòmal li, epi rekonekte ak fanmi li yo.<sup>420</sup>

### **Kowoperasyon ak solidarite Kominote entènasyonal la**

23. Nan respè otonomi ak dwa otodetèminasyon pèp ayisyen an, travay nan yon kad kowoperasyon nan tèt ansanm ak patisipasyon ki konsidere ranfòsman enstitisyon dwa moun nan peyi a. Li bon tou pou yo koute Ayiti nan renovasyon ak yon nouvo fòmilasyon manda ajans entènasyonal yo sou teren an, espesyalman Biwo Integre Nasyonzi an Ayiti a.
24. Egzamine kreyasyon zouti ki pou pèmèt òganizasyon, biznis ak lòt ajans ki pa nan leta patisipe nan inisyativ ki benefisye popilasyon ayisyen an; veye tou pou zouti sa yo fonksyone nan kad nòmatif ki an vigè, san diskriminasyon e ak transparans e reskonsablite. Pami inisyativ kon sa, nou ka site sila yo : patisipasyon sosyal e nan travail, sikilasyon travayè; ; egzekisyon pwòje develòpman; disponiblite avantaj ak sèvis sosyal, laswenyay e edikasyon; asistans imanità e disponiblite vaksen nan kontèks pandemi COVID-19<sup>421</sup>.

<sup>419</sup> En conformité avec les dispositions adoptées par la CIDH dans sa résolution portant la cote [Résolution 02/2021 Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : solidarité interaméricaine.](#)

<sup>420</sup> En conformité avec les dispositions adoptées par la CIDH dans sa résolution portant la cote [Résolution 02/2021 Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : solidarité interaméricaine.](#)

<sup>421</sup> En conformité avec les dispositions adoptées par la CIDH dans sa résolution portant la cote [Résolution 02/2021 Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : solidarité interaméricaine.](#)

25. Nan aktivite rekouvreman, pataj ak distribisyon resous yo – san bliye resous ki soti nan asistans imanità - Eta yo dwe garanti pap gen diskriminasyon nan itilizasyon yo e objektif yo se ranfòse pwojè ak inisyativ ki dire lontan e ki gen yon enpak dirab nan domenn pwoteksyon dwa moun. Obligasyon sa a kouvri tout kesyon ki gen pou wè ak resous epi entèvansyon òganizasyon entènasyonal, antite prive ak lòt aktè interese ki pa nan Leta.<sup>422</sup>
  
26. Nan kad obligasyon solidarite ak kowoperasyon, mete sou pye yon estrikti kowoperasyon anchaje tretman dosye depasman imen ak pwoteksyon sitwayen ayisyen an depasman, pandan y ap egzamine zouti ki pou pèmèt rekonesans estati sitwayen refijye a, pwoteksyon konplèmantè, enstriman ki kreye pou rezon imanità, osnon enstriman ki pèmèt regilarize estati migratwa yo nan prensipal peyi destinasyon yo.<sup>423</sup>

---

<sup>422</sup> En conformité avec les dispositions adoptées par la CIDH dans sa résolution portant la cote [Résolution 02/2021 Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : Solidarité interaméricaine](#).

<sup>423</sup> En conformité avec les dispositions adoptées par la CIDH dans sa résolution portant la cote [Résolution 02/2021 Protection des personnes haïtiennes en mobilité humaine : Solidarité interaméricaine](#).